

Igitabu ca **2**: Intambuko zishikana kw'ikanguro



*Nimugume muri  
Yesu*

*Yesu Kristo avuga ati:*

*"Nimugume muri jewe, nanje ngume  
muri muwebwe"*

---

HELMUT HAUBEIL

---

Igitabu ca **2** Intambuko zishikana kw'ikanguro

*Ni mugume muri  
Yesu*

*Yesu Kristo ati:*

*"Ni mugume muri jewe nanje ngume muri  
mwebwe"*

---

HELMUT HAUBEIL

**Inzu y'iyandikiro yagisohoye (Publisher):**

TOP LIFE Wegweiser-Verlag, Wien  
Austrian Publishing House  
First edition in English October 2016

**Uwagikoze:**

Konrad Print & Medien, [www.konrad-medien.de](http://www.konrad-medien.de)

Fotos: Fotolia/Thinkstock:

© Leonid Tit, © Andrey Volokhatiuk, © Mykola Mazuryk, © jojjik

**Uwagicafe:**

Simon Eitzenberger, [agentur@desim.de](mailto:agentur@desim.de)

**Gushikira no kugira komande mu zindi ndimi:**

© Helmut Haubeil, Rosenheimer Str. 49

D-83043 Bad Aibling / Oberbayern – Germany

E-Mail: [helmut@haubeil.net](mailto:helmut@haubeil.net)

Phone +49 (0)8061 4900712

Igitabu cambere canditswe mu rurimi rw'Ikidagi.

Carashizwe mu ki Danois, mu Congereza, mu gi Korowasiya, mu Kirusiya no mu gi Serbiya, mu gi Ceke, mu Kindoneziya, mu Kifilipino, no mu ki Urudu Pakistani.

Birakwiye yuko coshirwa no mu zindi ndimi. Kubwivyo rondera H. Haubeil, kugira ngo haronderwe ubufasha.

**[www.steps-to-personal-revival.info](http://www.steps-to-personal-revival.info) – Aho urashobora gusoma, kuvana kuri internet ukarungikira umugenzi mu ndimi vyahinduwe mu ibitabu “Guma muri Yesu” hamwe na “Intambuko zishikana kw'ikanguro”.**

**Amakuru y'ukuntu umuntu yogira komande:**

Ku bindi, raba urupapuro rwa 2

Bibiliya yakoreshejwe:

The Holy Bible, New King James Version, Copyright © 1982 by  
Thomas Nelson, Inc.

All rights reserved.

Ni mugume muri Yesu

# AMAKURU KOMANDE

# Y'UKUNTU

# UMUNTU

# YOGIRA

## Inyandiko mu ndimi z'I buraya no mu Kirusiya

*Christa Medien GmbH*

Pulverweg 6

D-21337 Lüneburg (Germany)

Tel. +49 (0)4131 9835-580

[www.christa-medien.eu](http://www.christa-medien.eu)

und [www.christa-shop.eu](http://www.christa-shop.eu)

E-Mail: [info@christa-medien.eu](mailto:info@christa-medien.eu)

## Ubudagi no mu bindi bihugu

*Wertvoll leben*

Im Kiesel 3, D-73635 Rudersberg

[www.wertvollleben.com](http://www.wertvollleben.com)

Email: [info@wertvollleben.com](mailto:info@wertvollleben.com)

Phone: +49 (0)7183 - 3071332

Phone: +49 (0)7183 - 3099847

## Otrische (Autriche)

*TOP Life Wegweiser-Verlag*

Prager Str.287, A-1210 Wien/Vienna

[www.toplife-center.com](http://www.toplife-center.com)

Email: [info@wegweiser-verlag.at](mailto:info@wegweiser-verlag.at)

Phone +43 (0)13199301-0

## Otrische n'Ubudagi

*Adventist Book Center*

Bogenhofen, A-4963 St.Peter/Hart

[www.adventistbookcenter.at](http://www.adventistbookcenter.at)

Email: [info@adventistbookcenter.at](mailto:info@adventistbookcenter.at)

Phone +43 (0)2294000

## Ubuswise

*Advent-Verlag*

Leissigenstr. 17, CH-3704 Krattigen

[www.av-buchshop.ch](http://www.av-buchshop.ch)

Email: [info@adventverlag.ch](mailto:info@adventverlag.ch)

Phone +41 33 654 1065

## Filipine (Phillipines): Allan D.

Faina,

Email:

[allan@lightingtheworld.org](mailto:allan@lightingtheworld.org), SDA

church:

Fidela Herrera Subd, Bgy. Santol,

Tanza, Cavite-4108, Phones: (63)

926 054 1175

## Leta zunze ubumwe za Amerika

Remnant Publications

649 E. Chicago Rd

Coldwater MI, 49036

Phone 800-423-1319

or 517-279-13043

Web address for orders:

[www.remnantpublications.com](http://www.remnantpublications.com)

Available at your Adventist Book

Centers

## Kanada

*Lucas Jurek*

118 G First Avenue North

Williams Lake, BC

V2G 1Y8

Email: [lucasjurek@gmail.com](mailto:lucasjurek@gmail.com)

Mobile number: 250 983 - 2650

## Australie

*Colin Hone*

Booklets in English

[colin.hone@murrayhone.com.au](mailto:colin.hone@murrayhone.com.au)

**Filipine (Philippines)**

*Allan D. Faina*

Email: [allan@lightingtheworld.org](mailto:allan@lightingtheworld.org)

*SDA church*

Fidela Herrera Subd

Bgy. Santol, Tanza, Cavite-4108

Phones: (63) 926 054 1175

**ABASIGUZI MU****MAKARISHABWENGE**

**Leta zunze ubumwe za Amerika  
n'ibindi bihugu vyinshi:**

[www.spiritbaptism.org](http://www.spiritbaptism.org) – tangurira  
kuri uru rupapuro hanyuma utere  
uja hasi.

**Uburusiya**

*Source of Life Publishing House*

Vostochnaya St. 9, Zaoksky 301000

Tula Region, Russia

Tel. +78 73 42 01 01

[www.lifesource.ru](http://www.lifesource.ru)

**Ubudagi, Ostraliya, Ubuswise,  
ibihugu vy'I buraya:**

[www.steps-to-personal-revival.info](http://www.steps-to-personal-revival.info)  
– fyonda kuri German version –  
Kontakt page – scroll down

# Ni mugume muri Yesu

Yesu Kristo ati:

“Ni mugume muri jewe nanje  
ngume muri mwebwe”

HELMUT HAUBEIL

# Inzira y’umunezero wuzuye

## NI MUGUME MURI YESU

“Ni mugume muri jewe nanje ngume muri mwebwe” Kuguma muri Kristo bisobanura

- Gukomeza kuronka Mpwemu Wiwe,
- Ubuzima bwo kwiyegurira igikorwa ciwe ataco wisigarije.

E.G. White

*(Uwifuzwa ibihe vyose) Desire of Ages, DA 676.2*

Kuguma muri we si igikorwa dutegerezwa gukora nk’ibisabwa kugira ngo tunezererwe agakiza kiwe. Ahubwo ni ukumwemerera agakora vyose, muri twebwe, kandi aciye kuri twebwe. Ni igikorwa adukorera- ibiva mu bushobozi bwiwe bw’urukundo rukiza. Igikorwa cacu ni ukwitanga, kwizigira, no kumurindira kugira ngo ashitse ivyo yasezeranye.

Dennis Smith yasubiyemwo amajambo ya Andrew Murray mu gitabu ciwe yise “Imisi 40” (igitabu ca 2) – *Amasengesho no kuzirikana akangura ugushikirana kwawe n’Imana*, (R&H 2011), urupapuro rwa 35, Umusi wa 11. Ibi ni ivyigwa bizokwagurwa kuri iki cigwa muri aka gatabu: “Intabuko zijana kw’ikanguro”.

Turasaba ko wosubiramwo kandi gusoma ico gitabu cambere, naho ivyiyumviro bikuru vyasubiwemwo muri kino gitabu.

## IBIRIMWO

**11**

IKIGABANE CA 1

**INGABIRANO IRUTA IZINDI ZOSE YA YESU**

*Yesu yigishije iki ku bijanye na Mpwemu Yera?*

*Woba uzi ubutumwa bw'inkoramutima bwa Yesu?*

*Ni ibihe bikorwa vya Mpwemu Yera?*

**31**

IKIGABANE CA 2

**IYEGURIRE YESU**

*Kwiyegurira Imana bisobanura iki?*

*Noba nca ntakaza ubugombe bwanje nk'inkurikizi?*

*Canke nca ndushaho gukomera?*

*Ni iki kitubuza kwiyegurira Yesu?*

**52**

IKIGABANE CA 3

**YESU AGUMYE MURI WEWE**

*Ni ibiki bibanza imbere yuko Yesu aba muri jewe?*

*Yesu aba muri jewe azohindura ubuzima bwanje gute?*

*Igikorwa cambere gihambaye: Kwumva yuko unengesereye Imana.*

**79**

IKIGABANE CA 4

**KWUMVIRA BICIYE MURI YESU**

*Ni gute nobaho mu munezero wo kwumvira?*

*Ni ibiki biranga kwumvira mu bwizigirwa?*

*Kubera iki ari umunezero?*

*Ntukigere ukengera ubushobozi bwumuntu umwe bwo gufasha gutangura umuhari wa Mpwemu w'Imana mu buryo bw'inkomezi. Imana irashobora kuba iriko iraguhamagara mu gihe nk'iki.*

*(Soma: Esiteri 4: 14-16)*

**INGABIRANO IRUTA IZINDI ZOSE YA YESU**

*Yesu yigishije iki ku bijanye na Mpwemu Yera?*

*Woba umenyereye ubutumwa bukomeye bwa Yesu?*

*Mpwemu Yera afise ikihe gikorwa?*

*Ni kuki dukeneye ubufasha buturutse inyuma kugira ngo duhinduke mu ngeso?*

**Tugaruke ku “rukundo rwacu rwa mbere”**

Mushiki wacu umwe yaranyandikiye agira ati: Jewe n’umugenzi wanje turiko turiga igitabu c’*“Imisi 40”* ku ncuro igira gatatu tugikura-kuranya n’igitabu *“Intambuko zishikana kw’ikanguro”*. Imbere yuko turonka ico gitabu ukwizera kwacu n’ubuzima bw’amasengesho ntibwari uko bumeze ubu. Twifuje **kugaruka kandi ku” rukundo rwacu rwa mbere”**. Twararuronse! Turashima Imana n’imitima yacu yose. Ni igitangaza ukuntu Imana yacu y’urukundo yishuye amasengesho yacu n’ukuntu ihishura uburyo Mpwemu wayo ariko arakora- kuri twebwe no ku bantu turiko turasengera. M.S. Yesu yarinjiye mu bugingo bwacu.

Uwundi muntu yaranditse ku bijanye n’ibi bitabu ati: “... vyampindukiye umugisha uhambaye kandi nari ndindiriye igihe kirekire mu buzima bwanje. Nk’uko abizera benshi n’uwo mushiki wacu bavyiboneye, hariho ikintu bari barabuze igihe cose mu bijanye n’ukwizera kwabo kandi ubu bararonse ibakwe ryo kwibonera ukuntu **Yesu yinjiye mu bugingo bwacu** kandi akaba yaratanguye kuduhindura. Aracakora kuri twebwe kandi intambuko ku yindi, ariko aradukwegera hafi yiwe.” S.K.

**UMUHAMAGARO UDASANZWE WA YESU: NI MUSABE MPWEMU YERA**

Hariho umurongo udasanzwe wo muri Bibiliya Yesu yashimitsemwo cane mu kuduhamagarira gusaba Mpwemu Yera. Nta wundi murongo nzi atwingingana urukundo ngo twitwararike

nk'uko ikintu kandi tukibike mu mutima. Iyi mirongo iri mu vyigwa yigishije bijanye no gusenga muri Luka 11. Aho avuga ashimitse incuro 10 yuko dukwiye gusenga dusaba Mpwemu Yera. Luka 11: 9-13:

*“Nanje ndababwire: musabe muzohabwa; murondere muzoronka; muramutse muzokwugururirwa. Kuk'usaba wese ahabwa; urondera aronka; uramutsa yugururirwa. Kandi ninde muri mwebwe w'umuvyeyi, umwana wiwe yomusaba umutsima, akamuha ibuye; canke yomusaba ifi, akamuha inzoka; canke yomusaba irigi akamuha sikorupiyo? None ko mwebwe muzi guha ingabire nziza abana banyu muri babi, mbega So wo mw'ijuru ntazorushiriza rwose guha Mpwemu Yera abamumusavye?”*

Muri iyi mirongo mike Yesu yakoresheje irivuga “gusaba” incuro zitandatu; hanyuma arisubiriza mu buryo bwo gushimika irindi rivuga “Kurondera” incuro zibiri – ryerekana igikorwa, hamwe n'irindi rivuga “Kwuguruza” incuro zibiri, na ryo nyene ryerekana igikorwa.

Mbega yoba yerekana mu buryo buboneka yuko dukeneye kugira ico dukora kugira twuzuzwe Mpwemu Yera? Irivuga rya nyuma “gusaba” mu Kigiriki ryerekana igikorwa kibandanya. Ibi bisobanura yuko tudakwiye gusaba incuro imwe gusa, ahubwo ni uguhozako mu gusaba. Ngaha Yesu ntavuga gusa yuko gusaba ari ikintu co kwihutira, ahubwo yiteze yuko twama tubikora. Nta nkeka, yipfuzaga gukangura muri twebwe icifuzo ca Mpwemu Yera akoresheje ubu butumire bw'inkoramutima.

Ubu butumire bw'inkoramutima butwereka yuko Yesu yemeza yuko dushobora guhomba ikintu gihambaye, ari hamwe tutobandanya dusaba isukwa rya Mpwemu Yera. Yariko arerekeza amaso yacu mu buryo bugaragara ku kubona yuko ata gukekeranya dukeneye cane Mpwemu Yera. Muri ubwo buryo, yifuzaga yuko dukomeza kuronka ubutunzi bw'imigisha ya Mpwemu Yera.

Iki gice c'icigwa ciwe kw'isengesho ntigisanzwe. Mpwemu Yera ni yo ngabirano y'Imana iruta izindi zose – ingabirano izanana

n'izindi zose. Iyi ni yo ngabirano y'agahebuza Yesu yahaye intumwa ziwe nk'inkimenyamenya c'urukondo rwiwe. Ndashaka yuko dutahura yuko ingabire nk"iyo idashobora kwomekerezwa ku muntu. Ihabwa abo bonyene berekana icifuzo c'iyo ngabirano kandi bayikenguruka. Nabigize akamenyero kwama nsaba buri musi Mpwemu Yera nishimikije Yohana 7:37 *"Namba har'ufise inyota, n'aze kuri jewe anywe"*.

### **Mpwemu Yera ni we Soko ry'ubuzima bunengesereye**

Yesu avuga ko yaje kuri iyi si kubera iki? Yavuze ati: "Nanje jeha nazanywe no kugira ngo zironke ubugingo, kandi ngo ziburonge busagutse" Yohana 10:10.

Yesu yifuzaga yuko turonka ubu buzima bushasha ubu no kububandanya mu kindi gihe inyuma y'ukugaruka kwa Kristo nk'ubugingo budashira mu bwami bw'Imana.

Atwereka kandi yuko isoko y'ubugingo busagutse ari Mpwemu Yera: *"Namba har'ufise inyota, n'aze kuri jewe anywe. Unyizera, inzuzi z'amazi y'ubugingo zizotemba ziva munda yiwe nk'uko ivyanditswe bivuga. Arikw'ivyo yabivuze kuri Mpwemu, uwo abamwizera bagira bahabwe"* Yohana 7:37,38. "Inzuzi z'amazi y'ubugingo" – mbega icyo si cyo kigereranyo c'ubugingo bunengesereye?

### **Hari akarorero Yesu yoba yaratweretse akiri ngaha kw'isi ku bijanye n'ivyo?**

Turazi yuko Mariya yasamyeye inda ya Yesu biciye muri Mpwemu Yera (Matayo 1:18). Turazi yuko inyuma yo kubatizwa yasenze: *"Hanyuma Mpwemu Yera aramanuka amugwako afise ishusho y'umubiri usa n'uw'inuma"* (Luka 3: 22). Mwumva vyari bikenewe yuko umuntu yabayeho gutyo yama abatizwa umubatizo wa Mpwemu Yera buri musi? Ellen G. White agira ati: "Buri

---

<sup>1</sup> Ni vyiza gusenga umuntu akoresha amasezerano. Raba *"Intambuko zishikana kw'ikanguro"* Ikgabane ca 5

gitondo, yama aganira na Se ari mw'ijuru, akama aronka buri musi umubatizo mushasha wa Mpwemu Yera.”<sup>2</sup>

Yesu mu vyukuri yatubereye akarorero. Dukwiye kwibaza: Namba Yesu yama akeneye uguhemburwa kuvuye kuri Mpwemu Yera, none ni gute birushiriza kuba bikenewe kuri wewe nanje?

Intumwa Paulo yaratahura vy'ukuri umwitwarariko wa Yesu. Mw'ikete yandikiye ishengerero ryo muri Efeso, Paulo aremeza mu Banyefeso 1: 13 yuko bashizweko ikimenyetso ca Mpwemu Yera igihe bahinduka abizera. Muri Efeso 3:16-17 abatera umwete ngo bakomere muri Mpwemu, hanyuma muri Efeso 5:18, Paulo, nk'intumwa yemewe, ahamagarira abanyefeso na twebwe twese ati: “... mwuzure Mpwemu” “ni wame wuzuzwa Mpwemu Yera kandi uhozeke”<sup>3</sup>.

Turabona yuko iki ari ikintu umuntu akeneye buri musi. Birakenewe cane ku buzima mu vya Mpwemu no ku gukura kw'umukristo kwama buri musi umuntu yuzuzwa Mpwemu Yera.

Mu gitabu *c'Imigani ya Kristo*, havuga ngo: “*Imana ntivuga ngo Saba rimwe, hanyuma uzoronka. Iraturarikira gusaba. Ata kudendebukirwa, shishikara gusenga. Gushishikara gusaba gutuma uwusaba agira inyifato ishikamye, kandi icifuzo co kuronka ico yifuza kikagwira.*”<sup>4</sup>

Icigwa c'Ishure ry'Isabato yacu kivuga ngo: “Umubatizo wa Mpwemu Yera usobanura kuba rwose mu bubasha bwa Mpwemu Yera – kugira ngo ube wujijwe rwose nawe. Ibi si ibintu biza umwanya umwe, ahubwo ni ikintu gitegerezwa kwama cisubiriza, nk'uko Paulo abivuga mu Banyefeso 5:18 nk'uko umwanya wakoreshajwe mu kigiriki uvyerekana ku rivuga “kwuzura”.<sup>5</sup>

## **Amajambo ya Yesu yo gusezerana Mpwemu Yera**

---

<sup>2</sup> White, E.G. *Signs of the Times*, November 21, 1895, par. 3

<sup>3</sup> Pub.. Werner E. Lange, *Unser größtes Bedürfnis* (Lüneburg, 2011), p. 42

<sup>4</sup> E. G. White, *Christ's Object Lessons* (1900), p. 145.3

<sup>5</sup> Sabbath School Study Guide July 17, 2014

Mu majambo yo gusezera ya Yesu, yabahaye umunezero n'amahoro mu kubabarira yuko Mpwemu Yera azoza mu kibanza ciwe. Yarerekenye ibikorwa vya Mpwemu Yera muri Yohana 16:7-14.

*“Ariko jewe ndababwira ukuri: Ikizogira ico kibamarira n’uko jewe ngenda; kuko ni ntagenda, umwitsa ntazozza kuri mwebwe: ariko ni nagenda nzomubarungikira... Uwo ni yaza azohinyuza ab’isi, abemeze ivy’icaha, n’ivy’ukugororoka, n’ivy’amateka; ivy’icaha; kuko batanyizeye, ivy’ukugororoka kuko nja kwa Data, kandi namwe muzoba mutakimbona, ivy’amateka, kuk’ umwami w’isi aciriwekw’iteka.*

*Nari ngifise vyinshi vyo kubabwira ariko ntimushobora kuvyihanganira ubu. Arik’uwo Mpwemu w’ukuri ni yaza, azobarongora abahitse ku kuri kwose, kukw’atazovuga ivyo yigeneye, arikw’ivy’azokwumva vyose ni vyo azovuga, kand’azobamenyesha ibigira bize. Uwo azoshimagiza jewe, kukw’azokwabira ku vyanje, akabibamenyesha.”*

### **Inyishu y’ingirakamaro**

Yesu yabariye abigishwa biwe ikintu gitangaje: *“Ikizogira ico kibamarira n’uko jewe ngenda.”* Ibi bisigura yuko inyishu nshasha, ko ari kumwe natwe **biciye** muri Mpwemu Yera, ari ingirakamaro kuruta yuko Yesu yiberaho ubwiwe. Muri ubwo buryo, ntaho adashika, ariko arashobora kuba hafi y’umuntu uwari we wese, aho yoba ari hose.

### **Kuyobora uvana mu kutizera no gukekeranya ujana mu kwizera Yesu**

Mpwemu Yera afise igikorwa co kwugurura amaso isi. Kandi mbega si isi yo mw’ishengero mu buryo bumwe? Mpwemu Yera yugurura isi amaso. Ni we wenyene ashobora kwugurura amaso ya Lawodikiya. Arakangura icifuzo c’Imana mu bantu b’isi n’icifuzo c’imigenderanire yo hafi na hafi mu bakristo b’akazuyazi, kubera atwereka icaha kizana ibindi vyaha: *“Kubera batanyizera”*. Mbega

urizera Yesu? Intimatima yo kwizera ni ukwizigira. Ikimenyetso c'uko twizera kandi twizigira vy'ukuri Yesu ni igihe tumwiyeguriye rwose. Ni ikibazo co kwitanga burundu, mu bushake bwacu bwo kumukurikira mu kintu ic'ari co cose.

### **Gukizwa no gutsindanishirizwa biciye mu kwizera**

Atwugurura amaso ku bijanye no kugororoka kwa Kristo. Igihe Yesu yaduga mw'ijuru, ikimazi ciwe caremewe na Data. Aho rero ibidashoboka vyaciye bishoboka, na cane cane yuko Imana yagaragaje urukundo ariko kandi ikagaragaza yuko igororoka. Mpwemu Yera ashaka kutwugurura amaso kuri uku kuguranya: Yesu yikoreye ivyaha vyose vy'abo bamwiyeguriye maze agaca abaha ukugororoka kwiwe. Ivyo bijanye n'inyigisho yo ku ntimatima ya Bibiliya: ukuguroroka kubwo kwizera.

### **Mpwemu Yera atwereka ico Imana igiye gukora**

Mpwemu Yera atwugurura amaso kugira tubone yuko *umwami w'isi yamaze gucirirwako iteka*. Satani yarirukanywe mw'ijuru. Iherezo ryiwe riri hafi. Iyo turi muri Kristo, ntashobora kutugirira nabi, naho twogwa mu bigeragezo kandi tukaba abanyantegenke ngaha kw'isi. Muri 1Yohana 5:18, havuga ngo: *“Turazi yuko umuntu wese avyawe n'Imana adakora ivyaha, ariko umwe yavyarwa n'Imana aramuzigama, kandi wa Mubi ntamukorako.”* Uguhindura uwo tugira umwami kuronka ikibanza mu buzima bwacu. Yesu yifuzza kudukiza adukure mu vyaha kandi aturinde ibitero vya Satani. (Raba ubusobanuro ku numero ya 6)<sup>6</sup>.

Ku rundi ruhande, Mpwemu Yera arifuzza kwugurura abantu amaso ngo babone ko urubanza rushitse. Nta numwe azosimba urwo rubanza, kiretse yemeye agakiza.

---

<sup>6</sup> Iki cigwa gihambaye kiri mu gice ca 4 c'igitabu ca Dennis Smith *Imisi 40* volume 2 “Amasengesho no kuzirikana mu kunagura imigenderanire yawe n'Imana”

S'umugambi w'Imana na gato ko abantu bizera kubera ubwoba bw'urubanza. Ariko rero, kumenya yuko urubanza rugira ruze kurashobora gufasha abantu benshi kwihana. Koba ari akarenganyo ari hamwe tutokwerekera abantu ibigiye gushika. Ibi ni ibintu bidufasha gufata ingingo.

### **Aduha gusobanukirwa ukuri**

Mpwemu Yera azotuyoborera mu kuri kwose. Aratubohora tukava mu kwihenda no gukwegwa n' ibinyoma. Vyongeye aratuyobora ngo tumenye ukuri ku bitwerekeye, kugira ngo kubw'ubufasha bw'Imana dukosore inzira zacu aho hose bikenewe.

“Umwitsa yitwa “Mpwemu w'ukuri”. Igikorwa ciwe ni ugusobanura no gukomeza ukuri. Aba ubwambere mu mutima nka Mpwemu w'ukuri, aho rero aca ahinduka Umwitsa. Hari ukuremeshwa n'amahoro mu kuri, ariko nta mahoro y'ukuri canke ukuremeshwa bishobora kubonwa mu kinyoma”.<sup>7</sup>

### **Yugurura ugutahura kwacu kwa kazozo**

Mpwemu Yera afise igikorwa co kudutangariza ibintu vyo muri kazozo. Nk'akarorero, Yesu ubwiwe yaravuze mu buryo butomoye ivya kazozo muri Matayo 24. Ariko Mpwemu Yera afise igikorwa co kuduha umuco urushirije kuri kazozo. Iyo tumuhaye ikibanza, arashobora kutwugururira ubuhanuzi. Mbega si igitangaza kubona ariya makete indwi yo mu Vyahishuwe mu gice ca 2 n'ica 3 hasozererwa n'iri jambo rya Yesu rivuga ngo: “*Uwufise amatwi yo kwumva ni yumve ico Mpwemu abwira amashengero.*” Ivyahishuwe 2:7. Yesu arongera akerekeza uyu muhamagaro kuri twebwe, ishengero ryo mu misi ya nyuma, ngo dutegere amatwi Mpwemu. None twoba tubikora?

### **Atuma Yesu aba uwagaciro kanini kuri twebwe**

---

<sup>7</sup> E. G. White, *The Desire of Ages* (1898) p. 671.1

Mpwemu Yera ashira hejuru Yesu. Iyo twuzuye Mpwemu Yera, Yesu azoba uwagaciro kanini kandi azoba uwuhambaye kuri twebwe. Ugushima gukomeye kuzotangura kuba muri twebwe.

### **Inkomezi biciye muri Mpwemu Yera**

Yesu yaravuze ku gikorwa ca Mpwemu Yera mu majambo yiwe ya nyuma. Mu kubasezera, yaravuze ati: “*Ariko muzohabwa ubushobozi Mpwemu Yera ni yabazako. Muzoba ivyabona vyo kunshingira intahe i Yerusalemu n’i Yudaya hose n’i Samariya no gushitsa ku mpera y’isi*”. Ivyakozwe 1:8. Ikindi gikorwa ca Mpwemu Yera ni ukuduha ububasha kugira ngo dushobore kumushingira intahe.

“*Kristo yaratanze Mpwemu wiwe nk’ubushobozi bw’Imana bwo kunesha ingeso za kamere n’izavuye ku kamenyero ko guhengamira ku caha, kugira ngw’ ashire ingeso ziwe kw’Ishengero ryiwe.*”<sup>8</sup>

Ubushobozi burakenewe kugira ngo twitoye indero mu vy’itungamagara. Don Mackintosh, umuyobozi w’intango nshasha mu vy’amagara (NEW START) muri Weimar muri Leta Zunze ubumwe za Amerika avuga ati: “*Ico dukeneye ni amakuru ku bijanye n’amagara meza hamwe n’ubushobozi bwo kubishira mu ngiro. Bijanye n’ubushobozi bwo guhinduka.*”<sup>9</sup> Aha bifatanye n’ubushobozi bw’ubutumwa bwiza, na cane cane ubushobozi bwa Mpwemu Yera. Dushobora kwereka abandi inzira igihe natwe ubwacu turiko turayicamwo. Turashobora kuvuga mbere n’imigisha y’agaciro ya Mpwemu Yera. Ico umuntu atokekeranyako ni uko umugisha w’akaburarugero uturindiriye.

### **Gushira mu ngiro ibijana n’Ivugurura**

---

<sup>8</sup> White, E. G. *The Desire of Ages* (1898) p.671.2

<sup>9</sup>David Fiedler, *D’Sozo* (Remnant Publications), Forward

Turamaze igihe dusengera ivugurura. Si ikibazo co gusenga gusa, ariko nk’uko Mark Finley abivuga, ni kandi “...ugushira mu ngiro ivyo bibiliya ivuga kw’ivugurura.”<sup>10</sup>

Ikanguro mw’Ishengero rivana n’ikanguro rya buri muntu ku giti ciwe. Kubw’ivyo ndabatumiye mufate intambuko zijana kw’ikanguro. Ibi bijana ku buzima bw’inkomezi kandi bwuzuye, ku buzima bw’ukuri kand bw’umunezero bwo kwizera.

### **Kubera iki hakenewe umutima mushasha?**

Yesu yabariye za nkumi cumi z’ibijuru ati: “Sinigeze mbamenya”. Iki ni co catumye batemererwa kwinjira mu bukwe, n’ukuvuga mu bwami bw’Imana. Impamvu kwari ukubura amavuta. Hari ikintu cari kibuze mu buzima bwabo bwo mu vya Mpwemu.

Ijambo “abakobwa b’bijuru” ryerekeza ku ngeso z’abo bantu **batararonka ihinduka ry’ukuri mu mitima yabo biciye mu gikorwa ca Mpwemu Yera.**

Dufise kameremere y’icaha. Turikunda, yamara ukwo kwikunda kuratubangamiye. Kubera yuko ata muntu yikunda azoja mu bwami bw’Imana, uguhinduka mu ngeso kurakenewe ata gukekeranya. Ijambo ry’Imana riratwereka yuko umuntu wese ashobora kuja kuri Yesu ukw’ari. Ariko kandi turazi yuko ata n’umwe azoguma uko ameze.

**Mumenye ko inkumi z’ibijuru zitazi Imana kubera yuko zitigeze zegurira ubuzima bwazo igikorwa ca Mpwemu Yera.**

“Agakiza kacu ntikavana n’ivyo twamenye, ahubwo kavana n’uwo twamenye... (Yohana 17:3). Ivyo tuzi birahambaye, ariko tutagiraniye na Yesu imigenderanire ikiza umwe wese ku giti ciwe, turageragezwa kandi kw’iherezo tuzoranduka. Gutahura ivy’Imana biratandukanye no kugiranira ubucuti n’ubugenzi bwimbitse bwo mu mutima”.<sup>11</sup>

---

<sup>10</sup> Mark Finley, *Revive us again*, p. 26

<sup>11</sup> D. Smith, *40 Tage – Vertiefung deiner Gottesbeziehung*, (40 Days: Prayers and Devotions

Iyi ni yo mpamvu mu vy'ukuri yatumye Yesu atwinginga ngo dusabe Mpwemu Yera ubudasiba. Woba usenga buri musu kandi wiyegurira Imana rwose kandi usaba mu kwizera ugusukwa kwa Mpwemu Yera? Mu gice gikurikira, Yesu aratwerekaga ingingo nshimikiro ku bijanye n'ubushobozi buhindura bwa Mpwemu Yera mu buzima bwacu.

### **Yesu avugaga kuri Mpwemu Yera mu mugani w' umwambiro**

Muri uyu mugani, Yesu yavuye ku bijanye n'ubushobozi buhindura bwa Mpwemu Yera. Iyo usomye ubwambere uyu mugani, ntushobora kwiyumvira yuko ushobora kuba ufite isano na Mpwemu Yera. Turashobora gusoma umugani w'umwambiro muri Luka 13:20-21. *“Yongeraga kuvugaga ati: ‘Ubwami bw’Imana ndabushushanyeye n’iki? Busa n’umwambiro umugore yabiriye akawuvanga n’ingero zitatu z’ifu, gushika aho iri bututumbire yose.’”*

Umwambiro ukoreshejwe mu gukora ubwoko butandukanye bw'imitsima. Iyo ivanzwe n'ifu, ica itangura gututumba, bigaca bituma igikanda coroha kandi kiremuruka. Muri ubwo buryo uca utuma umutsima ugira akanovera keza ku muntu awuriye. Yesu yashakaga gutuma ingingo zimwe z'ubwami bw'Imana ziba izitomoye kuri twebwe biciye muri uwo mugani. Muri uwu mugani, bijanye n'igikorwa gitangaje kibandanya, gitangura ari gito, ariko kikagira iherezo ritangaje nk'uko havugaga ngo: *“gushika aho iri bututumbire yose.”* Yesu ashakaga kurema ukwitanga kwiwe muri twebwe avaneho ukwikunda kwacu.

Ku ruhande rumwe, nibaza yuko Yesu ashakaga kwerekana ubwaku bw'ubutumwa bwiza kw'isi. Naho ubutumwa bwiza bwatanguye ari buto, buzoruhira kunyengereta mw'isi yose.

---

*to Revive Your Experience with God*), (Wien, 2013), p.112

Ku rundi ruhande, Yesu ariko aratwerekana ukuntu ububasha buhindura bw’Imana bukora muri twebwe biciye muri Mpwemu Yera. Avuga muri Luka 17:20-21 ati: *“Ubwami bw’Imana ntibuzozza bwerekanwa. Kandi ntibazovuga ngw’Ehe ng’ubu, canke bati Nguburiya, **kuk’ubwami bw’Imana buri muri mwebwe.**”*

Dusubiye muri ico gihe, ubwami bw’Imana bwari muri bo biciye muri Yesu. Ubwami bw’Imana butangurira mu buzima bwacu iyo twakiriye Yesu nk’Umwami n’Umukiza wacu. Iyo tugumye muri we, nawe akaguma muri twebwe, aho rero Yesu ni yagaruka ubwami bugaragara buzoba butanguye kuri twebwe. Muri uwu mwanya, dukeneye kuraba ubwami bw’Imana bukurira muri twebwe biciye kuri Yesu ari muri twebwe, kandi Yesu ashobora kuba muri twebwe biciye kuri Mpwemu Yera. Aha hari icigwa gihambaye co muri uwo mugani:

### **Ububasha buhindura bukora mu gacerere**

Umwambiro *“wakoreshejwe mu kugereranya ubwami bw’Imana. Werekana ukwihuta, n’ububasha bw’ubuntu bw’Imana buhindura.”*<sup>12</sup> *“Ihinduka rikorwa na Mpwemu Yera wenyene”*<sup>13</sup>. Bifitaniye isano ngaha n’ubushobozi bw’imbere bushobora kunyengerera mu kintu cose kandi bukaduhindura rwose. Muri iyo nzira, Imana yifuza ko habaho ihinduka ryiza ry’ingeso zacu biciye muri Mpwemu Yera.

Bibiliya iratwerekana yuko ugusukwa kwa mbere kwa Mpwemu Yera gushobora rimwe na rimwe guherekezwa n’ibituma vyumvikana nugutwi kandi bibonekera amaso. Yamara, ingeso zihinduka mu gacerere- mu gihe twuzuye Mpwemu Yera. Gushika igihe tuzobona yuko ihinduka ryiza ryabayeye muri twebwe.

Ellen White agira ati: *“Umwambiro uvanzwe mw’ifu ukora mu buryo butaboneka utuma irobe ryose ritutumba; uko ni ko umwambiro w’ukuri ukora mw’ibanga, mu gacerere, ariko*

---

<sup>12</sup> E.G. White *Christ’s Object Lessons* (1900), p. 95.3

<sup>13</sup> E.G. White *Christ’s Object Lesson* (1900), p. 96.2

*buhorobuhoro uguhindura umutima. Kamere uhengamiyeko iroroshwa kandi ikaneshwa. Ivyiyumviro bishasha, ibigumbagumba bishasha, ivyifuzo bishasha bishinga imizi. Urugero rushasha rw'ingeso rushirwaho – ari bwo buzima bwa Kristo.*

*Ivyiyumviro birahinduka; ubushobozi bukavyukira gukora mu zindi nzira. Umuntu ntahabwa ubushobozi bushasha, ariko ubwo asanganywe burezwa. Umutima n'ubwenge birikangura. Duca duhabwa ingeso zidushoboza gukora igikorwa c'Imana.”<sup>14</sup>*

Kubera iki Imana iduhindura mu gacerere, mu buryo butumvikana gushika igihe bigaragara? Hoba hakenewe akanya k'agacerere kugira habe ihinduka nk'uko ku bidukikije bimera igihe vyikangura mu **gihe c'agatasi**? Ibiterwa binini, akarorero nk'ivoka, bikura kenshi bukebuke. Imana yoba idushira ku munzane muri ubwo buryo kugira ngo irabe ko dufise vy'ukuri icifuzo ca Mpwemu Yera? Yoba igeza ukwizera kwacu?

### **Ububasha buhindura ingeso zacu buturuka hanze – ntiburi muri twebwe**

Ubwa mbere dukwiye kubona yuko: “*Ariko umuntu ntashobora kwihindura akoresheje ubushake bwiwe. Nta bushobozi afise bwo gukora iryo hinduka. Umwambiro – **Ikintu gituruka rwose hanze**- utegerezwa gushirwa mw'ifu imbere yuko uguhinduka kuronderwa gukorwa muri yo.”<sup>15</sup> Iyi ni ingingo ihambaye. Yesu atwereka ngaha yuko dukeneye ubushobozi buvuye hanze yacu kugira habe ihinduka ry'ingeso. Twari dukwiye kubona amajambo ya Yesu nk'ikibazo gihambaye kubera yuko avuga ati: “**ntaco mubasha gukora mutamfise**”. Yohana 15:5.*

Iyi mpanuro ihambaye ya Yesu iranyuranye rwose n'ivyigishwa uyu musu. Vyaba ivy'abigisha kugira imico runtu, vyaba ibindi vyiyumviro vy'abantu, canke iyindi mice y'uburezi, bashimikira ku kuvuga yuko ubushobozi bwo kwiteza imbere buri

---

<sup>14</sup> E.G. White, *Christ's Object Lessons* (1900) p. 98.3

<sup>15</sup> E.G. White *Christ's Object Lessons* (1900) p. 96.2

muri twebwe. Bakavuga yuko bukenewe gukangurwa muri ubu buryo canke mu bundi. “Kwimenya ko ushoboye” na vyo nyene biravugwa. Intumwa Paulo arivuga kandi twese niko turi, agira ati: “Ariko ndazi yuko muri jewe, mu kameremere kanje ata ciza kimbamwo” Abaroma 7:18.

Bibaye bimeze ukwo vyoba bimaze iki “Kwimenya ko ushoboye”? Turashobora kubisoma muri 2 Timoteyo 3:1. “*Hazobaho ibihe bigoye mu misi y’iherezo.*” Ukwikunda kuzoba kwarashinze imizi. Kuri twebwe ntaco bimaze kwimenya ko ushoboye, ahubwo hakenewe kumenya yuko “Kristo ashoboye”. Igihambaye n’uko Mpwemu Yera aba muri twebwe kandi akaduhindura tukaba beza.

Umuntu umwe yaranditse ati: “Igihe nasoma ca gitabu gitangaje kivuga ngo “Intambuko zijana kw’ikanguro”, naciye ntangura gusaba Yesu buri musu ngo ampe Mpwemu Yera. ... Biraruhisha cane. Ivyiyumviro vyanje vyararushirije kwegera Yesu kandi nabonye agaciro kanje muri We ...” Twebwe ubwacu nta bushobozi na bumwe dufise bwo guhindura ingeso zacu. Butegerezwa kuva hanze. Nico gituma Yesu yadukebuye muri Luka 11: 9-13 ko dukwiye gusaba Mpwemu Yera, mu vyukuri dukwiye kwamizako mu gusaba Mpwemu Yera.

Igihe Yesu yar’akiri ngaha kw’isi, yama buri musu yuzuzwa Mpwemu Yera. Kuri twebwe birakenewe kuruta. Iyo niyumviriye ku vyo Imana yama yifuza kuduha biciye muri Mpwemu Yera, nca niyumvira yuko Imana yacu y’igitangaza yama yifuza kutugumbira buri gitondo. Nka kurya abubakanye bama bagumbirana buri gitondo.

E.G. White avuga ku bijanye n’uwu mugani agira ati “*Imico n’indero isi ishobora gutanga ntibizoshobora guhindura umwana yaheneberejwe n’icaha ngo acike umwana w’ijuru. Inguvu zihindura umuntu zikamugira mushasha zitegerezwa kuva ku Mana. Ihinduka rishobora gukorwa biciye muri Mpwemu Yera honyene. Abo bose*

*bazokizwa, abaciye bugufi n'abahambaye, abakene n'abakire, bategerezwa kwicisha bugufi kugira ubu bushobozi bubakoreremwo.*"<sup>16</sup>

Sir Winston Churchill, umushikiranganji wa mbere wo mu Bwongereza mu gihe c'intambara ya kabiri y'isi bivugwa yuko yoba yaravuze ati: "Ibintu vyose ubu turabitegeka havuyemwo ikintu kimwe: abantu. Yavuze ukuri. Abantu ntibashobora guhindurwa n'abantu gusa. Kugira ngo ivyo bibeho, ubushobozi buvuye hanze y'iyi si burakenewe. Ni ubushobozi bw'Imana bushobora gukora muri twebwe biciye muri Mpwemu Yera.

Reka tubivuge mu ncamake: Ububasha buhindura ingeso zacu butegerezwa kuboneka buvuye hanze yacu. Kubera yuko Ijambo ry'Imana ritubarira yuko umuntu w'imbere agirwa mushasha umusi ku musu (2 Ab'I Korinto 4:16) birahambaye cane kwama dusaba buri musu – ibintu vyambere vyoiza mu gitondo – gusaba mu kwizera Mpwemu Yera.

### **Mpwemu Yera atangura igikorwa mu mitima yacu hanyuma agakorera hanze.**

Icigwa gikurikira gihambaye Yesu yigishije mu mugani w'umwambiro, ni iki: "Nk'uko umwambiro iyo uvanganijwe n'ifu ukora uherye imbere ukaja inyuma, uko ni ko bimera mu kugira umutima mushasha igihe ubuntu bw'Imana bukora bugahindura imibereho.

*Nta hinduka ry'inyuma ryoba rihagije kugira tube mu bucuti n'Imana. Hari benshi barondera kuvugurura biciye mu gukosora izi canke izindingeso mbi, kandi bakizerayuko muri ubwoburyo bazohinduka abakristo, ariko baba bahereye mu kibanza kitari co. Igikorwa cacu cambere ni ic'umutima."*

*"Kuvuga yuko umuntu yizera no kugira ukuri mu mutima ni ibintu bibiri bitandukanye. Kumenya vyonyene ukuri ntibihagije. Turashobora kukugira, ariko ivyiyumviro vyacu bitahindutse.*

---

<sup>16</sup> White, E.G. *Christ's Object Lessons* (1900) p. 96.2

*Umutima utegerezwa guhinduka no kwezwa. Umuntu agerageza kwitondera ivyagezwe vy’Imana kubera yuko ari itegeko gusa – kubera asabwa gukora gutyo- ntazokwigera yinjira mu munezero wo kwumvira. Ntiyumvira. Igihe ivyo Imana isaba bifatwa nk’umutwaro kubera biteye kubiri n’aho umuntu ahengamiye, ushobora kumenya yuko ubwo buzima atari ubuzima rukristo. Ubukristo bw’ukuri ni ugukora kugaragara inyuma kw’itegeko ntabanduka riva imbere.”<sup>17</sup>*

Ralph Luther agira ati: Yesu yaranse rwose kwemera ukwizera kwinyifato gusa y’idini, kugasiga imibereho idahindutse gushika ku muzi.<sup>18</sup>

Mu gitabo “Uwifuzwa ibihe vyose” dusoma ngo “Mpwemu Yera ni impwemu y’ubugingo bwa Mpwemu mu mutima. **Guhabwa Mpwemu ni uguhabwa ubugingo bwa Kristo.** Iha uwumuronse uturanga twa Kristo. Abo bonyene bigishijwe n’Imana, abo Mpwemu Yera yakozze igikorwa muri bo kandi mu buzima bwabo ubuzima bwa Kristo bukaba bwigaragaza, bategerezwa guhagarara nk’abaserukizi, bagakora mu kibanza c’Ishengero.”<sup>19</sup>

Dushaka tuvuge mu ncamake ivyigwa bihambaye Yesu yigishije ku bijanye na Mpwemu Yera:

- Ubushobozi buhindura bwa Mwemu Yera budukoreramwo mu buryo butumvikana n’ugutwi. Tubona gusa ivyavuyemwo.
- Ubushobozi buhindura butegerezwa kuva hanze yacu.
- Ubushobozi buhindura buhera mu mitima yacu hanyuma bugakora buja inyuma.

Ndakwinginze usome ikigabane kijanye n’umugani w’umwambiro mu gitabu c’Imigani ya Yesu. Caramfashije cane.

## **Amajambo ya nyuma ya Yesu: Tega ugutwi Mpwemu Yera**

---

<sup>17</sup> White, E.G. *Christ’s Object Lessons* (1900) p.97.1-3

<sup>18</sup> Ralph Luther p. 71f, zitiert in O.S.von Bibra, *Der Name Jesus* (Wuppertal, 1964), p. 98

<sup>19</sup> White, E. G. *The Desire of Ages* (1898) p. 805.3

Woba uzi amajambo ya nyuma Yesu yavuze avuye mu cubahiro ciwe mw'ijuru abwirwa Ishengero ryo mu gihe ca nyuma?  
“Uri n’ugutwi ni yumve ico Mpwemu abwira amashengero”  
Ivyahishuwe 3: 22. Yesu arahamagara umwe wese ngo atege ugutwi  
Mpwemu Yera kandi iki ni co twifuza gukora.

### **Mpindura!?**

Mbega Yesu yompindura vyukuri? Reka dufate igicapo ciza cane nk’akarorero. Agaciro kaco ntikava ku bikoresho bikigize. Gusa igicapo gito, rimwe na rimwe kidakoze neza, gishitse mu minwe y’umuhinga kirashobora guhindurwa kikaba igicapo c’agaciro. Dufise kamere y’icaha. Birakenewe gusa yuko ico gikoresho gihingurwa n’umuhinga ahambaye. Yesu yifuza gukora ivyo kandi arashobora kubikora. Arashobora kukurema no kundema uguhinduka umuntu amuhesha icubahiro. Wiyegurire Imana rwose buri musu mu biganza vyawe kandi usabe mu kwizera Mpwemu Yera. Uzotangazwa n’ivyo ashobora kugukorera, muri wewe kandi biciye muri wewe.

### **Igishingantahe c’umwigisha hamwe n’umwe mu banyeshuri biwe**

Igihe agatabu “*Intambuko zijana kw’ikanguro*” canditswe na H. Haubel catangwa mw’ishengero ryanje haracye nk’umwaka, naragisomye mu kanya gato cane. Igihe nagisoma nagiranye imigenderanire n’Imana kuruta ibindi bihe vyose – ibi vyarantagaje kandi vyaranteye umwete.

Mu mpera z’igitabu, nahabonye izi mpanuro ngo: “Ubushakashatsi mu vy’uburezi bwerekanye yuko bikenewe gusoma canke kwumviriza kuva ku ncuro zitandatu gushika kwicumi icigwa gikomeye gushika aho umuntu ashobora kugitahura neza.”

Aya majambo yo gutera umwete yarankebuye: “Gerageza n’iburiburi incuro imwe. Ibizovamwo bizotuma unyurwa.”

Nashatse kwibonera ivyo kandi nkiri ku ncuro ya gatatu yo gusoma, vyarantsinze kandi numva urukundo rwinshi rw'Umukiza wacu, uwo nari narifuje ubuzima bwanje bwose. Mu mezi abiri gusa, nari maze guheza kugisoma incuro zitandatu kandi ivyavuyemwo vyari vyiza.

Vyari bimeze nk'uko nashobora gutahura uko bishobora kumera iyo Yesu aje hafi yacu hanyuma tukihweza mu nyonga ziwe zitagira akarohe, z'ubugwaneza kandi z'urukundo.

Guhera aho ukabandanya, sinifuza kubaho ntafise uwo munezero mu Mukiza wacu. Iyo nikanguye mu gitondo, mba namaze kwifuza umwanya wo guhimbaza Imana wo mu gitondo kugira ngo nsubire kuronka ukunywana n'Imana kandi ku murango nasengera mu gacerere ngo Mpwemu Yera amfashe mu vyiyumviro vyanje mu gihe nganira n'abandi, akarorero kanje, no mu gihe nigisha nkavugana n'abandi.

Igihe umwana yifuza kwitabwaho kandi akavyerekana, Imana yarampaye inkomezi n'ubwenge kugira nshobore kuvyifatamwo neza. Kuva ico gihe, imisi yanje y'ibikorwa yama yuzuyemwo umuremyi. Aramfasha mu buzima bwanje bwa buri musi. Kuva aho ndasenga mu gitondo no hagati yayo nsaba ugusukwa kwa Mpwemu Yera. Bisa n'uko uri hafi y'ijuru kandi ushobora gutangura guhonja ukuntu kubayo bizoba bimeze.

Igihe nasoma igitabu, icyumviro caranjemwo c'uko nabo bakwiye gusangira nanje ivyo nacyemwo. Nigisha abana bari hagati y'imyaka 10 na 15 mw'ishure ryacu ry'Abadivantiste Eliya muri Vorarlberg, muri Otrische. Narasenze Imana ngo impe akaryo. Vuba cane mu nyuma nararonse ikintu gitangaje ku kuntu Mpwemu Yera ashobora gukora mu mitima y'abantu.

### **Ruffia w'imyaka 13 na Mpwemu Yera**

Vyatanguye umwaka umwe imbere yuko nsoma igitabu ku vya Mpwemu Yera. Umunyeshure mushasha yaje kw'ishure ryacu hanyuma mu misi mike, izinga ryacu ry'amahoro ryahindutse

icumba c'ingwano. Uwo muhungu yari afise imyaka 13 ico gihe – ni we yari akuze mu bana bose kandi afise inguvu nyishi. Ibintu vyinshi vyizwe muri uwo mwaka w'ishure, kandi vyazanye ivyamwa bitangaje vyameze nk'ibizimangana igihe. Reka tumureke avyivugire: “Igihe naza muri iri shure, sinamenya ibindindiriye. Ku musu ugira kabiri ndi muri iryo shure, narigenjeje, ntangura kugwana n'umwe mu banyeshure twigana. Naramukubise kandi naramurusha inguvu cane, ndamutuka kandi sinashaka gusubira kumubona.

Mu nyuma narabonye ikosa ryanje hanyuma ndamusaba ikigongwe, nk'uko nama ndaabikora muri kahise. Inyuma y'ivyo naraganiriye n'umuyobozi w'ishure. Mu mezi yakurikiye hari ikintu catanguye gukoreka muri jewe. Biratangaje kubona yuko ico kintu catanguye gusa ico gihe kandi kandi nari umwana w'umupastori. Natanguye kumarana umwanya munini na Yesu.”

Niyumviriye yuko uwo musore yarakeneye kurushiriza kwitwararikwa. Yari azi ukuntu yananiwe, akicuza, kandi agasubira akagerageza, ariko ntiyaronka intsinzi y'umwanya munini mu nkomezi zive ubwiwe. Ubwambere, vyari bigoye yuko haca umusi umwe atagwanye, ariko bukebuke vyagiye biba vyiza. Inyuma y'amezi 6 avuga yuko yibaza ko ari amasengesho yamuzanye hafi y'Imana.

Muri ico gihe yatanguye gusenga asaba inkomezi mu gitondo. Gukunda kuraka no kugwana bitangura kutamuzako kenshi. Amezi 11 yaraheze kuva igihe aziye kw'ishure kandi twarashobora kubona ihinduka. Ariko ishavu ryiwe, indahiro zive yatuntumukana hamwe n'ingumu zive twarabona ko rimwe na rimwe bimutoroka ntashobore kubirengera. Yari kamere – yaragerageza gutsinda muri kamere yiwe n'ubwenge bwiwe akabishobora rimwe na rimwe, ahandi naho akananirwa. *Amasengesho yacu har'ico yari yashitseko ariko ivyiyumviro vyive ntivyari bwabe ibigororotse kandi yari akibuze ubushobozi bwa Mpwemu bugira umuntu mushasha.*

Biba bimaze iki iyo umuntu abona amakosa yiwe, akagerageza kwifata hanyuma mu kanya gakurikira akananirwa kandi? Igihe nabona yuko nihebuye, naciye ndonka ico gitabu nababwiye. Caje mu gihe gikwiye. Naciye mbona ikintu twari tubuze. Bwari ubushobozi bwa Mpwemu Yera. Ntitwari twaranamusavye ngo adufashe.

Kuva igihe ubutumwa bwankorako bwo mu gitabo “*Intambuko zijana kw’ivugurura*” nararonse utuguvu two kubaza uwo muhungu ko yoba arigera asaba Mpwemu Yera. Yanyishuye ati Oya nta na rimwe. Naciye ntangura kumukundisha ico gitabu. Ariko sinakimuhaye. Yategerezwa kubanza kucifuza. Hanyuma vuba yahavuye ansaba ico gitabu.

Yarasubiriye aravuga ati: “Muri Munyonyo 2012, mwigisha yarampaye igitabu “*Intambuko zijana kw’ivugurura*”. Naciye ntangura kugisomana umwete. Muri ico gihe, sinari bwamenyere igikorwa ca Mpwemu Yera.” Mu musu umwe yari amaze kurangiza ibigabane bibiri hanyuma aca ambaza incuro maze kugisoma. Yaciye atangura kandi gusoma ibigabane kandi aca ashaka gukora ivyo ico gitabu gisaba: kugisoma incuro 6 gushika ku ncuro ya 10.

Kuva ico gihe vyinshi vyarahindutse. Kuva muri Kigarama 2012 ukabandanya, ntihongeye kwongera kubaho ukugwana no gushwana. Ivyo vyarangoye kubitahura. Abahungu yahora akubita igihe cose bahindutse abagenzi kandi barumvikana.

Yari yahindutse rwose – afise indero nziza kandi ari umurwaneza, umunyamahoro kandi yarahevyeye kamere yo gusinda. Abanyeshure bigana baremeza yuko Imana iriko irakora. Yararetse ngo Imana ikorere muri we. Urashobora kubona ivyamwa buri musu. Kubw’icubahiro c’Imana nshaka kuvuga yuko uwo muhungu yafashe ingingo yo kubatizwa muri Ruheshi 2013. Iyo hataza kuba Mpwemu Yera ...

Kwihangana, kwitwararika n’ibiyago vyinshi vyari kubishikako, ariko vyamaze akanya gato. Imana yategerezwa kugira

ico ikora no kunyigisha yuko ari Mpwemu wayo atuma ibidashoboka bishoboka.

Uyu muhungu ni yashika mw'ijuru, nzomenya yuko ari Imana yabikoze. Igihe ubwenge bwanje bwari bwananiwe, hanyuma nkahava ntahura yuko ntashobora kumuyobora, aho niho Imana yatanguye gukora kuri we. Vyarandemesheje kubona yuko ata ngorane nimwe idashoboka ku Mana.

Umusaza umwe yicaye ku kiraro c'i Londres ariko aravuzza igitari ciwe. Yari afise udukeri duke mu nkofero yiwe. Umuntu yaramuciye iruhande hanyuma aragaruka abwira uwo mugabo: Impa icyo gicurarangisho cawe umwanya muti. Yaciye atangura gucuraranga neza cane ku buryo abantu benshi bahagaze kugira ngo bumvirize. Vyatumye mbere hatara akajagari k'uruja n'uruza mw'ibarabara. Uwo muntu yitwaga Niccolo Paganini, umuhinga rurangiranwa mu kuvuzza igitari. Ni ahawe guhitamwo namba ugomba kuvuzza igitari ubwambere mu buzimabwawe canke ni waba wifuzaga gushira ubuzima bwawe mu biganza vya Databuja mukuru.

Isengesho: Data uri mw'ijuru, urakoze kubera ingabirano yawe y'agahebuza ya Mpwemu Yera. Ndakwinginze umparire kuba nkengera Mpwemu Yera. Guhera ubu mfasha kumuha agaciro. Ndagusavye kuduza buri musu urugero ku rugero rushasha. Ndakwingize umpindure namwe nsaba buri musu Mpwemu Yera. Yesu yarasaba buri musu Mpwemu Yera. Ndakwinginze umfashe gukurikiza akarorero kiwe.

IYEGURIRE YESU

*Kwiyegurira Imana bisobanura iki?  
Noba nca ntakaza ubugombe bwanje nk'inkurikizi?  
Canke nca ndushaho gukomera?  
Ni iki kitubuza kwiyegurira Yesu?  
Ni iyihe migisha ijana no kwiyegurira Imana?  
Vyoba bihagije kwiyegurira Imana incuro imwe gusa?*

Kwiyegurira Imana rwose ni urufunguruzo kugira ununtu aronke agakiza, avuke ubwa kabiri, aronke intsinzi ku caha no ku bigeragezo, aronke kandi ukunengesera kwa Mpwemu Yera.

*“Abo bishuza Kristo iserano yavuze, bakegurira imitima yabo Imana ngo iyizigame, ishira ku rutonde imibereho yabo, bazoronka amahoro n’ihumure. Nta kintu co mw’isi kizobashavuzwa igihe Yesu abahaye umunezero mu kubana nabo. Mu kwumvira gushitse, hari uburuhukiro bushitse.”<sup>20</sup>*

Mpwemu Yera ni ingabire iruta izindi zose Yesu yahaye abigishwa biwe. Imana ntiyari gutanga ingabire iruta iyo. Mpwemu Yera ni ingabirano izana izindi ngabirano zose. “Yamara co kimwe n’irindi sezerano, itangwa habanje kwuzuzwa ibisabwa. Hariho benshi bizera kandi bavuga yuko bishuza amasezerano y’Uhoraho, baravuga ivya Kristo na Mpwemu Yera, ariko nta nyungu babikuramwo. Ntibeguriye umutima ngo urongorwe kandi utegekwe n’Imana.”

Mu kuronka iyo ngabirano hari ibibanza gusabwa. Twama tuvuga Kristo na mpwemu Yera ariko ntituronke umugisha n’umwe. Kubera iki? **Ntitumwiyegurira burundu**, kugira ngo

---

<sup>20</sup> Desire of Ages, p. 331.2

turongorwe kandi tuyoborwe nawe. Benshi ntibiyeguriye burundu Imana – kubera kenshi ubutamenya- ahubwo bafashe ubuzima bwabo mu biganza vyabo. – Iyi irashobora kuba ari yo mpamvu hari ugukena Mpwemu Yera. Ni co gituma hari iki cigwa kivuga ngo: Iyegurire Yesu.

### **Igishingantahe**

Nari umudandaza, mfise imyaka 3, igihe umugenzi yari umupastori, yapfa gaturumbuka. Ibi vyazanye ikibazo mu bwenge bwanje: ni iki coshika ari hamwe Imana yompamagarira kuba umupastori? Sinashaka ivyo na gato. Iyinga ryose nagwanye intambara mbi. Narahaririye n’Imana mu gitondo, ku murango no mw’ijoro. Umwanya wose nayisigurira impamvu ntashaka kuba umupastori n’ico ahubwo nashobora gukora. Inyuma y’indwi, nokwemeza yuko Imana itumvise ukwanka kwanje. Igihe napfukama iruhande y’igitanda, ntagifise ikindi cireguzo mvuga, mu bwenge bwanje haje icyumviro: **Imana irankunda**. Hanyuma ndiyumvira nti Egome, ibi ndavyizera.

Inyuma y’iminota mikeya, ukwizigira urukundo rw’Imana kwanyoboreye **kwiye gurira** Uhoraho ataco nisigarije. Inyuma y’ivyo nabaye mu mahoro menshi. Ivyakurikiye, Imana yarampamagaye inyuma y’umwaka n’igice kuba umupastori. Uyu musu ndacayishimira cane. Urukundo n’ubwenge bwayo bitagira iherezo vyaranyeretse iyindi nzira itandukanye rwose n’iyo nari mfise mu vyiyumviro vyanje.

Iyo nsubije amaso inyuma, ndabona neza yuko uku kwiyegurira Imana kwazanye imigisha ikomeye mu buzima bwanje. Imana yanyoboye uburyo bwiza bwa mbere mu buzima bwanje.

### **Igishingantahe**

Mu ntango z’umwaka wa 2014, naguma nibaza nti: “Yesu azombarira umusi umwe ati: “Sinakumenye?” Noba ndi umwe wo mu nkumi z’ibijuru?” Iki cyumviro sinashobora kucihanganira,

kubera yuko nifuza ubugingo budashira buva ku Mana, ariko kubera ibintu vyinshi mu buzima bwanje, nama mfise ijwi rinyagiriza ikibi kandi sinama mu nzira nziza. Amahirwe n'uko naronse ibitabu bibiri, icitwa – “*Intambuko zishikana kw'ikanguro*” hamwe n'ikindi citwa “*Guma muri Yesu.*” Maze kubisoma incuro yambere, nabonye yuko hari ikintu categerezwa guhinduka mu buzima bwanje. Narasomye ivyo bitabu incuro nyinshi kugira ngo nshobore gutahura vyukuri ikintu cose. Ikigeretse kuri ivyo, numvise igishingantahe ca mushiki wacu w'umukristo w'ukuri, yahindutse umukristo mu mezi make yari ashize.

Ubu ndazi atagukekeranya yuko mu ntango y'umwaka “naganzwa n'akameremere” kandi iyo mba narapfuye, Yesu yari gutegerezwa kuvuga ati: “Sinigeze ndakumenya”. Imana ishimwe ku bw'ivyo bitabu vyanyeretse uburyo bwo guhinduka umukristo “aganzwa na Mpwemu.”

**Biciye mukwiyegurira Yesu rwose, Imana yarashoboye guhindura rwose ubuzima bwanje mu kiringo c'ukwezi kumwe gusa.** Ubu mvyuka isaha icumi n'inusu mu gitondo kwiga Ijambo ry'Imana. Mu nkomezi zanje gusa, ibi ntivyari gushoboka kuvyiyumvira – itiro cari ikintu gihambaye kuruta. Nsenga mu buryo butandukanye – nuzuye Mpwemu Yera. Ndasaba Uhoraho buri musu ico ashaka ko nkora uyu musu. Kandi Imana iranyishura. Nama buri musu ntumira Mpwemu Yera ngo abe kandi akorere mu mutima wanje. Mfise ivyiyumviro bitomoye kuruta kandi nambara nk'umupfasoni. Ikindi sinkikunda kurya umwanya wose.

Ivyo ntivyari kunshobokera mu nkomezi zanje. Ndashobora guhangana n'ibigeragezo vya buri musu kandi nkaguma mu mahoro simpungabane, kandi uguhagarika umutima ntibituma niyumvamwo umururazi. Umugabo wanje nawe aramaze kubona ihinduka muri jewe, inyuma y'indwi zitatu. Yaravuze ati: “Ntukivuga amajambo akarishye.” Iyo ndiko ndiga Bibiliya nca ngira ibibazo vyinshi cane, ivyo ntari narigeze ngira imbere yaho. Ubu nshaka kwimba ngeze kure. Mu gihe giheze, Mpwemu Yera

yaranyoborera rimwe na rimwe gutanga ibishingantahe. Ubu binshikira buri musu. Sinkeneye kubanza “gutegura amajambo”, Imana irampa amajambo abereye, kubera ni we amenya umuntu turiko turavugana. Naho ncumura rimwe na rimwe, Imana irampa kubona neza icaha nakoze. Ndashobora kwihana hanyuma nkahindura inzira yanje.

Maze gushika ku gutahura yuko ataco nokwishoboza ntari kumwe na Yesu kandi yuko nkeneye kubana na Kristo mu ntambuko yose y’ubuzima bwanje. Ndamaze kubona kandi yuko igihushane c’ubwibone (ukuntu ndi mwiza, ukuntu nshobora gukora ibintu neza) ari ukwicisha bugufi, ari kwo kunyereka neza yuko tutari kumwe na Yesu ata kintu na kimwe ciza twashobora gukora.

Imana yarampaye kandi inkomezi zo guhagarika kunywa ikawa. Imbere yaho, ivyo ntawoshoboye kuvyiyumvira. Kubera mpevyeye kunywa ikawa, naragwaye ukumeneka umutwe imisi itanu yose. Ubu sinshobora kwibaza ingaruka zashobora kunshikira. Ico nzi gusa nuko ntashaka kubisubiramwo kandi. Uyu musu, sinkivyifuza.

Nahuye n’ibisa n’ivyo ku bijanye n’inyama. Jewe n’umuryango wanje ntitwari bwigere twiyumvira guheba inyama. Uyu musu biroroshe kuri jewe, sinkizifuza. Ico nahindukiriye mu buzima bwanje ni icifuzo gikomeye co kwifuza ubugingo budashira no kubona yuko ata kindi c’ingirakamaro kuruta umucunguzi wanje Yesu Krsto. Ukwo ingaruka zomera kwose.

Ibivugwa muri Ezekiyeli 36:26-27 ni ukuri: Yesu azoduha umutima mushasha n’impwemu nsha. Yesu ashaka kutugira abantu bubahiriza ivyagezwe vyawe kandi bakabikora. Haracye imyaka icumi, nararwanye n’izindi ngorane, ariko biba ivy’ubusa. Sinashobora kuvyishoboza. Yesu yashaka kubikora muri jewe, yari akeneye gusa ubushake bwanje. Ellen White yanditse ati “Umuntu wese yifuza gushika mw’ijuru akoresheje ibikorwa vyawe mu kwumvira ivyagezwe ariko aragerageza gukora ikintu

kidashoboka.” Ibi nivyo naaje nacyemwo imyaka 35. Mu bwenge ndemeranya n’ivyagezwe, ariko sinashobora kuvyitondera. Yesu gusa arashobora gukora iciza muri jewe, araduha icifuzo c’ivyiza n’ibintu bizima akadukuramwo icifuzo c’ibintu bibi.

Uyu musu, ndashobora kwemeza ibivugwa mu Baroma 8:14 ngo: “Abarongorwa na Mpwemu w’Imana ni bo bana b’Imana”. Uko uwo murongo uvuga, ntegerezwa gusaba buri musu, buri saha, nkamizako nsaba Mpwemu Yera kugira ngo abe muri jewe – kubera umugwanizi atigera asinzira.

Yesu yaravuze muri Matayo 10:37 ati: “Ukunda se canke nyina akabandutisha, uwo ntaba ankwiyeye; kand’ukunze umuhungu wiwe cank’umukobwa wiwe akabandutisha ntaba ankwiyeye.” Nakomeje kugira ivyiyumviro yuko ivyo bidashoboka. Ubu ndazi yuko iyo Yesu aba mu mutima wanjye, aho rero Imana ihambaye y’amasu n’amajuru yose ikorera muri jewe kandi biciye muri jewe kandi irashobora kubungabunga abana banje n’umuryango wanjye kuruta rwose uko jewe nobikora. Imana yonyene ni yo ishobora vyose kandi izi vyose kandi nshize amanga ndashobora gushira ubuzima bwanje mu biganza vyayo buri musu, izokora ikintu cose ziza – ikurikije ubwenge bwayo n’integuro yayo. M.M.

### **Kwitanga – Kubera iki?**

Ijambo “Kwitanga” canke kwiyegurira Imana rirasigurwa neza mu gitabu gutumbera Yesu ca E. G. White: “*Imana yifuza kudukiza, kutubohora. Ariko kubera yuko ivyo bisaba guhinduka kwuzuye, ugusubira kugira kamere yacu nshasha, dutegerewa kwitanga rwose kuri we. Ashira imbere yacu uburebure bw’igihagararo bw’imigisha yifuza kudushitsako biciye mu buntu bwiwe. Aradutumira ngo twitange, kugira ngo akore ubugombe bwiwe muri twebwe. Hasigaye kuri twebwe guhitamwo namba tuzobohorwa tukava mu buja bw’icaha, kugira dusangire umwidegemvyo w’icubahiro w’umwana w’Imana.*”<sup>21</sup>

---

<sup>21</sup> E. G. White, *The Desire of Ages*, 672.1

Ukwitanga kwacu ku Mana kuzana umugisha mwinshi. Imana iduhamagarira kwitanga kuri Yo, kubera ko **yifuza** kudukiza no kutubohora. Mu biki?

Mu gihe Yesu ashobora kuyobora ubuzima bwacu, arashobora no kutubohora uburyo twigirira nabi (ukwifuzza, ukwicuzza, ugusinda, umunoho, kujakarira itabi canke inzoga n’ubusambanyi, ishavu, ubwishime, kwihebura, kutiha agaciro, n’ibindi. Mwibuke: Ingorane yambere y’umuntu wese ni we ubwiwe. Uri ingorane nkuru kuri wewe. Imana yonyene irashobora kutuyoborera ku mwidegemvyo w’ukuri. Ariko umubumvyi ashobora gukoresha ibumba riri mu biganza vyawe. Ico ni co bisobanura kwitanga. Ukwo ni ko yifuza kutubohora ubushobozi bw’icaha kandi akaduha ubuyobozi n’uburuzi mvajuru.

*“Ukwegurira ububasha bwacu bwose Imana kworoshya ingorane y’ubuzima. Kuravunagura inkokora kandi kukoroshya intambara ibihumbi n’ibihumbi z’ukwifuzza kw’umutima uyoborwa n’akameremere.”<sup>22</sup>*

### **Bibiliya ivuga iki ku bijanye no kwitanga?**

Abaroma. 6:13 havugaga ngo: *“Kandi ntimugaha icaha imibiri yanyu ngw’ikoreshwe no kugabitanya; ariko mwishikanire Imana nk’abazuke bavuye mu bapfuye, n’imibiri yanyu muyihe Imana kugira ngw’ikoreshwe no kugororoka.”* Turavye icyo iki gisomwa kivugaga, kwitanga bisobanura kwishikanira Imana ukayiyegurira ngo igukoreshe.

Hana W. Smith, umwanditsi w’umukristo yavuye kuri iri somo mu buryo bukurikira: Gushikana ikintu bisobanura co kimwe no gutanga ikintu, gutanga ikintu kikegukira kandi kigategekwa n’uwundi muntu. Kwishikana k’Uhoraho bisobanura co kimwe n’ivyoye. Igukurikira Uhoraho agira ububasha bwo gutegeka, no

---

<sup>22</sup> E. G. White *My Life Today*, 6,6 egwwritings.org

kutugira abiwe. Ibi bisigura ukwiheba hanyuma tugatanga ibitugize vyose.<sup>23</sup>

Abaroma 12:1 havuga ngo: “*Ndabahanura kubw’imbabazi z’Imana, ngo mutange imibiri yanyu ibe ibimazi bizima vyera, bihimbara Imana, nikwo kuyikorera kwanyu kwogira ikimazi*”.

Ni iyihe mpamvu iki gisomwa gitanga kuba dukwiye kwegurira ubuzimabwacu Imana? “...Imbabazi z’Imana”. Ibi bitwereka mu buryo bugaragara yuko Dutegerezwa kwitanga ku Mana y’urukundo.

Kwishikana canke kwitanga bisobanura kwishira rwose mu biganza vy’Imana, tukayihira ngo idukoreshe, tugatanga ubuzima bwacu nk’ikimazi, atari nk’ikimazi co mw’isezerano rya kera caturirwa, ariko nk’ikimazi kizima – **kibaho kubwiwe** guhera igihe umuntu yitanze.

Iyo ntereye amasoinyuma mu buzima bwanje ndashobora kuvuga nti: imbere yuko nitanga, bisa n’uko kwitanga kwari umuzigo. Mu nyuma, narabonye yuko kutari umuzigo ahubwo ari umugisha utagira uko ungana.

Johannes Mager yagize ati: “Ukwishikana, kwiheba, ukwitanga, kwiyegurira Imana burundu – aya majambo arahambaye cane ariko ashira hejuru umuntu. Ukwitanga ntaho guhuriye n’ibigumbagumba canke n’uko umuntu yiyumva. Bisobanura “kwitanga kuri wa wundi dukunda.”<sup>24</sup>

2 Ab’i Korinto 5:15 havuga ingaruka nziza ziva mu kwitanga ngo: “...*Kand’icatumye apfira bose ni ukugira ngo abariho babeho batacinezereza, ariko babeho banezereza uwabapfiriye akabazukira*”.

## **Kwitanga bisobanura kubaho ku bwa Yesu.**

---

<sup>23</sup> Hanna W. Smith: *Christsein täglich (To be a Christian daily)*, Asslar 1994, 38

<sup>24</sup> Johannes Mager: *Unser größtes Bedürfnis (Our greatest need)*, Lüneburg 2011; Seite 47,48

Kubaho kubwa Yesu ntibisobanura gusa kumukorera umwanya wose, ahubwo: “Kandi ivyo muzokora vyose, mu majambo no mu bikorwa, muhore mubikora vyose mw’izina ry’Umwami Yesu, mushima Imana Data wa twese kubw’uwo.” ( Ab’i Kolosayi 3: 17).

Charles T. Studd yaravuze ati: “Namba Yesu Kristo ari Imana kandi akaba yarampfiriye, nta kimazi na kimwe gikomeye cane kibaho ku buryo ntokimushikanira”<sup>25</sup>

Uyu mugabo yarashira mu ngiro ivyo yavuga. Yari umunonotsi wambere mu Bwongereza. Igihe yahinduka umukristo, yaciye aheba umwuga wiwe, aha amamiliyoni y’amahera yiwe Ishirahamwe ryo kuvuga ubutumwa, hanyuma agenda mu Bushinwa kuvuga ubutumwa, hanyuma aja mu Buhindi, arangiriza muri Afrika. Iryo shirahamwe ryo kuvuga ubutumwa yatanguje n’ubu riracakora rwose, rifise abavugabutumwa 1800 kandi rikorera kwisi yose. Yeguriye Yesu ubuzima bwiwe.

### **Yesu yaratwitangiye atako aratwiha**

Hari ikintu gihambaye kidakwiye kurenzwako amaso. Kwitanga si igikorwa co ku ruhande rumwe. Yesu yabanje kutwiha ubwambere. Yaduhaye ikintu cose Imana yashobora gutanga kandi aradutumira ngo dutange ikintu cose dushobora gutanga. Ni ikibazo c’ikintu cose ku kintu cose.

Hariho gusa itandukaniro rinini hagati ya vyose vy’Imana na vyose vyanje. Ariko rero, nta muntu yashobora gutanga ibirengeye ikintu cose.

### **Ingazi zitanu zo kwitanga**

Umwanditsi aravuga ingazi zitanu zo kwitanga:

- Gutanga amahera ni yo ngazi yambere yo hasi mu bijanye no kwitanga.
- Iyikurikira ni ugutanga umwanya

---

<sup>25</sup> Norman B. Grubb: *Charles Studd – Kein Opfer zu groß (No Sacrifice is Too Great)*

- Haca hakurikira gutanga inkomezi zacu n’ubwenge bwacu n’ibikorwa vyacu.
- Inyuma y’ico hakurikira hakurikira ukwegurira Imana ubwoba n’ivyizigiro, birimwo ivyo twavuze vyose aho hejuru.
- **Gutanga imibereho yanje yose – bisobanura gushikabira rwose ubugombe n’ubuzima bwanje Yesu<sup>26</sup>.**

Iyi ngazi ya nyuma ivuga ukwiyegurira Imana rwose.

Ni ikintu ciza cane iyo twitanze kuri Data wo mw’ijuru, kubera twizigira urukundo rwiwe kandi ntitureke ngo ibintu bishike kure nko ku mwana w’icangazi wo mu mugani wa Yesu. Yitanze ku Mana igihe mu buzima bwiwe yabura iyo ava n’iyo aja, akaburanirwa, aho niho yafashe ingingo yo kugaruka i muhira. Igihe yegereza hafi y’inzu kwa se, seyaraje kumusanganira hanyuma aramugumbira. Yaramwemeye rwose nk’umwana wiwe. Aho ni ho honyene yashoboye gutahura urukundo rwa se. Ivyo vyahinduye ukwishikana kwiwe guhinduka ukwitanga mu rukundo.

### Icabaye kibabaje

Iki kintu kibabaje cabaye mu gihugu c’ubufaransa kandi gifasha gusigura ibi turiko turavuga: Umugore w’umufaransa umwe atunze yibiye akabanga umuntu umwe. Uwo mugore yagendana agacupa gatoya k’uburozi mu minwe. Yariko aritegura kwiyahura kubera ingorane n’umugabo wiwe. Yaravuze ati: “Ejo naridoze ku mugabo wanjye; ariko yanyishuye atangaye kandi atabona ico afata n’ico areka maze arambaza ati: “Ikindi kandi wifuzaga ni iki? Urafise agatabu ka sheke (bisobanura ngo yarashobora gutora muri banki amahera yose akeneye), urafise inzu yanje, ufungurira ku meza yanje. Ikintu cose ubutunzi no kuronka ubutware bishobora kuguha ni ivyawe, ariko ukomeza widoga?” Uwo mugore abandanya avuga ati: “Nshaka umutima wawe, nshaka yuko unkunda”. Hanyuma yaratontomye aravuga ati: “Ivyo ntushobora kubironka.

---

<sup>26</sup>Dean M. Kelley: *How Adventism Can Stop Growing*, Ministry (February 1983), 4

Urazi yuko umutima wanje ari uw'uwundi mugore. Ivyo ntunze vyose ni ivyawe, ariko umutima wanje, urukundo rwanje, urwo ntibishoboka yuko urunsaba.”<sup>27</sup>

Nta muntu n'umwe akunda umuntu, yonezerwa n'iyonyishu. Uwo mugore ivyo umugabo wiwe yari atunze uko vyangana kwose ntaco vyari bimubwiye, ahubwo igikuru yari we ubwiwe nk'umuntu.

“Umwami wacu akomeye ntakintu akeneye canje. Ashaka jewe. Yesu ntakeneye igice c'umwanya wanje, canke c'ivyanje, canke c'ingabire zanje, canke ubushobozi bwanje.”<sup>28</sup> Yifuza jewe kubera yuko ankunda kandi yifuza kumpa umunezero.

Dukwiye “kwitanga”, turakwiye gutanga kamere yacu hamwe n'ico dufise cose n'ico turi. Dukwiye kwiye gurira uburinzi, uburongozi, ubuyobozi n'ubugombe bw'Imana. Ukwo ni kwo “*kuyikorera gufise ikimazi*” Abaroma: haduhamagarira.

Iyo Ijambo ry'Imana rivuze ukwitanga rwose, ko *uku “ari kwo kuyikorera gufise ikimazi”*, ibi bisobanura gusa yuko kwishikanira Imana canke kwatanga canke kwiye gurira Imana **ari co kintu cambere gihambaye c'ikimazi dushobora gukora**. Ni ikihe kintu gifise ikimazi kuruta ugushira ivyacu mu biganza vy'umuganga w'umuhinga, igihe tugwaye? Ni ikihe kinu gifise ikimazi kuruta kwiye gurira umuntu anyobora mu gihe nazimiye?

Nigereranije n'Imana ndi umworo, ikijuju, kandi nta vyizigiro. Ntivyoba ari ubwenge kwishira mu biganza vy'Imana? Uku ni ukwizigira wa wundi yandemye, ashaka yuko mbaho, ankunda, kandi ashobora kumfasha mu vyo nkenye vyose. Biciye mu kwitanga kwacu, urukundo rutagira akagero rw'Imana n'ubushobozi bwayo buri ku ruhande rwacu. **Kwishikanira Imana burundu si igihombo, ahubwo ni inyungu itagira akagero. Ni ukwinjira mu buzima buyoborwa n'Imana.**

---

<sup>27</sup> Oswald Smith: *The Man Whom God Will Use*, 26

<sup>28</sup> Johannes Mager: *Unser größtes Bedürfnis (Our greatest need)*, published by Werner E. Lange, Lüneburg 2011, Seite 48

Ukwitanga rwose ni intango “y’ubugingo busagutse” (Yohana 10:10) ubwo Yesu yifuza kuduha. Kandi uku kwitanga kurafitaniye isano mu buryo bugaragara n’intsinzi ku caha nk’uko Ivyahishuwe 12:11 hemeza: “Nabo bamuneshesheje (1) amaraso y’umwagazi w’intama (2), n’ijambo ryo gushinga intahe kwabo (3), ntibakunda amagara yabo, ntibanka no gupfa”. Ibi vyerekana ko ukwitanga rwose bikenewe kugira utsinde icaha na Satani kandi ko iki ari co kintu ciza kuruta ibindi co gukora.

Mu gitabu *c’Imigani ya Yesu*, tuhasoma ibi bikurikira: « Ntihakagire umuntu n’umwe avuga ngo sinshobora gukosora utunenge mu ngeso zanje. Ufashe iyi ngingo, nta gukeka uzonanirwa kuronka ubugingo budashira. Ukudashoboka kw’ibintu bituruka ku bugombe bwawe. Utabishatse, ntushobora gutsinda. Ingorane y’ukuri iseruka ivuye mu guhenebera kw’umutima utejejwe, kandi **kubura ubushake bwo kwiyegurira gutegekwa n’Imana.**”<sup>29</sup>

“Mpwemu Yera yarahawe Yesu ku rugero rw’indengakamere amaze kwisiga ubusa kubera gukiza abaremwe bazimiye. Muri ubwo buryo azohabwa uwukurikira Kristo wese igihe umutima wose witanze ngo awubemwo (kandi agasaba buri musu Mpwemu Yera).<sup>30</sup> Tubona ngaha yuko:

- Mpwemu Yera yaba muri Yesu mu buryo butagira urugero
- Yifuza yuko tumwiyegurira rwose kugira ngo Mpwemu Yera abe muri twebwe ku rugero nk’urwo.
- Kubera iyo mpamvu, Yesu yaratanze itegeko ati: “Mwuzure Mpwemu”. Mu rurimi rw’umwimerere rw’ikigiriki ibi bisigura ngo “Ni mureke igihe cose mwame mwuzura Mpwemu kandi mu buryo bwisubiriza”. Efeso 5:18).
- Intumbero nuko tuzoronka ubugingo bunengesereye (Yohana 10:10; Ab’I Kolosayi 2:10).

## Ni iki gishobora kutubuza kwitanga

---

<sup>29</sup> E. G. White, *Christ’s Object Lessons* (1900), page 331.2

<sup>30</sup> E. G. White, *Thoughts from the Mount of Blessing* (1896), page 20.3

Kuri jewe wari umwitwarariko w'akazi. Mu buryo bwumvikana, nari mpagaritse umutima yuko maze kwiyegurira Imana nzosabwa kuba Pastori. Edwin Orr yahuye n'ingorane zitandukanye. Vyari bisobanutse kuri we yuko mu busore bwiwe ko "Nategerezwa kwishikanira rwose Imana ... Ku ncuro ya mbere mu buzima bwanje narabonye yuko Imana iriko iravugana nanje. Mpwemu Yera yaravuganye n'umutima wanje. Narabariye Uhoraho ko nifuzza kumwegurira ikintu cose. Ijwi mu mutima wanje ryarambajije riti: "Mbega vya vyaha ukunda cane vyo?" ... Naravyatuye ndasezerana kutazokwigera ndabisubira. Ijwi muri jewe ryarabandanije riti: "Mbega ubushake bwawe bwo?"

Ibi vyaje nkIkintu kije gitrumbuka ... Hanyuma rero narabariye Uhoraho nti: "Nditeguye kuja aho hose ushaka yuko nja canke ko nguma muhira..." Hanyuma Mpwemu w'Uhoraho yaravuganye nanje ku bijanye n'ikigirwamana nakunda cane mu buzima bwanje. Yari umukobwa nakunda cane. Uhoraho yarambajije namba nifuzza guheba uwo mukobwa aramutse abinsavye. Ubwo nyene nacye mbona yuko ubushake bwanje buzanye inzitizi. Sinashaka guhomba mu kwitanga nk'uko... Kugera aho Mpwemu Yera yacye ahagarika kuvugana nanje. Ubwo nyene, umutima wanje wacye uhinduka nk'aho ata kirimwo. Narabibonye nca ubwo nyene nifuzza kandi kwuzuzwa Mpwemu Yera. Iki gihe co nariyeguriye rwose Imana. Nari niteguye no kumwegurira n'iki gice c'ubuzima bwanje.

Umutima wanje wuzuye umunezero, urukundo n'ubushobozi butovugwa... Incuro yambere mu buzima bwanje, numvise yuko umenga ndazi vy'ukuri Imana yanje Umukiza kandi yuko ubukristo burengeye inyigisho z'ivyizerwa canke ivyiyumviro vy'abantu". – Imana yakozwe vyinshi mu buzima bwa Edwin Orr.<sup>31</sup>

Ku binyerekeye, intambanyi kari akazi kanje, kuri Edwin Orr, yari umukobwa. Uko ingorane yoba kwose kuri wewe, - ni waba

---

<sup>31</sup> J. Edwin Orr: *Volle Hingabe (Full Surrender)*, Kassel 1965, page 108ff., shortened

utarishikanira rwose Uhoraho, wewe n'ingorane yawe, ni wishire mu biganza vyiwe. Uhoraho azoguhezagira cane.

Dusenge: Data, turagukengurukiye cane kubera ushaka yuko tukwishikanira kugira ngo duhezagirwe kandi woroshe ubuzimabwacu tubeho muburyo uzotugira bashasha. Ndakwinginze umfashe kugira ngo buri musu ndakwegurire ubuzimabwanje ataco nisigarije kandi ngukurikire muri vyose kubw'Inkomezi zawe.

### **Uhoraho arubahiriza ingingo zacu**

Wizigire Imana. Iyaba wamenya vyose, wohitamwo gukurikira iyo nzira nyene Imana ishaka kukurongoramwo. Turashobora guta kure ubwoba n'amakenga iyo twiyeguriye rwose Imana y'urukundo rutagira akagero. Imana ntizokwigera na rimwe ikora icye iruhande y'ubushake bw'umuntu. Imana yacu irubahiriza uko tumeze. Umwidegemvyo ni imwe mu ngabirano zihambaye Imana yaduhaye. Niyo mpamvu Imana irindira icifuzo cacu kugira ngo ikore iyo tubisavye. Umwidegemvyo ni kimwe mu vyo Imana isaba. Urukundo rushobora gusa gukura mu mwidegemvyo.

### **None kwishikanira Imana vyoba bisigura gukuraho ubushake bwacu?**

Twoba dutakaza rwose ubushake bwacu iyo twiyeguriye Imana? Twoba duca duhinduka ibipupe maze Imana ikaba idutegeka mu gukwegaga umugozi? Oya namba. Kubera iki atari ukwo biri? Kubera yuko mu kwitanga burundu ku Mana, duhitamwo gusubiriza ubushake bwacu bw'ubujuju, bw'ubuzimire, ubutamenya, n'ubwana bugasubirirwa n'ubugombe bw'Imana butunganye, bw'ubwiza n'ubwenge. Tuba twishize musu yo kuyoborwa n'Imana.

Ntiturinda gukenera guheba ubushake bwacu, ahubwo duheba **kubukoresha nabi**.

Ubushake bushobora guhebwa, ni ubwo bushake butandukanye n'ubushake bw'Imana. Mu buryo bwumvikana, ni ubwo bushake bujanye n'ukutagonda izosi kwacu.

E. G. White avuga ati: "Ariko umuntu yovuga ati: "Mbega sinogendera mu nzira zanje, ngakora uko ndavyumva? – Oya, ntushobora kugira inzira yawe, hanyuma ngo winjire mu bwami bw'ijuru. Oya "Inzira yanje izoba aho." Nta nzira y'umuntu izoronka ikibanza mu bwami bw'ijuru. Inzira zacu zitegerezwa guhebwa mu nzira y'Imana."<sup>32</sup> (Raba kandi Yesaya 53:6).

Umuntu wese yanka kuyoborwa n'Imana n'ijambo ryayo abeshwaho n'ubwenge bwiwe buke aho kuyoborwa n'uburongozi bw'Imana. "Iyo ubushake bwacu buhuye n'ubushake bw'Imana, ntibukomwacomwa; rero guheba uburongozi bw'Imana kwoba ari ukwihenda."<sup>33</sup>

Ellen G. White arongerera akandika kandi ati: "*Uko ubugombe bw'umuntu bufatanye n'ubugombe bw'Imana, buca buhinduka ubushobora vyose. Ikintu cose gikorwa kw'itegeko ryiwe, gishobora gukorwa mu nkomezi ziwe. Ivy'idufasha vyose biduha inkomezi*".<sup>34</sup>

Iyo turetse Mpwemu Yera akatuyobora, nta nzitizi tuzogira. Ahubwo tuzokwibera mu mwidegemvyo wuzuye. Mu 2 Ab'i Korinto 3:17, dusoma ngo "... aho Mpwemu w'Imana ari, niho haba umwidegemvyo."<sup>35</sup>

### Ubuzima buyoborwa n'Imana

Mbega Imigani 3:5-6 hoba havuguruzwa ibi ngo "Wizigize Uhoraho umutima wawe wose kandi ntiwishimikize ubwenge bw'iwawe: umumenye mu ngendo zawe zose, nawe azogorora inzira zawe"?

---

<sup>32</sup> E. G. White., *Advent Review and Sabbath Herald*, 23 February 1892

<sup>33</sup> H. W. Smith: *Christsein täglich (Being a Christian daily)*, 73

<sup>34</sup> E. G. White, *Christian Service* (1925), p. 258.6

<sup>35</sup> David Wolkwitz: *Der Weg zu einer kraftvollen Erweckung*, (NRW-Vereinigung), 25

Benshi bibaza yuko ibi bisobanura yuko bategerezwa kwugara ubwenge bwabo. Canke umuntu abivuze mu yandi ajambo, kwugara ubushobozi bwabo bwo kwiyumvira. Nta kintu coba kibi kuruta ico. Imana yifuza ko dukoresha ubwenge bwacu. Intumira ngo nunge ubwenge bwanje n'ubwenge budaserangurika bwayo.

None Imana ntiyahaye ubwenge bukomeye cane Daniyeli na bagenzi biwe, bayumvira n'imitima yabo yose mu bintu bito hamwe no mu bihambaye? Imana yifuza yuko dukoresha ubushobozi bwose bw'ubwenge bwacu, ariko kandi tugafatanya ubwenge bwacu n'ubwenge bw'agahebuza bw'Imana.

Ni nko kunyonga umuduga ukoresha icuma co gutumbereza. Ntegerezwa gukoresha ubwenge bwanje bwose mu kunyonga, ariko birahanurwa yuko umuntu yokwizigira akuma bita GPS (kerekana aho umuntu ageze) ku bijanye n'amakorosi, kutarenza umuvuduko, kuraba ivyapa vyerekana uruja n'uruzi, uburyo bubereye bwo gushika aho ngiye, canke kuraba umwanya usigaye imbere yo gushika aho ngiye. Ndibuka neza igihe natira akuma ko kundongora, kubera nashaka kuja ku maziko mu karere ntari menyereye ko muri Munich. Ako kuma GPS kankoreye igikorwa gikomeye kandi nashoboye gushika iyo nja ntazigize ingorane n'imwe.

Ni wizigire Imana, amategeko yayo, urugero itanga, impanuro zayo hanyuma ugende urugendo rwawe uyobowe n'uburongozi bw'Imana.

### **Ugukokeranya ku bijanye n'ibikoresho**

Mu gihe c'intambara ya kabiri y'isi yose, indege y'abongereza yavuye muri Sicile itera ija muri Afrika y'uburaruko. Kubera ibibuga vy'indege vyose ivyuma vyari vyapfuye, abatwara indege bategerezwa kuzera ubukiriro ku vyuma vyabo. Naho indege zitari zagurutse ku mwanya baharuye, ibikoresho vyabo vyaraberetse yuko bashitse iyo baja. Bibaza yuko bidashoboka kw'indege iguma

iguruka. Gushika bashike kure y’ubugaragwa Sahara, ntibashoboye kubona ko bihenze. Kubera igitoro cabaheranye, bategerezwa kwururutsa indege hasi vuba mu bugaragwa. Kubera ata mazi bari bafise abari muri iyo ndege bose bahavuye bicwa n’inyota.

Mu nyuma, igihe iyo ndege bayitora, basanze ata kintu na kimwe capfuye kuri yo ikora neza. Iyo ndege yari yabaye mu muyaga bituma ishika iyo ija yihuta cane. Ariko rero abadereva bizigiye ibiharuro vyabo kuruta uko bizigiye ivyuma, bibazanira urupfu. Bafashe ingingo mbi.<sup>36</sup> Turashobora kwizigira ubuyobozi bw’Imana. Ni vyiza kugengwa n’ijambo ry’Imana kuruta ivyiyumviro vyacu.

### **Abantu bafise inkomezi**

Biciye mu kwiyegegurira Yesu Kristo, ntiduhinduka abanyantege nke mu bushake; ahubwo tuzoba abantu bafise inkomezi, bashigikira aho bahagaze bakoresheje ubwenge n’indero. Iyumvire kandi Daniyeli na bagenziwe. Nk’abasore, barerekanye ko bafise inkomezi kandi barayoboka Imana mu gihe c’ibifungurwa mu gice cambere.

Canke iyumvire ingingo yabo idasanzwe imbere y’itanure ryaka umuriro nk’uko bivugwa mu gice ca 3, igihe bari bageze mu myaka yitereye. Kandi iyumvire inyifato ya Daniyeli nk’umutama igihe yari imbere y’urwobo rw’intambwe nk’uko bivugwa muri Daniyeli igice ca 6.

### **Kwiha agaciro canke agaciro turonka biciye muri Kristo**

Umuntu wese yishikaniye Kristo nategerezwa kurazwa ishinga no kwiha agaciro, kubera ko aba afise agaciro kanini cane biciye muri Kristo. Mu gitabu citwa *Igikorwa co gukiza*, dusoma ngo: “Abantu benshi bashoboye gukora igikorwa ciza cane bakora bike kubera bagerageza bike. Ibihumbi baca mu buzima nk’aho umenga nta ntumbero ihambaye bafise yatumye babaho, ukamenga

---

<sup>36</sup> *Aller Diener*, II/III (1983), 142

kandi nta rugero rwo hejuru babwirizwa gushikako. Impamvu imwe y’ibi ni agaciro gato biha. Kristo yadutangiyeye igiciro kitagira akagero, kandi kubera ico giciro carishwe, yifuza yuko twiha agaciro.”<sup>37</sup> Mushiki wacu umwe yavuze ati: “Narabonye agaciro kanje muri Kristo”.

### **Isengesho ryo gushikanira Imana ubushake bwacu**

Umusore umwe yarondeye umupastori ngo amuanure kubera yifuza kwuzwuzwa Mpwemu Yera, ariko akaba vyariko biramugora. Uwo mupastori yaramubajije ati: “Woba umaze kwegurira ubushake bwawe rwose Imana?” Yaravuze ati: “Ndafise ubwoba yuko atari rwose”. Umupastori yaciye amwishura ati: “Aho rero biragoye yuko umuntu asenga asaba kwuzuzwa Mpwemu Yera imbere yuko wegurira Imana ubushake bwawe bwose. Ntiwifuza kubwegurira Imana muri aka kanya nyene?” Uwo musore yarishuye ati: “Sinshobora.” Yaramubajije kandi ati: “Urifuza yuko Imana yobigukorera?” Yarishuye ati Ego. Pastori ati: “Rero bisabe Uhoraho ubu nyene.”

Umusore yarasenze ati: “Uhoraho, mvanamwo ubushake bwanje. Nzanira ukwiyegurira rwose ubushake bwawe. Shira ubushake bwanje hasi. Ndabisavye mw’izina rya Yesu.” Hanyuma umupastori yaramubajije ati: “Vyabaye?” – Umusore yarishuye ati “Bitegerezwa kuba vyabaye. Nasavye Imana ikintu kijanye n’ivyo ishaka kandi ndazi yuko amasengesho yanje yumviswe kandi ko naronse ico nasavye (Yohana 15:14-15). Ni vyo vyabaye, ubushake bwanje buri ngaha.”

Umupastori yarabandanije ati: “Ubu rero saba umubatizo wa Mpwemu Yera, wuzuzwe Mpwemu Yera. Umusore yarasenze ati: “Uhoraho, ubu rero mbatirisha Mpwemu Yera. Ndabisavye mw’izina rya Yesu”. Kandi vyaciye biba ubwo nyene amaze kwegurira ubushake bwiwe Uhoraho<sup>38</sup>.

---

<sup>37</sup>E. G. White, *The Ministry of Healing* (1905), p. 498.3

<sup>38</sup>R.A. Torrey, *Der Heilige Geist – Sein Wesen und Wirken*, (Frankfurt, 1966), 151

Biratangaje kuba Data adukunda abanza kurema ibintu bisabwa muri twebwwe iyo tumusavye.

Turashobora kwigira ibintu bibiri kuri iryo sengesho: (1) Uyu musore yari yaramenyereye gusenga akoresha amasezerano. Mw'isengesho ryiwe, yishimikije amasezerano y'Imana yuko amasengesho ahwanyane n'ivy'Imana igomba, azokwishurwa muri ako kanya asenzwe. (Uburyo bw'igitangaza bwo gusenga ukoresheje amasezerano arasigurwa mu gitabu "*Intabuko zishikana kw'ikanguro*" ca H. Haubeil.) (2) Uyumusore yari yafashe ingingo yo kwemera ubufasha bw'Imana mu kwitanga.

### **Kuyobora ubuzima bwacu: ingingo**

Dukwiye kumenya yuko ubushobozi bwo gufata ingingo mu bushake bwacu ari bwo bubasha buyobora ubugingo bwacu. Nshaka kubaha akarorero kugira ngo nsobanure ubusobanuro bwuzuye bw'ubu bushobozi.

Ubwato bunini bw'ingenzi bitiriye Umwamikazi Elizabeti bwari bufise uburemere incuro 1300 ugereraniye n'icuma c'inyuma kibuyobora iyo bikenewe ko bukata. Ibi bisobanura yuko ico cuma gishobora kuyobora ikintu kigisumvya ibiro incuro 1300. Ico Cuma mu buzima bwacu ni ubushobozi bwacu bwo gufata ingingo. Ni twafata ingingo yo kugendera musu y'ubushake bw'Imana, izoherako iduhe ubufasha bwose bukenewe.

### **Inzitizi**

Mu bijanye no kwiyegurira Kristo, bijanye n'ingingo dufata namba dushaka kubaho kubwacu canke naba dushaka kubaho ku bw'Imana.

---

(The Holy Spirit – His Nature and Ministry)

Umuntu wese, ariko na cane cane urwaruka bategerezwa kwibaza namba agatima ko kwikunda ariko gategeka ubuzima bwabo canke namba bifuza gukorera Imana.

Ibintu no kwinezereza birashobora gutanga igisa n'umunezero, ariko ivyo bintu ntibishobora gutuma umuntu yumva yuko anyuzwe – twama igihe cose dushaka ibirengeye. Uko ugira vyinshi niko wifuza ibindi, ukwidoga ntikwigera guhagarara, nk'uko umugani wa kera w'Abadagi uvuga. Iherezo, uhava usanga ahubwo ivyo vyaratwigaruriye.

Iyindi ngorane n'uko hariho abandi bantu bafise ubushobozi ku buzima bwacu. Nk'akarorero, umuryango wacu, ishure ryacu, ishengeru, ishira hamwe ryacu usanga rimwe na rimwe bidusaba gukora ibihushanye n'ivyo Imana itwitezeko. Nitwegurira Yesu ubuzima bwacu, tuzoronka ubushobozi no gushira amanga tugire nyambere ivyo Imana itwitezeko kandi dushobore gutanga insobanuro y'aho duhagaze dukoresheje ubwenge n'urupfasoni (Raba Daniyeli 1).

### **Vyoba bisabwa Yuko negurira Imana ubuzima bwanje rimwe?**

Hariho ukwiyegurira Yesu Kristo iyo twihanye. Uku kwitanga, kubaho mu masengesho n'inyuma y'inyigisho za Bibiliya no kunyurwa, gushirwako ikidodo n'umubatizo kandi gufise agaciro ibihe vyose. Uku kwitanga kwa mbere kuri Yesu, Ijambo ry'Imana rikwita kugiriranira isezerano n'Imana.

Ukwitanga buri musu ni ikintu gitandukanye. Kubera yuko kwitwa kenshi kwishikanira Imana, kwihana, canke kwitanga aya majambo arashobora kuba yozana amadidane.

Ukwitanga buri musu (canke ukwihana, canke ukwishikana) bisobanura ko uyu musu nshaka kubaho mw'isezerano nagiraniye n'Imana ; nshaka guhagararira isezerano uyu musu. Ni co gituma ata gaciro bifise gusenga buri musu ngo : “Uhoraho ndakwiyeguriye uyu musu n'ivyo mfise vyose n'ico ndi.”

Ni naguma muriiryo sezerano, sinkeneye guhagarika umutima ku kintu na kimwe. Imana irashoboye kuzigama ikintu cose yabikijwe. Imana yama igihe cose yubahiriza ivyo yavuze. Ntizokwigera yahukana. Bibiliya igereranya isezerano ryacu na Kristo nk’ubugeni.

**Moris Venden** abivuga ngo: “Uko biboneka kugira ubugeni nta kintu kinini bivuze iyo utazoguma wubatse. Kandi ntushobora kuguma wubatse namba utarigera wabirwa (canke wabira) mu kibanza ca mbere”<sup>39</sup>

Kugira ngo tugumane ingaruka nziza z’ukwitanga kwacu, birakenewe yuko tuguma muri Yesu. Iyi ni yo mpamvu Yesu yavuze “kuguma” incuro icenda muri Yohana 15, nk’akarorero umurongo wa 5 n’7: *“Uguma muri jewe nanje nkaguma muri we, uwo ni we yama cane, kukw’ataco mubasha gukora mutamfise.... Ni mwaguma muri jewe, amajambo yanje akaguma muri mwebwe, musabe ico mugomba cose kizobabera kuno”*.

Ubuzima bunengesereye bufitaniye isano no kuguma muri Yesu. Biciye mu muvukano nawe turashobora kugira ubuzima bwamaivyamwa. – ubuzima bw’umunezero, inkomezi, intsinzi, n’ubundi bushobozi bw’igicro.

Imana irashoboye gukora ibihambaye mu buzima bwacu. Iyo dufashwe n’ukuri kwayo, kuzohindura ubuzima bwacu. Reka dusozere ibi vyigwa vyo kwiye gurira Yesu n’indirimo ariko mu vy’ukuri ari isengesho:

1. Ng’iyi inzira yawe, Mwami; Ng’iyi inzira yawe  
Uri umubumvyi, ndi ibumba  
Mbumba ungire uko ushaka  
Mu kurindira ndakwiyeguriye
2. Ng’iyi inzira yawe, Mwami; Ng’iyi inzira yawe  
Nsuzuma kandi ungerageze, Databuja uyu musu,  
Ubu nyene Mwami, Unyeye nse n’urubura

---

<sup>39</sup> Morris Venden, *95 Theses on Righteousness by Faith*, p.133

Aho ndi imbere yawe ndicishije bugufi.

3. Ng'iyi inzira yawe, Mwami; Ng'iyi inzira yawe  
Nakomeretse kandi ndananiwe, mfasha, ndatakamvye,  
Ububasha, ububasha bwose, vyukuri ni ubwawe!  
Nkorako kandi unkize, Mana Mukiza.
  
4. Ng'iyi inzira yawe, Mwami; Ng'iyi inzira yawe  
Ganza ubushobozi bwose bundimwo  
Nyuzuza Mpwemu Yera gushika igihe bose bazobona  
Kristo wenyene, abaho muri jewe imisi yose.<sup>40</sup>

*“Uhoraho, ndizeye ko wapfuye kugira ucungure umutima wanjye. Ni waba warashize agaciro nk’ako ku mitima gushika naho wemera gutanga ubugingo bwawe ku bwanjye, nzokwitura ineza yawe. Ndakweguriye ubuzima bwanjye n’ibiri muri bwo vyose, mu ntegenke zanje zose, ngo ubuzigame.”<sup>41</sup>*

---

<sup>40</sup> Seventh Day Adventist Hymnal, *Have Thy Own Way, Lord*, words by Adelaide Pollard

<sup>41</sup> E. G. White, *Faith and Works* (1979), p. 16.2

## YESU MURI JEWE

*Ni ibiki bibanza imbere yuko Yesu aba muri jewe?  
Yesu aba muri jewe azohindura ubuzima bwanje gute?  
Intumbero nyamukuru: ukunengesera kw’Imana muri jewe.*

**E.G. White:** “... idini isobanura Kristo aguma mu mutima” E. G. White: *Review & Herald*, May 24, 1892, par. 4.

*“Kristo aguma muri twebwe biciye muri Mpwemu; kandi Mpwemu w’Imana turonka mu mutima kubwo kwizera, ni we ntango y’ubugingo budashira.”<sup>42</sup>*

Raba ibi:

1. Biciye muri Mpwemu Yera, Kristo arabaho muri twebwe.
2. Turonka Mpwemu Yera biciye mu kwizera
3. Iyi ni intango y’ubugingo budashira

Kumenya yuko Yesu yifuza kuba muri jewe biciye muri Mpwemu Yera kandi akaba aba muri jewe, iyo nuzuye Mpwemu Yera, ni ivy’agaciro kanini kuri jewe. Uku ni ukuri kw’igitangaza kwa Bibiliya.

### **Amasigarira muri Kristo**

Yesu ntiyifuza gusa ubucuti bwo hafi natwe biciye mu kuba muri twebwe biciye kuri Mpwemu Yera, ahubwo arifuza imigenderanire n’Imana yimbitse kandi igumaho.

Muri Yohana 15:4 avuga ati: “*Mugume muri jewe nanje ngume muri mwebwe. Nk’ukw’ishami ritabasha kwama ubwaryo, ritagumye mu muzabibu, ni ko namwe mutabibasha, mutagumye muri jewe.*” Uwu ni umuhamagararo udasanze ukongera ukaba kandi n’itegeko.

---

<sup>42</sup> E. G. White: *The Desire of Ages* (1898), p. 388.1

Ibi bisobanura yuko ubukristo butajegajega bushoboka biciye mu bubasha bw’Imana.

Yesu yarashimitse cane kuri iri jambo “kuguma” incuro 11 muri iki gice (Yohana 15: 1-17). Ashaka yuko tugiranira imigenderanire iramba nawe.

Ellen G. White aratomora ati: “Kuguma muri Kristo bisobanura [ubwambere] kuguma uronka Mpwemu wiwe, [ubwa kabiri] ubuzima bwo kwitanga ataco wisigarije mu gikorwa ciwe.”<sup>43</sup>

Ahandi naho aravuga ati: “Ukwifatanya n’ ubufasha bw’Imana buri kanya birakenewe cane kugira ngo dutere imbere. Turashobora kuba twari twararonse Mpwemu w’Imana, ariko kubw’isengesho no kwizera dutegerezwa kubandanya dusaba umugabane wa Mpwemu Yera urenze uwo.”<sup>44</sup>

Kandi: “Yesu **azoba muri bo**, abahe uguhumekerwa kwa Mpwemu Yera, yisuke muri bo.”<sup>45</sup>

Turashobora kubona isengesho rya Dawidi nk’isezerano kuri twebwe: “Undememwo umutima utunganye, **unsubizemwo umutima uhanye**” (Zaburi 51: 10).

### **Kwegera Isoko y’ubushobozi bw’Imana**

Abantu benshi ntibazi uburyo bwo kwegera Isoko y’ubushobozi bw’Imana. Babayeho mu bukene bwo mu vya Mpwemu, n’aho “... *ubushobozi bw’ubumana bwayo bwaduhaye ivy’ubugingo no kwubaha Imana ...*” (2 Peter 1:3).

Muri Texas, hari umurima uzwi cane urimwo igitoro witwa Yates Pool. Mu gihe Amerika yaca mu gihuhusi mu vy’ubutunzi, hari uruhongore rw’intama, rw’umuntu yitwa Yates. Ariko, ntiyashobora kuronka amahera akwiye n’ubworozi bwiwe bw’intama kugira ngo arihe amadeni yiwe. Mu nyuma Ishirahamwe

---

<sup>43</sup>E. G. White: *The Desire of Ages* (1898), p. 676.2

<sup>44</sup>E. G. White: *Ye Shall Receive Power* (1995), p. 307.3 (October 24)

<sup>45</sup>E. G. White: *Ye Shall Receive Power* (1995), p. 306.6 (October 23)

ricukura igitoro ryaraje riramumenyesha yuko hashobora kuba hari igitoro mw'itongo ryiwe.

Iryo shirahamwe ryaramusavye kwimba ngo bagire ubushakashatsi hanyuma baca bagirirana amasezerano.

Nko ku metero 400 mu kuzimu, basanze ikidengeri c'igitoro. Kandi cose cari ic'umushingantahe Yates. Umusi yagura iryo tongo, yari yahawe uburenganzira ku gitoro canke ubundi butunzi kama buri muri ryo. Yari umutunzi w'amamiliyoni (millionaire) ariko abayeho mu bukene. Ingorane yari iyahe? Ntiyari azi yuko hariho igitoro.<sup>46</sup>

Urazi icanditse muri 2 Petero 1:3-4? “... *ubushobozi bw'ubumana bwayo bwaduhaye ivy'ubugingo no kwubaha Imana ...*” Reka ndababarire ibisigaye mu majambo yanje: Biciye mu migenderanire yo hafi na Yesu kandi mu gihe muri ubwo bucuti usenga, ukoresha “*ivyoyasezeranye vy'akaburarugero, bihambaye cane.*”

Mu gihe kubwo kwizera ducitse abana b'Imana, duca ducika kandi abaragwa b'Imana kandi ubutunzi bwayo bwose buca buba ubwacu. Ikintu cose dukeneye kugira ngo tube abagabo n'abagore b'Imana n'ivyabona vya Kristo vyama ivyamwa – harimwo n'ubwenge, uukundo n'inkomezi – tuba dushobora kubironkako. Ikibabaje ariko, abakristo benshi babayeho mu bukene, kubera yuko batazi ukuntu bokoresha ubutunzi bwa mpwemu, ubwo Imana yamaze kubashungururirako.

Nk'uk'wwo mugabo Yates yar'ari imbere yuko igitoro kivumburwa mw'itongo ryiwe, niko abakristo babayeho mu butamenya bw'ubutunzi bwabo butagira urugero.

### **Umuhamagaro wihuta wa Yesu: Saba Mpwemu Yera**

Hariho igice kimwe gusa muri Bibiliya aho Umwami wacu atwinginga incuro icumi zose gusenga dusaba Mpwemu Yera. Nta

---

<sup>46</sup>Dr. William R. Bright: *Erfüllt mit dem Heiligen Geist – Wie erfährt man das?* (Neuhausen, 1971), 27

kindi gice nzi Yesu yadukebuye ku kintu mu kwingingana impuhwe uretse mu butumire bwiwe bwo kuguma muri We. Iki gice ni icigwa kw'isengesho. Igice co gusenga dusaba Mpwemu Yera kiri muri Luka 11: 9-13. (“Raba kandi ikigabane ca 1 “Ingabire iruta izindi zose ya Yesu”).

### **Itegeko rya Yesu: Ni mwuzuzwe Mpwemu Yera**

Ntidushaka gusa gusubiramwo aya majambo ahambaye, ariko dushaka no kwitegereza iki kintu gikurikira: “Kandi uba uwuzuye muri We.”

Ellen G. White yavuze ati: “Kuri Yesu,... Mpwemu Yera atagira urugero yaratanze [buri musi]. Ukwo ni kwo azohabwa abakurikira Kristo igihe umutima wose witanze ngo awubemwo [kandi buri musi agasaba Uhoraho Mpwemu Yera]<sup>47</sup> “Umwami wacu ubwiwe yaratanze itegeko ati: “Mwuzure Mpwemu” (Efeso 5:18), kandi iri tegeko ririmwo n’isezerano ry’ugusohora kwaryo. Vyarahimbaye Data ko “ukunengesera kwayo kwose kuba” muri Kristo kandi ko “munengeserezwa no kumubamwo” (Ab’i Kolosayi 1:19 na 2:10).<sup>48</sup>

Aha tuhigira yuko:

- Mpwemu Yera yaba muri Yesu mu buryo butagira urugero
- Yifuza yuko tubaho twitanze rwose kugira ngo Mpwemu Yera abeho muri twebwe kuri urwo rugero.

Kubera iyo mpamvu, Yesu ubwiwe yaratanze itegeko ngo: “Mwuzure Mpwemu (Efeso 5:18)

Intumbero yiwe ni uko tworonka ubugingo busagutse (Yohana 10:10, Ab’i Kolosayi 2:10)

Kubw’ivyo, birakenewe kuba muri we. Yesu abaye muri twebwe bigira ingaruka zihambaye kandi z’agaciro.

### **Gusenga kubwo Kwizera**

---

<sup>47</sup> Thoughts from the Mount of Blessing, p. 20.3

<sup>48</sup> Thoughts from the Mount of Blessing p. 20.3

Gusenga kubwo Kwizera ni “... Kugira turonke isezerano rya Mpwemu *biciye mu kwizera*” (Ab’i Galatiya 3:14). – “Kuk’utizera bidashoboka kw’ayihimbara” (Abaheburayo 11:6) – “Kugira ngo Kristo abe mu mitima yanyu kubwo kwizera” (Ephesians 3:17). Birakenewe kumenya yuko kubera isengesho ryanje nsaba Mpwemu Yera namuronse koko. Imana yacu y’igitangaza yaratweretse ukuntu dushobora kuronka ukwizera muri we mu buryo bworoshe. Ni ugusenga dukoresheje amasezerano. (Raba mu gitabu *Intambuko zishikana kw’ikanguro*, Igice ca 5, aho iki cigwa cagutse.)

Ellen G. White mbere avuga ati: “*Mpwemu yiteze ko tumusaba maze tumuronke.*”<sup>49</sup> David Wolkwitz arongerako ati: “Woshobora kwibaza “gusaba ikintu” Imana? Ngaha ni ukuvuga impano idasanzwe ya Mpwemu Yera. Iciumviro nk’ico kiratujugumiza kubera ubwoba. Umenga nta kwubaha mbere umenga ni ukurogota kwiyumvira ikintu nk’ico. Yamara kandi, iri jambo ryakoreshejwe n’intumwa y’ Umwami mu mirongo itandukanye yo mu nyandiko zayo. Mbega ashaka kuvuga iki? Ubwambere, twomenya yuko Imana inezererwa gusa cane kuduha iyo ngabirano, kubera idukunda kandi turakeneye uwo Mpwemu Yera mu buryo butovugwa.

Ubugira kabiri, bisobanura yuko iyo ngabire ihambaye cane kuri twebwe. Kubera iyo ingabirano irindiriye yuko tuyisaba, aho rero biragaragara yuko iyo twifuje kubana na Yesu mu buryo bubandanya mu buzima bwacu kugira ngo atuyobore, kandi tumenye yuko twiyeguriye Imana rwose, turashobora rero gushikiriza ibisabo vyacu twizigiye kandi dushize ubwoba. Ibi dukeneye kuvyiyumvirako twitonze.”<sup>50</sup>

---

<sup>49</sup> E. G. White, *Christ’s Object Lessons* (1900), p. 121.1

<sup>50</sup> David Wolkwitz: *Der Weg zu einer kraftvollen Erweckung*, (NRW, Abt. Heimatmission), p. 205 / The Way to a Powerful Revival

“Gusaba ikintu” bivuga yuko umuntu afise icifuzo caco, bisobanura yuko ari ikintu akeneye cane, canke yifuza kuronka, bisobanura ugushimika kuri uwo muntu asaba.

Dukwiye kureka “gusaba” ikindi kintu co ku ruhande, iyo twibutse yuko “Imana inezererwa cane igihe bagize ico bayisaba gihambaye, kugira ngo bashimagize izina ryayo.”<sup>51</sup>

Ni ikibazo co kwitanga ubwacu kuri Yesu n’umutima wacu wose buri musi kandi kubwo kwizera mu kuronka ingabire ikomeye y’Imana – ari yo Mpwemu Yera.

### **Isengesho ritangaje n’intumwa Paulo**

Kuri iki cigwa, dushaka kuraba Efeso 3:14-21, aho tubona isengesho ryo kwinginga y’intumwa Paulo asengera ishengeru muri Efeso. Icubako kimeze uku gukurikira:

1. Yabasabiye ubushobozi bwa Mpwemu Yera.
2. Kugira ngo Kristo abe mu mitima yabo
3. Kugira ngo ingeso za Kristo- icamwa ca Mpwemu gikure muri bo
4. Kugira ngo buzure ukunengesera kw’Imana

*“Ni co gituma mpfukamira Data wa twese, uwo imiryango yo mw’ijuru n’yo mw’isi yitirirwa, ngw’abahe, nk’ukw’itunga ryayo riri, kuremeshwa n’ubushobozi imbere mu mitima mubihawe na Mpwemu wiwe. Kristo abe mu mitima yanyu kubwo kwizera ; kugira ngo mugize imitima ishinzwe mu rukundo, n’amabuye y’itanguriro arwubatswemwo, mugire inkomezi zibafasha gutahurira hamwe n’abera bose uburebure bw’ubwaguke n’ubw’amakika , n’ubw’igihagararo, n’ubw’amajepfo ubwo aribwo , mumenye urukundo rwa Kristo, ruruta uko rwomenywa; ngo **mubone kunengeserezwa mushitse ku kunengesera kw’Imana kwose.**”*  
(Abanyefeso 3:14-19)

---

<sup>51</sup> E. G. White, *The Desire of Ages* (1898), p. 668.1

## Ni gute noronka inkomezi z'imbere?

Urufatiro rw'ubuzima bwacu bw'idini ruboneka mu murongo wa 16: “ngw'abahe, nk'ukw'itunga ryayo riri, kuremeshwa n'ubushobozi imbere mu mitima mubihawe na **Mpwemu wiwe. ...**”

Turakeneye inkomezi. Ubuzima bwuzuye inkomezi buzana umunezero. Umwami wacu w'igitangaza ashaka ko tugira inkomezi zisagutse mu buzima bwacu. Izi nkomezi z'umuntu w'imbere zitangwa na Mpwemu Yera. Mu gitabu “Intambuko zijana kw'ikanguro”<sup>52</sup> cerekana igituma bikenewe kwishikanira Yesu buri musi no gusenga buri musi dusaba Mpwemu Yera. Kandi mu gusenga ukoresha amasezerano, turashobora kumenya neza ko tuzoronka Mpwemu Yera ubwo nyene tukimusaba. Ndasavye musubiremwo gusoma kandi ico gitabu – birakenewe cane.

## Kristo muri twebwe

Igikurikira uravye mu murongo wa 17 ni iki? “**Kristo abe mu mitima yanyu kubwo kwizera.**”

Twoba tuzi neza uku kuri gutangaje? Iyo tubana na Mpwemu Yera, aho rero Yesu aca aba mu mitima yacu. Ntidushobora kuvyumva canke kubipima. Dutegerezwa kuvyizera. Namba wizera ibi, vugana nawe ubu nyene kandi umubarire uti: “Urakoze Mwami Yesu, kubera uba mu mutima wanje. Canke uti: Mwami, ndanezerewe kubera uba muri jewe.

Andrew Murray avuga ati: “Muri ubwo buryo Yesu aca akujana mu muvukano nawe mu ntumbero yuko ubuzima bwiwe buhinduka igice cubuzima bwawe.”<sup>53</sup>

E. G. White avuga ati: “Ubwaku bwa Mpwemu Yera ni ubuzima bwa Kristo mu mutima.”<sup>54</sup> Kandi “Mu mugambi wo gusubiza mu muntu ishusho y'Imana, vyarategekanijwe ko

---

<sup>52</sup> Helmut Haubeil: *Steps to Personal Revival*

<sup>53</sup> Andrew Murray: *Bleibe in Jesus*, (Leun, 2012), p. 149 / *Remain in Jesus*

<sup>54</sup> *Adventist Bible Commentary*, vol. 6, edited by Francis D. Nichol (Hagerstown, 1980), p. 1112

Mpwemu Yera akorera mu bwenge bw'abantu, maze akababamwo ubuzima bwa Kristo, inkomezi zitanga iforoma mu ngeso z'abantu"<sup>55</sup>.

Kandi: "Umukristo afise amagara mazima ni uwufise Kristo imbere, ivyizigiro vy'ubwiza"<sup>56</sup> (Ab' i Kolosayo 1:27). Iyi mirongo ivuga yuko Kristo aba mu mitima yacu kubwo kwizera. Kwizigira ni umushinge w'ukwizera. Ni ikibazo co kubitsa ubuzima bwanje bwose Yesu. Ni ikibazo co kwishikanira Imana ubwambere hanyuma tukama buri musu twishikanira Yesu.

### **Kubera iki kwiyegurira Imana burundu buri musu gukenewe cane**

Mu Baroma 12:1, Imana isaba ibi bikurikira: "*Ndabahanura kubw'imbabazi z'Imana , ngo mutange imibiri yanyu ibe ibimazi bizima vyera , bihimbara Imana, nikwo kuyikorera kwanyu kwogira ikimazi*". Mu migani naho 23:26 havuga ngo: "*Mwana wanje mpa umutima wawe...*" Insobanuro yo kwitanga yaraguwe cane mu gice ca 2 "kivuga ngo "Iyegurire Yesu". Yarasiguwe kandi mu gitabu *Gutumbera Yesu* mu gice ca 5 "Kwitanga."

Ukwitanga kwacu ku Mana y'urukundo kuzana umugisha mwinshi. Yesu ni yaba yemerewe kuyobora ubuzima bwacu, arashobora rero kutubohora ububi bwo kwikunda (kwifuza, ishavu, ugutongana, n'ibindi).

Ellen G White agira ati: "*Guhabwa Mpwemu Yera ni uguhabwa ubuzima bwa Kristo. Kuzanira uwumuhawe uburanga bwa Kristo*"<sup>57</sup>

Mu kindi gice yanditse ati: "*Ntituzoronka intsinsi biciye mu bitigiri, ahubwo biciye mu kwitanga rwose kw'umutima kuri Kristo*"<sup>58</sup>

---

<sup>55</sup> E. G. White: *Ye Shall Receive Power* (1995), February 8.

<sup>56</sup> E. G. White: *Ye Shall Receive Power*, (1995), February 4

<sup>57</sup> E. G. White: *The Desire of Ages* (1898), p. 805.3

<sup>58</sup> E. G. White: *Sons and Daughters of God* (1955), p. 279.2

## Gutahura ibanga ryahishuwe

Reka tubandanirize mu Abanyefeso 3:18 igice ca mbere: “... kugira ngo mugire inkomezi zibashoboza gutahurira hamwe n’abera bose...”

Ni ikidukwiye gutahura twese? Ni ivyo vyavuzwe mu murongo utangura: ibanga ry’uko Kristo aba muri twebwe (biciye muri Mpwemu Yera), kubera ico ubuzima bwacu bugaca buhinduka, kubera tuba dushinze imizi kandi dushikamyeye mu rukundo rw’Imana. Ibi bisigura yuko Yesu Kristo akuza ingeso ziwe muri twebwe.

Mwene Data umwe yaranditse ati: “Ukuri ku bijanye no kuba muri Kristo Kristo nawe akaba muri twebwe kuroroshe cane ariko kandi kuragoye cane gutahura kuburyo abakristo benshi batargutahura.”<sup>59</sup>

Paulo aravugaga mu Ab’i Kolosayi 1:25-26 ngo: “ Iryo nacikiye umukozi, nk’uko nahawe n’Imana ububwiriza bwo kugaburira mwebwe, kugira ngo nkwiye ijamba ry’Imana rishitse, ni ryo banga ryari ryarahishijwe uhereye kera hose n’ibihe vyose, ariko noneho ryahishuriwe abera bayo... **Ni irihe banga? Umurongo wa 27: “Abo Imana yakunze kumenyesha itunga ry’ubwiza bw’iri banga mu banyamahanga, ni ryo Kristo ari muri mwebwe, ivyizigiro vyo kuzoronka ubwiza.”**

Ibanga ryanyegejwe uhereye kera ubu rikaba ryahishuwe ni uko Yesu ubwiye ashaka kuba muri twebwe biciye muri Mpwemu Yera. Igisomwa kivuga yuko ibi ari ivyizigiro vyo kuzoronka ubwiza. Ibi bisigura yuko ukunengesera kw’ubuzima Imana ishaka ko turonka muri ubu bugingo ariko kandi ikadusukako ubugingo budashira, tuba tubwemerewe.

Ellen White asigura iri banga ryiswe “Kristo muri mwebwe” ivyizigiro vyo kuzoronka ubwiza (Ab’i Kolosayi 1:27), muri ubu buryo bukurikira: “Ukumenya iri banga gutanga urufunguruzo ku kindi kintu cose. Kwugururira umutima ubutunzi bwo mw’isi

---

<sup>59</sup> Dennis Smith: *Abiding in Christ*, p. 12

n'ijuru, ububasha bwo gutera imbere.”<sup>60</sup> Bibiliya ikoresha kenshi invugo nka “Kristo muri wewe” igakoresha n’amajambo asa n’ayo nka “muri Kristo”; “muri We”; “mu Mwami”; “mu mukundwa”. Nk’akarorero, iyi mvugo ni ryo jambo nyamukuru mu makete ya Paulo yandikiye Abanyefeso. Iyumvire ku gishingantahe ca Paulo: “... ariko ni Kristo aba muri jewe” (Galatiya 2:20).

Mu Baroma 15:18 yanditse ati: “*Sinzotinyuka kuvuga ikintu na kimwe atari **ico nakoreshejwe na Kristo...***” Ibindi bisomwa bizwi cane ni: “*Arikw’Imana ishimwe yama itujana nk’abafashwe mpiri **muri Kristo***” (2 Abi Korinto 2:14).

“*Nuko rero iyo umuntu **ari muri Kristo** aba ari icaremwe gishasha.* (2 Abi Korinto 5:17). Akatuzo ngaha kashizwe ku guhinduka kw’ingeso kubera icamwa ca Mpwemu.

“*Twaremewe **muri Kristo**Yesu ngo dukore ibikorwa vyiza*” (Abanyefeso 2:10).

“*Abapfiriye **muri Kristo** nibo bazobanza kuzuka* (1 Tesalonike 4:16)

“*Ariko uwitondera ijambo ryiwe wese, ugukunda Imana kuba guhinguwe **muri we** vyukuri* (1 Yohana 2:5).

“*Imana yatumye umwana wayo ... kugira ngo ivy’ivyagezwe bibwiriza bishikanwe **muri twebwe...***” (Abaroma 8:3-4)

Turavye mu gitabu c’urutonde rw’amajambo (concordance), dushobora kubona ibisomwa vyinshi cane vy’agaciro ku bijanye n’iryo jambo: muri Kristo, mu Mwami, mu bakundwa, muri We (Kristo).

## ICO ELLEN G.WHITE YANDITSE KURI “KRISTO MURI MWEBWE”

### Ingaruka zo kuba umwe muri Kristo

---

<sup>60</sup> E. G. White: *Education* (1903) p.172

*“Igihe abantu b’Imana babaye umwe mu bumwe bwa Mpwemu Yera, ubufarisayo bwose, ukwigira abagororotsi kwose, ari naco caha c’ihanga ry’Abayuda kuzokwirukanwa mu mitima yose...*

*... “Abo Imana yakunze kumenyesha itunga ryubwiza bw’iri banga mu banyamahanga, ni ryo Kristo ari muri mwebwe, ivyizigiro vyo kuzoronka ubwiza” (Ab’i Kolosayi 1:27)<sup>61</sup>.*

### **Yosefu, Daniyeli na bagenzi we**

*“Ukwiye kwitegura gukurikira akarorero k’uru rwaruka rw’akarorero. Ntukigere uterwa isoni n’amarangi yawe; yambare, uyagaragarize abagabo n’abamarayika. Ntukagengwe n’ugushaza kw’ikinyoma, no kwinegesera kutari kwo kukwereka ivyo wokora binyuranye n’iyi mpanuro. Kubwo guhitamwo amajambo n’ivyo ukora vyiza, isuku ryawe, ukwubaha Imana kwawe, gira ukwizera kugaragara, ufate ingingo yuko Kristo azoja ku ngoma mu ngoro y’umutima wawe; kandi ushire ingabirano zawe ataco wisigarije ku birenge vyiye kugira ngo zikoreshwe mu gikorwa ciwe.”<sup>62</sup>*

### **Ubuzima mu rugo**

#### **Kristo mu mutima wose azozana ubumwe**

*Ubugombe bw’Imana ni bwarangurwa, umugabo n’umugore bazokwubahana, kandi bazoteza imbere urukundo no kwizigiranira. Ikintu cose cokwonona amahoro n’ubumwe bw’umuryango gikwiye kugwanywa rwose, kandi ubugwaneza n’urukundo bikundwe. Uwo yerekana impwemu y’urukundo, kwihangana, n’urukundo bazobona yuko impwemu nk’iyo izobakayanganako. Aho Mpwemu Yera ari, ntihazoba amajambo yo kugayana mu bubakanye. Kristo ni yaba vyukuri ari imbere, ivyizigiro vyo kubona ubwiza, hazobaho ubumwe n’urukundo mu rugo. Kristo ari mu mutima w’umugore*

---

<sup>61</sup> E. G. White, *Selected Messages* (1958), Vol.1, p. 386.1

<sup>62</sup> E. G. White, *Messages to Young People* (1930), p. 28.1

azokwumvikana na Kristo aba mu mutima w'umugabo. Bari hamwe, bazogwanira ya mazu Kristo yaja gutegurira abamukunda.”<sup>63</sup>

Ukeneye yuko inzu yawe iba nk'ya Aburahamu. Yategeka abo mu nzu yiwe kumukurikira. Yabigisha kwubaha ivyagezwe vy'Imana. Ibi ni ivyigwa, ku bavyeyi b'abagore, ko bakwiye kwihangana maze bakigisha abana babo. Ntushobora kumara umwanya wiga imideri ya kino gihe. Bigishe yuko ari ubutunzi bw'Imana. Turiko turarema ingeso uyu musu. Basore n'abigeme, uyu musu niho uriko urashinga kazoza kawe. **Emerera Kristo akuzemwo. Azokurinda ibigeragezo.**<sup>64</sup>

### Kunesha

“Nuko rero iyo umuntu **ari muri Kristo** aba ari icaremwe gishasha: ivya kera vyose biba birenganye (2 Abi Korinto 5:17). Biciye mu nkomezi za Kristo abagabo n'abagore baracagaguye imigozi y'akamenyero k'icaha. Barahevye ukwikunda. Umupagani yahindutse uwubaha, imborerwa ihinduka uwirinda, icangazi gihinduka intungane. Imitima yatwara ishusho ya Satani yarahinduwe mw'ishusho y'Imana. Iri hinduka ubwaryo ni igitangaza c'ibitangaza. Ihinduka ryakozwe n'Ijambo, ni rimwe mu mabanga yimbitse y'Ijambo. Ntidushobora kuritahura; dushobora gusa kuryizera, nk'uko vyatangajwe n'Ivyanditswe, ni “Kristo muri mwebwe, ivyizigiro vyo kuzoronka ubwiza.” (Ab'i Kolosayi 1:27).<sup>65</sup>

### Amakete ya Yesu

“Biciye mu muntu wese wo mu bana biwe, Yesu ararungikira ikete isi. Namba ukurikira Kristo, arungika ikete muri wewe ku muryango, kubo mu kigwati, aho uba. Yesu aba muri wewe, yifuza kuvugana n'imitima y'abo batamenyeranye nawe. Kumbure

---

<sup>63</sup> E. G. White: *Adventist Home* (1952), p. 120.1

<sup>64</sup> E. G. White: *Temperance* (1949), p. 290.2

<sup>65</sup> E. G. White: *Steps to Christ* (1892), p. 115.1

ntibasoma Bibiliya, canke ntibumva ijwi rivugana nabo mu mpapuro zayo; ntibabona urukundo rw’Imana biciye mu bikorwa vyayo. Ariko niwaba umuserukizi w’ukuri wa Yesu, birashoboka yuko biciye muri wewe bazoyoborerwa gutahura ikintu cerekeye ubwiza bwiwe hanyuma bazanwe mu rukundo no mu gikorwa ciwe.”<sup>66</sup>

### **Uruhande rw’umuntu mu rukundo rw’Imana**

Biciye muri ubu bucuti bwa hafi, ubwo Kristo yifuza yuko tubamwo biciye muri Mpwemu Yera, aratwereka mu buryo budasanze uruhande rw’umuntu ku rukundo ruhambaye rw’Imana.

Ntivyumvikana ko Kristo aba muri jewe. Ariko ijambo ryiwe ryiwe rirawemeza ibi, bigaca cituma ibi biba ukuri. Mu Banyefeso 3:18 dusoma ngo: *“mugire inkomezi zibafasha gutahurira hamwe n’abera bose uburebure bw’ubwaguke n’ubw’amakika , n’ubw’igihagararo,....”* (Abanyefeso 3:18).

Umuvyeyi w’umugabo umwe yariko aratemberana n’umuhungu wiwe mu mahanga, yashatse gusigurira umwana wiwe urukundo rw’Imana. Uwo muvyeyi yaravuze ati: Raba hanze ingafe y’ubwato na kiriya cuma co kuyihindukiza. Ubu ni uburebure bw’urukundo rw’Imana. Ubu rero raba mu kirere – ubu n’ubwaguke bw’urukundo rw’Imana. Ubu naho raba ku bicu – ubu ni uburebure bw’amaja ruguru bw’urukundo rw’Imana. Ubu rero raba hirya y’amazi. Ibahari ija musi yacu. Ubu nibwo burebure bw’amaj’epfo bw’urukundo rw’Imana. Uwo musore yariyumviriyeye umwanya kuri izo nsiguro hanyuma aratangara n’umunezero mu maso ati: “Papa, urazi igice ciza kuruta ibindi vy’urwo rukundo?” Turi hagati na hagati muri rwo”.

Umuntu wese yama ashikanira Kristo ubuzima bwiwe buri musi kandi akuzuzwa Mpwemu Yera, aba ari hagati mu rukundo rw’Imana. Nta kibanza ciza twashobora kubamwo kiruta ico.

---

<sup>66</sup> E. G. White: *Steps to Christ* (1892), p. 115.1

Ndasenga buri gitondo ngo Data wa twese w'igitangaza andagirire muri ico kibanza.

### **Igikorwa co kw'isonga: ubuzima busesekaye**

Mu Banyefeso 3:19, Paulo ashaka yuko dutahura urukundo rwa Yesu kuri twebwe kandi yuko biciye muri urwo rukundo twuzura ukunengesera kw'Imana. Umurongo wa 19 uvuga ngo: *“No kumenya urukundo rwa Kristo ruruta uko tworutahura, kugira ngo twuzure ukunengesera kwose kw'Imana”*.

Murashobora kubona ico Kristo aba muri twebwe bivako? Ni inzira y'ukunengesera kw'Imana. Muri Yohana 10 :10 havuga ko yaje kugira ngo turonke ubugingo busagutse. Aba Kolosayi 2 :9-10 havuga ngo : *« Kuko muri we ariho haba ukunngesera kwose kw'ubumana mu buryo bw'umubiri. Kandi munengeserezwa no kumubamwo... »* Woba ufise ukunengesera kwa Kristo? Imana yifuza kukuguha. Fata intambuko zikenewe!

## Kwishurwa ibirengeye ivyasabwe

Turashobora gusaba ngo Uhoraho yishure amasengesho yacu akurikije isezerano ryiwe ryo muri Efeso 3:20 ngo: “*Nukwishobora gukora ibirengeye cane ivyo dusaba n’ivyo twiyumvira vyose, nk’uko ubushobozi bwayo budukoreramwo buri.*” Turashobora gusaba, twishuza amasezerano yuko Imana yacu y’igitangaza itaduha inyishu kuvyo twasavye gusa, ahubwo ibirengeye ivyo twasavye, birengeye ubwenge bwacu - nk’uko twayasavye- vyinshi cane nk’uko itanga ryayo n’ubushobozi bwayo n’ubwiza bwayo biri.

Ikigeretseko, turashobora gusaba dukurikije Yeremiya 33:3 ko Imana yishura amasengesho yacu kandi ikaduhishurira ibintu binyegeje kandi bihambaye: “*Mpamagara nanje ndakwitaba, nkwereke ibihambaye n’ivyikinze, ivyo utari bwabone.*”

### Ni iyihe ngaruka ubuzima bwa Yesu bugira muri jewe?

<sup>1</sup> Ab’i Korinto 1:30 hagira hati: “*Ni yo iduha kuba muri Kristo Yesu, yaduhindukiye ubwenge buva ku Mana, n’ukugororoka n’ukwezwwa, n’ugucungurwa.*” Kristo yaduhindukiye **ubwenge**. Turashobora gukorana ubwenge iyo dufise Kristo muri twebwe.

Imigani 8:11 havuga ngo: “*Kuk’ubwenge buruta utubuyenge twitwa marijani, kandi mu bintu bihimbara vyose nta gihwanye nabwo.*”

Umusiguzi 2:13: “*Kandi nabonye yuko mu bwenge harimwo inyungu kuruta mu bupfu, nk’uko mu muco harimwo ubwenge kuruta mu mwiza.*”

Kristo yaduhindukiye **ukugororoka**. Ibi bisigura yuko ukugororoka, kwari kwatakaye mu gihe icaha caza mw’isi, gushobora kwongera kuboneka biciye muri we. Igisomwa ciza cane ni Abaroma 8:3-4 havuga ngo “*Imana yatumye umwana wayo ... itsindisha icaha kiri mu mubiri kugira ngo ivy’ivyagezwe bibwiriza bishikanwe muri twebwe, tutagenda mu buryo bwa kameremere kacu, ariko tugenda mu bw’impwemu.*”

Ni murabe ingene uyu murongo uvuga yuko ukugororoka gushitswa muri Yesu kuri abo bagenda muri Mpwemu. Uku n kwo Kristo abaho muri twebwe.

Dennis Smith yaranditse ati: "Gutsindanishirizwa kubwo kwizera kugizwe n'igice gitsindanishiriza n'ikindi ceza. Ugutsindanishirizwa bisobanura yuko Imana ibohora umwizera icaha hamwe n'igihano, maze ikambika umunyavyaha yihanye ukugororoka kwa Kristo (ukwumvira gushitse)<sup>67</sup>. Aho rero ukuguranya gutangaje kurabaho: Kristo yakira ugutsindwa kwanje akampa ukugororoka kwiwe. Biciye muri uku kuguranura, duhagarara imbere ya Data nk'aho tutigeze ducumura. "Nk'ukw'i burasirazuba hitanguye i burengerazuba, uko niko yashize kure ibigabitanyo vyacu (Zaburi 103:12). Kubw'ubuntu bw'Imana, turashobora kwidagemevyira ku vyadutsinda.

Kristo yaduhindukiye **ukwezwa**. Mbega ukwezwa bisobanura iki? "*Ukwezwa nyakwo gusobanura urukundo, ukwumvira, no kugendana n'ubugombe bw'Imana bitagira agasembwa.*"<sup>68</sup> Akamaro ko kugira Kristo muri wewe kubw'umunezero wo kwumvira tuzobigarukako ido n'ido mu gice ca 4 "Kwumvira muri Yesu".

Kristo yagizwe agakiza ku bwacu, bisobanura, guharirwa ivyaha vyose, umwidgegemvyo wo kuva mu buja bw'icaha, n'ubugingo budashira mu bwiza bw'Imana. Yesu yaratanze ikiguzi kubera ikimazi ciwe. Mu gihe abantu bagurwa muri Afrika bajanwa kugirwa abaja, imbohe zaba zifise icuma gifunze ku mazosi yabo, hanyuma umunyororo n'uwundi bakaba bafatanijwe n'ikinyororo. Rimwe na rimwe, umwe muri abo bagorwa yaragurwa bakiri munzira. Igihe cose ikiguzi catangwa, umunyororo yaca akurwako cacuma mw'izosi. Yesu yaraducunguye, yaratanze ikiguzi kubwacu.

---

<sup>67</sup> Dennis Smith, *40 Days Prayers and Devotions to Revive Your Experience With Christ*, (R&H, 2011), 18

<sup>68</sup> E. G. White, *Acts of the Apostles* (1911), p. 565.1

## Ni iki kindi Yesu akora muri jewe?

Ivyiyumviro vya Kristo bizokura buhorobuhoro muri twebwe. Turashobora kandi kwishuza Ab'i Filipi.

Ab'i Filipi 2:5 iyo dusenga ngo “*Mugire wa mutima muri mwebwe wari muri Kristo Yesu*”. Nitwamwemerera, Kristo azozana uburyo bwiwe bwo kwiyumvira no gukora abidushiremwo. Duca rero dukunda ivyo akunda. Twigiza kure ibintu adakunda.

## Aranshoboza kumushingira intahe

Kubera yuko Yesu yaje “kurondera no gukiza icari cazimiye” (Luka 19:10), azoyoborerera abantu ku gakiza biciye muri jewe. ‘*Yesu aba muri jewe yifuzza kuvugana n’imitima y’abo batamenyeranye nawe.*’<sup>69</sup> Ariko muzoronka ubushobozi Mpwemu Yera ni yabazako: *muzombera ivyabona*” Ivyakozwe 1:8).

## Gusenga muri Mpwemu / Gusenga mw’izina rya Yesu / Gusenga no kwishuza amasezerano

Imana iratwinginga ngoa “*dusengere muri Mpwemu*” (Yuda 20). Iyo Kristo aba muri twebwe biciye muri Mpwemu Yera, aho rero turashobora gusengera muri Mpwemu Yera hamwe no mw’izina rya Yesu. Yesu aratwizeza ngo: “*Kandi ico muzosaba cose mw’izina ryanje, nzogikora, kugira Data ashimagizwe mu Mwana*” (Yohana 14:13). Turabarirwa mu bryo bwumvikana ngo: “*Ntidutegerezwa gusenga mw’izina rya Kristo gusa, ariko kandi dutegerezwa guhumekerwa na Mpwemu Yera*”<sup>70</sup>

Bisobanura iki gusenga mw’izina rya Yesu? “... *gusenga mw’izina rya Yesu ni ikintu kirengeye kuvuga gusa iryo zina mu ntango no mu mpera y’isengesho*”. *Ni ugusenga mu mutima no mu mpwemu ya Yesu, igihe twizera amasezerano yiwe, tukizigira ubuntu bwiwe, tugakora ibikorwa vyawe.*”<sup>71</sup>

---

<sup>69</sup> E. G. White, *Steps to Christ* (1892) , p. 115.1

<sup>70</sup> E. G. White, *Christ’s Object Lessons* (1900), p. 147.3

<sup>71</sup> E. G. White, *Steps to Christ* (1892), p.100.2

Rero, gusenga mw'izina rya Yesu gufise ishusho zine:

1. Gusenga mu Mpwemu ya Yesu bisobanura kwuzura Mpwemu Yera
2. Kwizera amasezerano yiwe, bisigura kwishuza amasezerano mu gusenga
3. Kwizigira ubuntu bwiwe, ni ukuvuga bijanye no kwizigira, kwizera, imigenderanire y'igitangaza n'Imana mu kwizigira.
4. Gukora ibikorwa vyayo, ni ukuvuga kwumvira muri vyose biciye muri Mpwemu

Iyo tugumye muri Kristo, ivyo bisabwa vyose bica vyuzuzwa n'ubuntu bwiwe. Yarasezeranye kwishura amasengesho yacu. Ibi vyerekana yuko Yesu Kristo yizigira abo baguma muri We.

**Amasengesho hamwe n'amasezerano<sup>72</sup>:** Turashobora kuba tworonka akunguko k'amasezerano yose biciye muri Kristo aba muri twebwe. *“Kuko ivyo Imana yasezeranye uko bingana, muri we niho Egame riri, nico gituma ari we adutera kuvuga ngo Amen.”* Raba kandi muri 2 Petero 1:3-4: *“Kubw'ubushobozi bw'ubumana bwayo vyaduhaye ivy'ubugingo no kwubaha Imana vyose, tubiheshwa no kumenya rwose uwaduhamagarishije ubwiza bwiwe, n'ingeso nziza ziwe (ibi bisigura imigenderanire ikomeye na Yesu). Ivyo vyatumye **aduha ivyo yasezeranye vy'akaburarugero, bihambaye cane, kugira ngo bibatere gusangira n'Imana akameremere kayo ...**”*

Murabe ingene inzira y'Imana itangaje:

- Imana yaramaze kuduha ivyo dukeneye vyose ngo tubeho kandi ubuzima bwo kwubaha Imana,
- Turonka izi ngabirano biciye mu migenderanire yo hafi na Yesu
- Ibi bintu bidushikako muri iyo migenderanire biciye mu kwishuza amasezerano mu masengesho, ni ukuvuga, biciye mu masengesho yo kwizera tuzoronka kamere y'Imana.

---

<sup>72</sup> Claiming promises in prayer is dealt with in more detail in *Steps to Personal Revival* by H. Haubeil , Chapter 5 The Key to Practical Experience

## **Kubohorwa ubushobozi bw'icaha**

*“Nuko rero noneho abari muri Kristo Yesu nta rubanza ruzobatsinda. Kukw'ikingera ca Mpwemu w'ubugingo bwo muri Kristo Yesu cancunguye ngo singanzwe n'icangera c'icaha n'ic'urupfu” (Abaroma 8:1,2.)*

Kubera iki ata gutsindwa n'urubanza kuri abo bari muri Kristo Yesu? Ubwambere ni ukubera Kristo yafashe ivyaha vyanje akavyishirako. Ubwakabiri, iyo ari muri twebwe, ubuja bw'icaha kuri twebwe buramenagurwa; nca ncungurwa ngo singanzwe n'icagezwe c'icaha. Ibi bisobanura yuko tutaba tugitegerezwa gucumura, ariko tuba twoshobora gucumura. Ab'i Galatiya 5:1 havuga ikintu gihambaye ku bijanye no gucungurwa ukava mu bubasha bw'icaha: *“Mugendere muri Mpwemu [bisobanura kubana igihe cose na Mpwemu Yera]. Kristo muri twebwe aradukingira gucumura n'abamarayika baguye nk'uko 1 Yohana 5:18 havyemeza: “Turazi y'uko umuntu wese avyawe n'Imana adakora ivyaha, arik'umwe yavyarwa n'Imana aramuzigama, kandi wa mubi ntamukorako.”* Kristo yuzuzwa imitima yacu Mpwemu Yera ku buryo umubi ataronka ikibanza. Yamara, kuri uru rugero, dutegerezwa kuguma twibuka yuko *“umuntu wacu w'imbere yama agirwa musha uko bukeye”* (2 Ab'I Korinto 4:16).

## **Kristo muri twebwe aradutera umwete ngo ntiducumure**

Muri 1 Yohana 3:-9, tuhasoma aya majambo ahambaye cane ku bijane n'icaha: *“Umuntu wese aguma muri we ntakeza ivyaha; ukora ivyaha we ntiyamubonye kandi ntiyamumenye. Bana bato ntihakagire ubazimiza: ukora ibigororotse niwe agororoka, nk'uko uwo agororoka. Ukora ivyaha ni uwa wa murwanizi, kuk'uhereye ubwambere na mbere wa mugwanizi yamyeye akora ivyaha. Icatumye Umwana w'Imana ahishurwa ng'iki: n'ukugira ngw'asangangure ibikorwa vy'umurwanizi.*

*Umuntu wese yavyawe n’Imana ntakora icaha kuko imbuto y’Imana iguma muri we; kandi ntashobora gukora ivyaha kuko yavyawe n’Imana.”*

Abahinga mu Kigiriki ca kera batubarira yuko ayo majambo ajanye no gucumura yerekeye akamenyero ko gucumura. Uko igisomwa c’umwimerere c’ikigigiki kivuga, “... ntabandanya acumura” mu yandi majambo .

nk’akamenyero (ariko rimwe narimwe aragwa mu caha). Nk’abana b’Imana dukora ibibereye kandi twitondera amabwirizwa y’Imana<sup>73</sup>.

Ibi bisigura yuko dufise Kristo muri twebwe, kandi ari kumwe natwe, bidufasha guheba akamenyero kabi k’icaha. Ubuzima bwacu “Kristo ari muri twebwe” bidufasha kugira intsinzi ku vyaha vyama bitwizingirako.

### **Mbega duca duhinduka kandi “abaganzwa na kamere” iyo ducumuye?**

Tugume twibuka yuko biciye muri iryo hinduka ritangaje ntidushika ku rugero rwo kutagira icaha. Turashobora kugwa mu caha kubera intege nke, ukwihuta canke ubujuju. Iyo ibintu nk’ivyo bishitse, turakenera “guhumeke mu buryo bwa Mpwemu” . Ibi bisobanura kwatura ivyaha vyacu, tukemera guharirwa kandi ugasaba kwuzuzwa Mpwemu Yera. Igihe cose tuzohema mu buryo bwa Mpwemu, tuzoguma turi abakristo b’impwemu kandi ntituzoba abaganzwa na kamere. Icaha ntigica imigenderanire ya Mpwemu yacu n’Imana. Ariko kirayihungabanya kandi dukenera guhangana n’iyo ngorane.

Tuzosubira kuba abaganzwa na kameremere kandi ni twemerera ukutizera yuko gushinga imizi hanyuma tugahagarika “guhema mu buryo bwa Mpwemu”. Kamere yacu y’icaha igumaho gushika ku kugaruka kwa Yesu. Nta ntumwa n’imwe yigeze ivuga

---

<sup>73</sup> Werner E. Lange, Hrgb., *Unser größtes Bedürfnis* (Lüneburg 2011), 31

yuko itagira icaha. Yamara “Kristo muri twebe” atuma habaho ihinduka rigaragara mu migenderanire yacu n’icaha.

### **Ingaruka zigaragara**

Intumwa Yohana yanditse ati: “Bana banje bato ndabandikiye ivyo kugira ngo ntimukore icaha. Kandi ni hagira umuntu akora icaha , dufise umwitsa kuri Data wa twese, ni Yesu Kristo umugororotsi” (1 John 2:1). Kubw’ivyo, Imana itwifuriza kubaho ubuzima butagira icaha muri Kristo, ariko ducumuye, aho rero twosaba umwitsa ngo aduharire.

E. G. White avuga yuko “Icaha gishobora kurwanywa no gutsindwa biciye mu bushobozi bw’ubutatu, bashobora kuza mu kunengesera kw’inkomezi z’Imana.”<sup>74</sup>

Rero biciye muri Kristo aba muri twebe biciye muri Mpwemu Yera, ubushobozi bw’icaha kuri twebe buramenagurika kandi bizogabanura rwose incuro ducumura.

### **Amagara meza**

Kristo muri twebe azokwitwararika amagara yacu: “Mukundwa ndagusengera ng’umererwe neza muri vyose, uhore uhangaye, nk’uko ubugingo bwawe bumerewe neza muri vyose.” (3 Yohana 2).

Kand’Imana Nyen’amahoro ibe ari yo ibeza rwose: kand’impwemu yanyu n’ubugingo n’umubiri vyose hamwe bizigamwe ngo bize bisangwe bitagira umugayo aho Umwami wacu Kristo azozira. Ibahamagara ni iyo kwizigirwa no kubikora izobikora (1Tesalonike 5:23-24).

Mperuka kwumva icigwa catanzwe na Dr Sang Lee. Yashimika avuga yuko biciye mu migenderanire y’ubwizigirwa na

---

<sup>74</sup> E. G. White, *Ye Shall Receive Power* (1995), January 5, par. 2

Kristo, uduce duto tw’umubiri tutugize (gene) dukora neza kandi tugakora imisemburo (hormone) mizima.

Isano riri hagati yo kwizera n’amagara meza, ubu ni ubutumwa isi ikeneye mu buryo bwihuta. Ubu butumwa bushobora kujanwa n’abigishwa ba Yesu gusa, bama bitanga buri musu kugira baronke Mpwemu Yera kandi babaho bakurikije impanuro zijanye n’ivugurura mu vy’amagara meza.

Ivyigwa vyakozwe ku bantu 35.000 bari musu y’imyaka 30 bakurikiranwa na Grossarth-Maticek, umwarimu muri kaminuza, vyerekanye yuko: igituma umuntu ashobora kugira amagara meza ca mbere ni urukundo, imigenderanire myiza n’Imana. Igihe iyo migenderanire iriho, hanyuma ibindi bituma kugira amagara meza nk’imfungurwa nziza, imyimenyerezo no kubaho neza, bica kenshi bikomera.<sup>75</sup>

Ibi bica vyerekana neza insiguro y’uwu murongo wo muri Bibiliya uvuga ngo: *“Kuko kwimenyereza kw’umubiri kugira ikimazi kuri bike, ariko kwubaha Imana kugira ikimazi kuri vyose, kuko kuzana isezerano ry’ubugingo bwa none n’ubuzoza”* (iTimoteyo 4:8).

Mu gitabu ca 3 c’imisi 40, Dennis Smith (Imisi 40 Amategeko y’Imana y’intungamagara ku bantu bo mu misi y’iherezo) yerekana ubundi buryo bwo gutahura intungamagara butari ubwo twari tumenyereye. Yerekana ukuntu ubushobozi bwa Mpwemu Yera butera umwete maze bugakora kugira buhindure imibereho. Kubw’ivyo, amagara mu bigumbagumba afise akamaro gahambaye. Smith avuga ibi:

“Ibi bitegeka kuronka ukunagurwa kwuzuye kw’umubiri, ibigumbagumba n’ivya Mpwemu ivyo ashaka yuko turonka.”<sup>76</sup> Umudandaza umwe yaranditse ati: “Ndemera ubutumwa

---

<sup>75</sup> According to the “Heidelberger prospektiven Interventionsstudie”. Quelle: Ronald Grossarth-Maticek: Systemische Epidemiologie und präventive Verhaltensmedizin chronischer Erkrankungen. Strategien zur Aufrechterhaltung der Gesundheit. Berlin: de Gruyter, 1999, S. 109-111

<sup>76</sup> Dennis Smith, *40 Days (Nr.3) God’s Health Principles for His Last-Day People*, (R&H 2011) Day 1

bw'intungamagara biciye mu kwama nuzuzwa uko bukeye Mpwemu Yera. Imbere y'ibi, nta karisha-bwenge na rimwe ryigeze rigira ico rimpindurako. Narakunda inyama kandi sinarinda gucagura n'izo mfungura; naranywa kandi akawa n'icayi c'amajane. Siniyumvira yuko ico ari ingorane.

Rimwe na rimwe naranywa n'inzoga. Kuva mumwaka w'2009 narasenze buri musi nsaba kwuzuzwa Mpwemu Yera. Yaranyemeje kwirinda inyama, akawa, icayi n'inzoga. Nahindutse uwufungura ibimera gusa.

Narashoboye kubona yuko kubana na Mpwemu Yera ari wo mushinge w'intsinzi mu bintu vyose, harimwo no kwigerera n'imibereho".<sup>77</sup>

Umukenyenzi umwe yaranditse musi y'umutwe yise "Ukwishikana kwose kwahinduye ubuzima bwanje" (turasangira gusa ibijanye n'intungamagara) agira ati: "Ntumira Mpwemu Yera uko bukeye ngo abe kandi akore mu mutima wanje. Ndafise ivyiyumviro bitomoye kandi nambara rwose rupfasoni. Ikindi sinkikunda kurya umwanya wose.

Ivyo ntivyari kunshobokera mu nkomezi zanje. Ndashobora guhangana n'ibigeragezo vya buri musi kandi nkaaguma mu mahoro simpungabane, kandi uguhagarika umutima ntibituma niyumvamwo umururazi.

Imana yarampaye kandi inkomezi zo guhagarika kunywa ikawa. Imbere yaho, ivyo ntawoshoboye kuvyiyumvira. Kubera mpevyeye kunywa ikawa, naragwaye ukumeneka umutwe imisi itanu yose. Ubu sinshobora kwibaza ingaruka zashobora kunshikira. Ico nzi gusa nuko ntashaka kubisubiramwo kandi. Uyu musi, sinkivyifuza.

---

<sup>77</sup> E-mails from a businessman on March 3 and March 21, 2013, shortened and adapted

Nahuye n'ibisa n'ivyo ku bijanye n'inyama. Jewe n'umuryango wanje ntitwari bwigere twiyumvira guheba inyama. Uyu musi biroroshe kuri jewe, sinkizifuza.”<sup>78</sup>

Umwe mu bahinga bahambaye yaranditse ati: “Ubukene bw'ukuri muri iki gihe cacu si inyigisho mu vy'intungamagara – kuko turafise amakuru ahagije. Igikenewe ni amakuru ku ntungamagara afatanye n'ubushobozi bwo kubishira mu ngiro. Ni ubushobozi bwo guhindura.”<sup>79</sup>

Ubutumwa bwiza buduha ubushobozi bwo guhindura, canke, mu majambo yumvikana, Kristo muri twebwe biciye muri Mpwemu Yera.

### **Ihinduka rikomeye mu buzima bwa Hudson Taylor**

Igihe Hudson Taylor yari arongoye umugwi w'abavugabutumwa b'abashinwa, yaronse ikete rya mugenziwe Mc Carthy. Imana yakoresheje iryo kete kugira ngo imwugurure amaso ku kuri gutangaje kwo kuguma muri Kristo na Kristo aguma muri twebwe. Bijanye n'ukuri kubijanye n'ibanga ry'ubumwe hagati y'umwizera na Kristo. Guhera uwo musi, urugendo rwa Taylor n'Imana rwabaye urugendo rw'amahoro, uburuhukiro n'intsinzi. Abavugabutumwa bakorana bariboneye iryo hinduka ridasanzwe. Bavuze ku kuntu Taylor yariko arafata inzira nshasha nk'umuntu mushasha mw'isi nshasha kugira ngo asangire nabo igishingantahe ciwe c'ivyo Umwami yamukoreye.

Taylor yandikiye ikete mushiki we mu Bwongereza. Yagerageje gusigura uku kuri gutangaje yari yavumbuye n'ivyo yacyemwo n'Imana yiwe. Yanditse ati: “Igikorwa canje ntikirigera

---

<sup>78</sup> The complete testimony can be read in German at [www.missionsbrief.de](http://www.missionsbrief.de) – Archiv – Missionsbrief Nr. 42, S. 17 *Völlige Hingabe veränderte mein Leben.*

<sup>79</sup> Don Macintosh, Director Newstart Global, Weimar, USA, in D'Sozo, (Remnant USA), Foreword.

kiba kinini, cuzuye inshingano kandi kigoye nk’uko kiri ubu, ariko ubu uguhangayika kwarazimanganye rwose.

Ukwezi guheze kwoba kwabaye ukwambere kw’umunezero mu buzima bwanje. Ndifuzaga cane kukubarira ivyo Uhoraho yankoreye. Sinzi namba nshobora kubivuga neza, kubera ata kintu gishasha canke kidasanzwe vyukuri kiriho, ariko rero vyose ni bishasha! Muri make, “Aho nahora ndi impumyi ubu ndashobora kubona”!

Igihe umutwari wanjye wari munini cane, Imana yakoresheje iryungane mw’ikete rya McCarthy kugira ngo ikure ibigaragamba ku maso yanjye. **Mpwemu w’Imana yampishuriye ivyo kuba umwe na Yesu kuruta uko nari narigeze kubimenya...**”

Taylor akomeza mw’ikete ryiwe adondora ukuntu Uhoraho yuguruye ubwenge bwiwe ku majambo ya Kristo – ko ari umuzabibu abizera nabo amashami. Yanditse ati: “Mbega umunezero wo kubona uku kuri!” Abandanya agira ati: “Igihe kiriyoshe cane – namba umuntu umwe yovuga igice kiriyoshe gusumba ikindi , ni uburuhukiro Kristo azana. Singishavuzwa n’ikintu na kimwe, nk’uko mbona iki kuko Uwo nzi ashoboye gushitsa ubugombe bwiwe, kandi ubugombe bwiwe ni ubwanje. Ntaco bitwaye aho yonshira hose, n’ukwo yobikora. Ivyo ni we biraje ishingira kuruta jewe. Kubera aho noba hose horoshe rwose, ategerezwa kumpa Ubuntu bwiwe, mu bigoye rwose navyo Ubuntu bwiwe burahagije”

### **Ico Dennis Smith avugaga kubijanye n’ivyabaye kuri Taylor:**

Hudson Taylor yavumbuye ibanga ry’intsinzi mu rugendo rwo kujana n’Imana. Yavumbuye ukuntu ashobora kuronka amahoro ahambaye mu bihe vyose mu gikorwa co gukorera Kristo. Imana itanga intsinzi n’amahoro nk’ivyo ku bana bayo bese. Woba wifuzaga intsinzi n’amahoro nk’ivyo? Ndasengera umuntu wese asoma iki gitabu ngo aronke iyi ntsinzi nyene n’amahoro muri

Kristo – umunezero wasa n’uko bidashoboka kugerako imbere yaho.<sup>80</sup>

Ndifatanije n’uyu muhamagaro kandi nifuriza umuntu wese Kristo ariko arabamwo biciye muri Mpwemu Yera, ubuzima butemba kandi bwuzuye ivyamwa ku bwa Kristo, burangwa n’ubushobozi budasanze bwa Mpwemu Yera. “*Uba muri jewe nanje nkaba muri we, uwo niwe yama ivyamwa vyinshi*” (Yohana 15:5). Yesu yivugako ati: “*Data aba muri jewe niwe akora ibikorwa*” (Yohana 14:10). Yesu afise icifuzo c’uko wewe nanje tuvuga duti Kristo aba muri jewe ni we akora ibikorwa vyiwe. “*Kristo mu mutima, Kristo mu buzima, uwu ni wo mutekano wacu*”<sup>81</sup>

### Isengesho

Mwami Yesu, Ndatangara ku kuntu wifuza gusangira nanje ubuzima, iyo ndakweguriye ubuzima nkuzura Mpwemu Yera. Nshaka kuguhimbaza no kugukengurukira ko biciye mu buntu bwa Kristo wahindutse bwenge, ukugororoka, ukwezwa no gucungurwa kuri jewe (1 Cor. 1:30). Ndakwinginze umpe ugutera imbere mu munezero ugaragara no gukura mu bucuti nawe biciye muri Mpwemu Yera.

\*\*\*\*\*

---

<sup>80</sup> Dennis Smith: *Abiding in Christ*, 10-11

<sup>81</sup> E. G. White, *The Ministry of Healing* (1905), p. 511.1

## Inyandiko zikwiye gusomwa

- Bill Bright: *The Holy Spirit – the key to supernatural living*. Iki gitabu ivyasohowe vyaraheze, ariko umuntu arashobora kukigura ku buhinga ngurukana bumenyi. Mu Kidagi, ushobora kugisoma kuri internet canke ukagisohora uravye kuri: [www.missionbrief.de](http://www.missionbrief.de) –  
Nachfolge – Jüngerschaft – Mitteilbare Konzepte.
- Dennis Smith: *Prayers and Devotions to prepare for the second coming*, Umuzingo wa 1. Cane cane umusi wa 4: “Kristo muri wewe” (p. 18) hamwe n’igice ca 4 c’igitabu “Umubatizo wa Mpwemu no kuguma muri Mpwemu” (p. 81-102).

IKIGABANE CA 4  
KWUMVIRA BICIYE MURI YESU

*Ni gute nobaho mu munezero wo kwumvira?*

*Ni ibiki biranga kwumvira mu bwizigirwa?*

*Kubera iki ari umunezero?*

*Kubera iki ukwumvira ari jewe kuzanira inyungu?*

*Kwumvira biciye mu gukorana kw'umuntu n'Imana.*

*Ni nde akora iki?*

*Iki gikorwa nande?*

*Ni uruhe rugero rwo kwumvira nitezweko kandi kubera iki?*

**Hudson Taylor agereranya Bibiliya n'integuro y'urutonde  
rw'amasaha igariyamoshi igenderako**

Abanyeshure biga iyobokamana babajije umuvugabutumwa ashaje w'umushinwa mu nama i Frankfurt/ Main bati: “Ni gute woshobora kwizera buri jambo ryo muri Bibiliya?” Yarabishuye ati: “Igihe muzoshaka gusubira muhira ejo muzoraba integuro y'ingendo z'itereni hanyuma urabe igihe ivira hasi. Ari hamwe wobona yuko itereni iva hasi isaha imwe mu gitondo, aho rero nta kindi kibazo ubaza, ariko ugenda aho bategerera umusi ukurikira hanyuma ugasanga itereni igira igende. Uko ukoresha urupapuro rw'integuro z'ingendo z'itereni, ni ko ndabikora kuri Bibiliya, n'amabwirizwa yayo n'amasezerano yayo muri iyi myaka 50 iheze. Narabonye inyigisho zayo ko ari zo igihe cose mu buzima bwanje burebure mu bihe amajana vy'akaga. Nk'akarorero, iyo Bibiliya ivuze ngo: “*Ariko mubanze mwitwararike ubwami bw'Imana n'ukugororoka kwayo niho ibindi vyose muzovyongerwa* (Matayo 6:33). Nakurikiye izo mpanuro kandi sinigeze nicuza mu bihe bigoye na bimwe. Ukoze nk'ivyo, ivyanshikiye maze uzobibona.”<sup>82</sup>

---

<sup>82</sup> Report by Prof. Dr. Karl Heim in a devotional, which is currently not on hand to me.

Kwumvira muri Kristo. Uku kwumvira kurafise izina ridasanzwe: ni ukwumvira kuva ku kwizera.

### **Ni iyihe ntumbero ituma Imana ihamagara abapastori?**

Mu Baroma 1:5 nahabonye impanuro ihambaye cane nk'umuvuzi w'ubutumwa bwiza: *“Ni we yaduhesheje ubuntu no kuba intumwa kubw'izina ryiwe, kugira ngo mu mahanga yose habemw'abumvira Imana, babiheshwa no kwizera.”*

Ibi bisobanura yuko Imana iduhamagarira igikorwa cayo kugira ngo tuyoborere abandi ku kwumvira guheshwa no kwizera. Ibi bisaba yuko ntahura ibi bintu neza kandi kubw'ubufasha bw'Imana nkaba akarorero keza. Iyo nkoze ibi, aho mba ndiko ndakora mw'izina ryiwe, bisobanura mu bushobozi no mu bubasha bwa Yesu Kristo. Amajambo yo gusozera icete c'Abaroma conger ikindi ciyumviro.

### **Kwumvira kuzanwa no kwizera kuza gute?**

Mu giceca 16: 25-27 turabona ukuntu Imana yifuza gukora uku kwumvira kuzanwa no kwizera.

*“Imana ishobora kubakomeza nk'uko ubutumwa bwiza nahawe n'ukwigisha ivya Yesu Kristo bivuga, bihura n'uguhishurirwa ibanga ryahozwe uherye kera hose, ariko muri iki gihe riraserutse, kand'ivyanditswe n'abavugishwa n'Imana birimenyesha amahanga yose, nk'ukw'Imana ihoraho yageze, kugira ngo bumvire Imana babiheshwa no kwizera, Imana ifise ubwenge yonyene, icubahiro kibe icayo kubwa Yesu Kristo, ibihe bitazoshira. Amen.”* (Abaroma16:25-27)

**Iyi mirongo isigura yuko ibanga ryahishuwe kubera intumbero runaka - kugira ngo bumvire Imana babiheshwa no kwizera.** Iyi mirongo ntisigura ico ibanga riri. Dusanga iyi mirongo mu b'i Kolosayi 1:27 : *“Abo Imana yakunze kumenyesha*

*itunga ry'ubwiza bw'iri banga rivugwa mu banyamahanga, ni ryo Kristo muri twebwe, ivyizigiro vyo kuzoronka ubwiza."*

### **Ni iki Kristo akora muri twebwe?**

Ibanga ni: Kristo muri twebwe. None iyo kwumvira kuzanwa no kwizera kuranguwe muri Kristo bigira izihe ngaruka?

*"Nuko rero iyo umuntu ari muri Kristo, aba ari icaremwe gisha; ivya kera biba biheze; vyose biba bihindutse bisha"* (2 Cor. 5:17). Dufise ubuzima bushasha kubera Kristo aba muri twebwe. Mbega turashobora kubona amahinduka ya kamere agaragara? Yesu aba muri twebwe niwe atuma twumvira kubwo kwizera.

Uwundi murongo uvuga ubu buzima bushasha ni uwu ukurikira. *"...kugira ngo mwuzure ukunengesera kwose kw'Imana."* (Efeso 3:19)

### **Ni gute tubona ubuzima mu kwumvira kuzanwa no kwizera?**

*"Kand'ivyagezwe vyayo ntibigora."* (1 Yohana 5:3) – *"Kukw'ingata yanje itababaza"* (Matayo. 11:30). Zaburi 119: *"Kandi nzohimbarwa n'amabwirizwa yawe"* (umurongo wa 47); *"ivyagezwe vyawe vyo mu kanwa kawe vyambereye agasumbajana k'amafeza n'amazahabu"* (umurongo wa 72); *"Aruta ubuki gusosa mu kanwa kanje"* (umurongo wa 103); *"Nezererwa ijambo ryawe"* (umurongo wa 162); *"bagira amahoro menshi"* (umurongo wa 165). Ego, ukwumvira kuzanwa no kwizera ni ikintu kiryoshe.

### **Turakeneye urufatiro rushikamye rw'ubuzima bwacu**

Umwanditsi w'ivyese Matthias Claudius yanditse ati: *"Umuntu akeneye icishimikizo gikomeye, ikintu kitabeshejweho n'abantu, ahubwo ikintu gishobora kumubeshaho".*<sup>83</sup>

Muri iyi misi abantu benshi bagwaye kubera uguhangayika kw'ibigumbagumba, kubera yuko badafise urufatiro rushikamye kubwo kubura ukwizera. Biciye mu bucuti bwa hafi na hafi na Yesu

---

<sup>83</sup> Matthias Claudius (Edition Steinkopf, 1982),10

Imana yifuza kuduha urufatiro rushikamye rusingiye kw'ijambo ryayo. Uyu mwanditsi w'ivyese w'umukristo atwerekana yuko dukeneye urufatiro rushikamye n'ingero zo kwizigirwa mu buzima bwacu. Ni he tworonka urufatiro rushikamye? Hacye igihe kinini Imana ishizeho uru rufatiro. Izina ryarwo ni Yesu Kristo. *“Kukw'irindi tanguriro ata muntu ashobora kurishiraho, atar'iryashizweho, ni ryo Yesu Kristo”* (1 Ab'i Korinto 3:11). Yesu ni we wenyene ashobora gutanga urufatiro rushikamye ku buzima bwacu.

### **Ni he tworonka ingero nziza za mbere ku buzima bwacu?**

Ninde mbega abereye kugira ashireho izo ngero? Ninde yozishikiriza? Ni nde yoshobora gushinga ibibereye? Bibiliya iratanga inyishu itomoye muri Zaburi 99:4: *“Ni wewe ushinga ibiroranye”*. Zaburi 111:7-8 harongerako hati: *“Ibikorwa vy'intoze ziwe ni ukuri no kuroranya, amabwirizwa yiwe yose arahamye, arashinzwe gushitsa ibihe bitazoshira, yakorewe mu kuri no kugororoka.”* Raba na Zaburi 148:6

Imana Umuremyi yarashinze ibibereye. Nta muntu afise ububasha bwo gushinga urugero uretse Imana. Umuremyi wenyene, Nyen'ibintu vyose ni we afise uburenganzira. Ikindi kandi, nta n'umwe afise uburenganzira bwo bwo gushinga ibibereye. Nta n'umwe azi afise indabo itomoye. Imana yonyene ni yo izi vyose kandi Nyen'ubwenge bwose.

Ikigeretseko, ingeso z'uwo ashiraho urugero rwo kugenderako zirahambaye cane. Bibiliya iratwerekana yuko Imana ari urukundo; ni yo soko y'urukundo, ukuri, umunezero n'ubutungane. Kubera ingeso zayo z'igitangaza, ubushobozi bwayo bw'ikirenga no kuba izi vyose, Imana yarashoboye gushinga amategako ku bamarayika, ababa ku yandi masi, ku kiremwa muntu no ku bikoko. Umuremyi w'urukundo yararemye ibikenewe vyose kugira ngo ubuzima bushoboke.

Ntiyakoze ibi gusa ku mategeko agenga ivyaremwe, nk'akarorero ibintu bidahinduka kuri iyi si, ikirere kiri hagati y'izuba n'ukwezi, icerekezo c'umurongo isi ihengamiyeko (axe de la terre), ariko yarashingiye n'amategeko ikiremwa muntu mu bijanye no gukora ivyiza n'inyifato ibereye. (Yeremiya 7:23). Umuvyeyi wo mw'ijuru wacu adukunda yaradushingiye amabwirizwa meza cane. Turakeneye kuguma tuvuyumvira, mu gihe tuvuga ku bizoba mu misi y'iherezo – urudubi rukomeye cane ku bijanye no kwumvira amabwirizwa y'Imana.

### **Urudubi kubijanye no kwumvira amabwirizwa y'Imana.**

2 Ab'I Korinto 4:3-4 hatubarira ngo: *“Ariko namba ubutumwa bwiza twahawe butwikirwa, butwikirirwa abahona, nibo batizera, bamwe imana y'iki gihe yahumye imitima, ng'umuco ntubakire w'ubutumwa bwiza bwa Kristo, ni we shusho y'Imana.”*

Satani arahumisha kandi ariyorobeka. Ubwenge bwahumye bushobora gukora ibintu bibiri: Ubwambere, ibintu bimwe ntibishobora kubonwa. Ibintu bimwe “biratwikirwa” canke “biranyegejwe.” Ku rundi ruhande, birashobora gusigura “guhuma imitima”, ni ukuvuga ibintu bibi bikaboneka nk'ibibereye. Ntidushobora kubona ukuntu bidushikako. Uko biba kwose, ibi bintu vyinyegeje kandi bihumisha birabuza yuko umuntu abona neza.

Igisomwa kivuga yuko ibi bishika ku batizera. Ariko ikibabaje nuko ivyo bintu bishikira n'abakristo baganzwa na kameremere. Ntibishikaniye rwose Yesu. Ni co gituma “imana y'iyi si” ishobora kubahumisha. Ndizera ariko yuko Satani agerageza ibi no ku bakristo bayoborwa na Mpwemu nabo nyene. Yesu yavuze muri Matayo 24:24: *“Iyaba vyashoboka, yozimije n'abatoranjwe.”*

*“Satani ntariko arayobora isi nk'imbohe vyonyene, ariko ubuhendanyi bwiwe buriko burakuza amashengero yiyita ko ari*

*Umwami wacu Yesu Kristo.*<sup>84</sup> Yesu arabivuga mu buryo butomoye mu butumwa yandikiye Lawodikiya mu Vyahishuwe 3:17. Mu majambo yiwe ku bizoba mu misi yanyuma muri Matayo 24 na 25 Yesu aravuga ikimenyetso c’iherezo incuro zine: **ikinyoma**. Ikiyoma caramaze gukomera, ariko kizobandanya kugwira. Ariko kubera bahumishijwe, abantu ntibashobora kubibona.

Umuce umwe, urimwo ubuhendanyi bukomeye ni uwujanye no kwumvira ubugombe bw’Imana, mu vyerekeye ijambo ryayo, ku bijanye n’ivyagezwe vy’Imana. Benshi ntibafise icyumviro gitomoye ku bijanye no kwumvira ivy’Imana ishaka hamwe n’ukuntu bishoboka kuri twebwe kuba abumvira. Bijanye no **kwumvira kuzanwa no kwizera** – uku ni ukwizera kudasanzwe.

### **Ukwumvira kuzanwa no kwizera ni iki?**

Hari uburyo bwinshi bwo gusigura iri jambo intumwa Paulo yakoresheje. Ni ukwumvira gukurikira umugambi w’Imana w’agakiza. Rijanye no kwinjira mu migenderanire yo kwizigira Yesu biciye muri Mpwemu Yera. Ikivamwo ni agakiza biciye mu kimazi ca Kristo. Ukwishikanira Imana kurimwo kandi ukwitondera ivyagezwe vy’Imana biciye mu bushobozi bwa Mpwemu Yera. Ntabwo ari ukwumvira biciye mu twigoro twanje. Paulo yaragwanya rwose ukwumvira ivyagezwe kwa gifarisayo, vyasigura kuronka inzira yo kwinjira mu bwami bw’Imana biciye mu kwumvira ivyagezwe vy’Imana. Aravuga neza yuko ukwumvira gukenewe ku bigishwa, ariko uku kwumvira kuratandukaneye nukw’abayuda. Ni ukwemerana umunezero agakiza biciye muri Yesu Kristo. Kuzana ukwumvira mu buzima bwanje nk’umwigishwa wa Yesu. Uku kwumvira gushingiye ku kwizigira kuva mu mutima. Dennis Smith yaranditse ati: “Iyo umuntu abayeho mu migenderanire yo hafi n’Imana biciye muri Mpwemu Yera, aho rero ukwumvira guca kuza kworoshe, kandi kuva mu mutima, utarinze

---

<sup>84</sup>E. G. White, *Christ’s Object Lessons* (1900), p. 414.3

kuvyiyumvira cane.”<sup>85</sup> Ni ukwumvira gushoboka biciye ku gukorana hagati y’umuntu n’Imana. Ibi tuzobigarukako hanyuma.

### **Imana yarahishuye ibanga**

Reka ngire incamake y’Abaroma 16:25-27: Bikozwe n’amabwirizwa y’Imana, ibanga ryarahishuwe, kugira ngo hashingwe ukwumvira kuzanwa no kwizera. Bikozwe n’itegeko ry’Imana, iri banga – Kristo muri twebwe- rirashikana ku kwizera kuzanwa no kwizera. Ukwumvira kuzanwa no kwizera rero ni ukwumvira ata kagobero kandi gushimikiye ku kwizera, kwizigira n’urukundo. Twinjira mu migenderanire yo kwizigira Imana; turafata ingingo yo kuba abumvira twishimikije uku kwizera no ku gutahura kwacu ko Ivyagezwe vyayo ari inyungu ihambaye kuri twebwe.

### **Ukwizera gutuma kwumvira gushoboka**

*“Aho gukura ku muntu itegeko ryo kutumvira, ukwizera kandi ukwizera kwonyene nikwo kutugira abasangiye ubuntu na Kristo, nabwo bukadushoboza kwumvira.”<sup>86</sup>*

### **Iri banga rigiwe n’iki?**

Intumwa Paulo aratwerekana mub’i Kolosayi 1:25-27 yuko “... yaricikiye umukozi, nk’uko yahawe n’Imana ububwiriza ... kugira ngo nkwise Ijambo ry’Imana rishitse, ... ni ryo **banga ryari ryarahishijwe uhereye kera hose n’ibihe vyose, ariko noneho ubu ryahishuriwe abera bayo...**” None iryo banga ni irihe? “Imana yakunze kumenyeshya itunga ry’ubwiza bw’iri banga,... **ni ryo Kristo ari muri mwebwe, ivyizigiro vyo kuronka ubwiza.**”

---

<sup>85</sup>Dennis Smith, 40-Tage (Nr.1) Prayers and Devotions to Prepare for the Second Coming, 21, 22

<sup>86</sup> E. G. White, *Steps to Christ* (1892), p. 60.2

Iri banga ryari ryarahishijwe ariko ubu rikaba ryarahishuwe, ni uko Yesu ubwiwe yifuza kuba muri twebwe biciye muri Mpwemu Yera. Igisomwa kiravuga yuko ibi ari vyo vyizigiro vyo kuzoronka ubwiza kuri twebwe. Ibi bisigura yuko ukunengesera kw'ubuzima Imana yifuza kuduha ubu no mu gihe kizozza mu bwiza bushobora gushikwako no kuronkwa ata gukekeranya.

Ubu bucuti bwo hafi na hafi, ubwo Kristo yifuza ari kumwe natwe biciye kuri Mpwemu Yera, vyerekana urukundo ruhambaye rw'Imana mu buryo bundi budasa n'ubwo tumenyereye. "Kristo muri twebwe" ni yo ntimatima y'iri banga; mu nsiguro yagutse ni ubutumwa bwiza canke umugambi w'agakiza.

Abaroma 16:25-26 hatubarira yuko biciye muri iri banga, ukwumvira kuzanwa no kwizera kurashingwa canke kukarangurwa. Ibi bisigura yuko biciye muri Kristo turashobora kwumvira no kwifuza kwumvira.

Kristo arashobora kuba muri twebwe? Dusoma mu Banyefeso 3:16-17,19 ngo: *"ngw'abahe [Data], nk'ukw'itunga ryayo riri, kuremeshwa n'ubushobozi imbere mu mitima mubihawe na Mpwemu wiwe. Kristo abe mu mitima yanyu kubwo kwizera ; kugira ngo mugize imitima ishinzwe mu rukundo, ... ngo mubone kunengeserezwa mushitse ku kunengesera kw'Imana kwose."*

Tubarirwa yuko:

1. Biciye muri Mpwemu Yera, turaronka ubushobozi buhambaye imbere mu mitima yacu
2. Biciye muri Mpwemu Yera, Kristo aba muri twebwe kubwo kwizera
3. Aho duca turonka imitima ishinzwe mu rukundo. Iyo Yesu Kristo aba muri twebwe, aca ashira ingeso ziwe z'urukundo muri twebwe. Bibiliya ivyita "icamwa ca Mpwemu" (Ab'I Galatiya 5:22).
4. Ibi bituyoborera ku buzima *"bwuzuye ukunengesera kwose kw'Imana"* (raba kandi Yohana 10:10; Ab'i Kolosayi. 1:9-10)

Kristo muri twebwwe bisobanura yuko ukwumvira kwacu ubu gushoboka, kubera yuko kuzanwa mu mutima na Yesu. Ellen G White aravuga ati: *“Iyo umutima wakiriye Kristo, uba wakiriye ubushobozi bwo kubaho ubuzima bwa Kristo.”*<sup>87</sup>

Aba muri twebwwe iyo tumwizigira rwose, mu yandi majambo, iyo twamwiyeguriye rwose. Ukwumvira guca kuvamwo ni ukwumvira kuzanwa no kwizera. Kristo yifuza kubaho ubuzima bwiwe bw’intsinzi muri twebwwe.

Ikindi cyumviro gihambaye kiri mu b’i Galatiya 4:19. Paulo avuga ati: *“Bana banje bato, abo nongera kuramukwa, gushitsa ah’ishusho ya Kristo izoremerwa muri mwebwe...”* Paulo arahagaritse umutima ashaka ko Kristo aba mu mitima y’abizera. Aravuga ati: *“gushitsa aho ishusho ya Kristo izoremerwa muri mwebwe. Vyoba bifata igihe kingana gute ng’umuntu abe uwukuze mu buryo bwuzuye? Imyaka 16 canke 17. Ndibaza yuko ngaha Paulo yariko aravuga ukuntu umuntu akura. Bisobanura yuko igihe twegurira Yesu ubuzima bwacu buri musu, hanyuma tugasaba twizeye Mpwemu Yera, aho rero Kristo araba muri twebwwe, ariko hariho urugendo rwo gukura muri iyo migenderanire.*

### **Amadidane**

Ikibabaje, ni uko hari ingingo nyinshi zidasobanutse ku bijanye no kwumvira. Ubwambere, tugira turabe ingingo zihambaye Yesu yavuzeko kubijanye n’ubuzima bwacu bwo kwizera: *“Ntaco mubasha gukora mutamfise”* (Yohana 15:5). Ibi birakora kandi ku bijanye no kwumvira. Ubugira kabiri, reka turabe amajambo ahambaye ya Ellen G White asigura ingingo ngenderwako ku bijanye no kwumvira: *“Uwugerageza gushikira ijuru kubw’ibikorwa vyawe mu kwitondera ivyagezwe, ariko aragerageza ikintu kidashoboka. Umuntu ntashobora gukizwa*

---

<sup>87</sup> E. G. White: *Christ’s Object Lessons* (1900), p. 314.5

*hatabanje kubaho ukwumvira, ariko ibikorwa vyiwe ntibikwiye kuba ivyiwe ubwiye; Kristo akwiriye gukorera muri we kugira ngo yifuze kandi akore ibimunezera.*<sup>88</sup>

Ibintu bitatu vyaravuzwe ngaha:

1. Ntibishoboka gushikira ijuru ku bikorwa vyanje ubwanje. Ibi bisigura yuko kwifuza kuronka ikintu kivuye ku Mana (nko gutsindanishirizwa kubw'ibikorwa) ari ikosa.
2. Yamara rero, ukwumvira ni igice gihambaye c'ubuzima umuntu ari kumwe n'Imana, kubera yuko abigishwa ba Yesu bahamagarirwa kubaho bisunze ubushaka bw'Imana.
3. Ukwumvira ntigukwiye kuba igikorwa cacu ubwacu, kivuye mu nguvu zacu ubwacu, ahubwo gushaka no gukora bikwiye gukorwa na Kristo ari muri twebwe.

Ubu rero tugira turabe twitonze ukuntu ivyo bikorwa.

### **Ikidashoboka**

Hariho benshi bizera yuko bashobora gukorera ijuru igice canke rwose. Bibaza yuko bategerezwa gukurikira iyi nzira itari yo kubera ko batazi inzira nziza ku buryo butangaje, iyo Imana yabateguriye. Bagerageza gukora ikintu kidashoboka. Umuntu wese Yesu atabamwo biciye muri Mpwemu Yera, agerageza ikidashoboka, ukwo urutonde rw'ingingo ziwe zo kwumvira rwoba rureha kwose, rwaba rugufi canke rurerure. Ivyanditswe vyigisha mu buryo bwumvikana yuko tudashobora gukizwa n'uko tubibereye ubwacu (ibikorwa bibwirijwe n'ivyagezwe), ahubwo gusa kubwo kwizera Imana. Abaroma 3:28 havuga ngo: *“Ni co gituma twiyumvira yuko umuntu atsindanishirizwa no kwizera, ibikorwa bibwirijwe n'ivyagezwe bitarinze kwiyumvirwa.”*

Yesu arashira akatuzo ku kwumvira. Amajambo yiye ya nyuma yar'aya ngo: *“Mubigishe kwitondera ivyo nabageze vyose”* (Matayo 28:20). Ngaha ariko aravuga mu buryo bwumvikana

---

<sup>88</sup> E. G. White, *Review and Herald*, July 1st, 1890, par. 11

ukwumvira. Amabwirizwa, ayo Yesu ubwiwe yandikishije urutoke hanyuma akayaha Mose ku musozi Sinayi, asaba ukwumvira kwacu. Ibi Imana itwitezeko, ivyo Bibiliya ishingira intahe, bivugwa mu ncamake na Ellen G White ngo: *“Ingabirano zayo zose zasezeranywe ariko habanje gusabwa ukwumvira.”*<sup>89</sup>

Mu gitabu *c’Imigani ya Yesu*, dusoma ngo: *“Ingeso z’Imana zibonekera mw’ibwirizwa ryayo; kandi kugira ngo ugendere hamwe n’Imana, ingingo zo mw’itegeko ryayo zitegerezwa kuba isoko y’igikorwa cawe ico ari co cose. Kristo ntagabanya ivyo asaba mu vyagezwe. Mu mvugo itarimwo ukwihenda, ashikiriza ukwumvira ivyagezwe nk’ingingo ntabanduka isabwa kugira ngo umuntu aronke ubugingo budashira.”*<sup>90</sup>

Intumwa Paulo aratwerekako yuko ukwumvira bimenyekanisha yuko tuzi Imana: *“Iki ni co kitumenyeshako tumuzi, ni twitondera ivyagezwe nawe. Uvuga ngo ndamuzi ntiyitondere ivyagezwe vyawe, n’umubeshi, ukuri ntikuri muri we”* (1Yohana 2:3-4).

*“Kand’uwitondera ivyagezwe vyayo aguma muri yo, nayo ikaguma muri we. Kand’ikitumenyeshako yuko iguma muri twebwe ni Mpwemu Yaduhaye”* (1 John 3:24).

Ukwumvira ni ikimenyetso c’uko dukunda Imana: *“Kuk’ugukunda Imana ari uku, n’uko twitondera ivyagezwe vyayo: kand’ivyagezwe vyayo ntibigora”* (1Yohana 5:3).

Bibiliya iratwerekako yuko ukwumvira ari ikimenyetso c’amasigarira, ishengero ryo mu gihe c’iherezo (Ivyahishuwe 12:17): *“... Bitondera ivyagezwe vy’Imana.”* *“Aha niho ukwihangana kw’abera guserukira, bitondera ivyagezwe n’Imana...”* (Ivyahishuwe 14:12).

---

<sup>89</sup>E. G. White, *Christ’s Object Lessons* (1900), p. 145.1

<sup>90</sup>E. G. White, *Christ’s Object Lessons* (1900), p. 391.1-2

Charles Finney, bishoboka yuko ari we yabaye umuvugabutumwa akomeye yatumye habaho ikangura mu bihe vya none, yavuze ati: *“Ikangura ni intango yo kwumvira Imana.”*<sup>91</sup>

Turashaka kuvuga Indongozi yo kwiga Bibiliya yo muri Myandagaro, itariki 31, 2011: *“Ukwumvira si inzira ijana ku gakiza, ahubwo ni inzira ihishura ingaruka n’imigisha y’agakiza mu buzima bw’abacunguwe”*<sup>92</sup>

### **Ukwumvira muri kandi biciye kuri Kristo**

Turashobora kwumvira gusa biciye muri Kristo aba muri twebwe. Ni we wenyene ashobora gukora ivyo. Nk’umuntu, Yesu yaratubereye akarorero. Abaheburayo 5:8 havuga ngo: *“n’aho yari umwana yigishwa kwumvira Imana n’ivyo yababajwe.”* Uyu murongo ukurikira uratomoye rwose: *“kandi amaze guhingurwa rwose, abera abamwumvira bese inyanduruko y’agakiza kadashira”* (Abaheburayo 5:9). Ivyakozwe 5:32 haremeza ibi: Imana iha Mpwemu Yera abayumvira.

None bisigura yuko kwumvira ivyagezwe kwacu ari igisabwa ntabanduka kugira turonke agakiza? Nta na buhoro. Ahubwo, Paulo ashaka kandi gushirako akatuzo avuga yuko: inzira y’agakiza izanwa no kwizera kwonyene kandi muri iyo nzira dutegerezwa kuba “abumvira” Imana. Aho rero azokorera muri Mpwemu wiwe mu buryo bw’igitangaza kugira ngo bivuye ku gushaka kwo mu mitima yacu tubeho uko Imana ishaka.

Ibi ni vyo Paulo yandika mu Baroma 8: 3-4: *“Ico ivyagezwe bitashoboye gukora, kubera bifise intege nke kubw’akameremere kacu, Imana yatumye umwana wayo, afise ishusho y’umubiri w’icaha, itsindisha icaha kiri mu mubiri, kugira **ngw’ivy’ivyagezwe***

---

<sup>91</sup>Cited in Unser größtes Bedürfnis (Our greatest need), published by Werner E. Lange, Lüneburg 2011, 102

<sup>92</sup> Adult Sabbath School Bible Study Guide, Aug. 31, 2011

*bibwiriza bishikanwe muri twebwe, tutagenda mu buryo bw'akamereere kacu, ariko tugenda mu bw'impwemu."*

### **Kubandanya ubaho muri Mpwemu Yera**

"Kugendeshwa na Mpwemu" bisobanura kubandanya ubaho muri Mpwemu Yera. Iki gisomwa kitwerekana neza yuko ukwumvira nyakwo kurangurirwa muri Kristo aba muri twebwe, na cane cane abo Mpwemu Yera abamwo. Imana yarungitse umwana wayo kugirango ukugororoka gusabwa n'ivyagezwe kurangurwe nawe muri twebwe. Turakwiye kubona yuko hatanditswe yuko ukugororoka kwuzuzwa **biciye kuri twebwe**, ahubwo **muri twebwe**.

Paulo avuga iki mu B'i Galatiya 2:20 ku bijanye n'ubuzima bwiwe? "*Ndiho, yamara si jewe nkiriho, ni Kristo ariho muri jewe.*" Paulo arabivuga neza ko Kristo ariko ararongora ubuzima bwiwe. Muri Ezekiyeli 36:27 tubwirwa n'Imana ngo: "*Nzobashiramwo Mpwemu wanje, ndabagendeshereze mu vyagezwe vyanje, namwe muzokwitondera amabwirizwa yanje, muyashitse.*"

Birumvikana icyo iki gisomwa kivuga? Imana yifuza kudasukako Mpwemu wayo kandi aho rero azotugira abantu, bitondera ivyagezwe vyayo. Ibi bisigura yuko Imana bungabunga ukwumvira kwacu biciye muri Mpwemu Yera.

Aha turabona neza yuko ukwumvira kubaho biciye muri Mpwemu Yera na Kristo muri twebwe. Ni ukwumvira kwimbitse. Hatabayeho uwu muvukano dushobora kwumvira kw'inyuma gusa kutava mu mutima kandi kudashitse. "*Ni ivy'ukuri yuko hashobora kuboneka ibibereye vy'inyuma gusa ariko hatariho inkomezi zigira umuntu musha za Kristo. Gukunda kumenyekana no kwifuza kubonwa neza n'abandi birashobora gutuma umuntu abaho nk'umupfasoni. Kwiyubahiriza kurashobora kutuyoborera kwirinda ibisa n'ibibi. Umutima wikunda urashobora gukora ibikorwa vyo gutanga.*"<sup>93</sup>

---

<sup>93</sup>E. G. White, *Steps to Christ* (1892), p. 58.1

Birashoboka yuko dushaka kwitondera ivyagezwe vy’Imana kubera dutegerezwa kubikora canke kubera abantu ari vyo batwitezeko. *“Umuntu agerageza kwitondera amabwirizwa y’Imana kubera ari itegeko gusa – kubera asabwa kubikora – ntazokwigera yinjira mu munezero wo kwumvira. Ntiyumvira. Igihe ivyo Imana isaba bifatwa nk’umutwaro kubera biteye kubiri n’ivyo umuntu ahengamiyeko, dushobora kumenya yuko ubwo buzima atari ubuzima rukristo. Ukwumvira nyakwo ni ibikorwa vy’inyuma bisunikwa n’itegeko riva imbere.”*<sup>94</sup>

### **Ni gute Kristo ashobora kuba muri twebwe?**

Mwibuke: Imigenderanire na Yesu itangurira ku kwitanga kwa mbere kandi ataco wisigarije. Yishurana ukwongera kuvuka kwacu kwa Mpwemu (Yohana 3:1-21). Ubu buzima bushasha butangwa n’Imana bukomezwa no kugirwa musha buri musu kw’imigenderanire dufitaniye na Kristo. Ibi bifitaniye isano no kwitanga kwacu kwa buri musu, hamwe no gusaba uko bukeye kwuzuzwa Mpwemu Yera (kunagurwa na Mpwemu). Muri ubwo buryo, Yesu arabaho muri twebwe. “...

Mu Banyefeso 3:16-17,19 havuga ngo: “... kuremeshwa n’ubushobozi imbere mu mitima mubihawe na Mpwemu wiwe ... kugira ngo Kristo abe mu mitima yanyu kubwo kwizera.”

### **Mwisuzume, mumenye ko Kristo ari muri mwebwe**

Ivyanditswe biraturarikira kwisuzuma kugira ngo tumenye namba Kristo abaho muri twebwe. 2 Ab’I Korinto 13:5 havuga ngo: *“Ba ari mwebwe mwisuzuma, mumenye yuko muhagaze mu kwizera; ba ari mwebwe mwiraba. Mbega ntimwiyizi, ntimuzi yuko **Yesu Kristo ari muri mwebwe?** Shiti kumbure mur’abahinyuwe.”*

Imana yifuzza kumenya uko tumeze. Ni ryari tuba abahinyuwe canke abatabereye? Kubera tuba ababereye biciye muri Kristo aba muri twebwe, iyo twuzuye Mpwemu Yera, aho rero kuba

---

<sup>94</sup> E. G. White, *Christ’s Object Lessons* (1900), p. 97.3

uwutabereye ni ubuzima umuntu abaho atuzuye Mpwemu Yera. Bibiliya ivyita iviyumviro vya kamere.

Ni ryari imodoka yacu iba “itabereye”, canke ntibe ikigenda? Nk’akarorero ni iyo itagira igitoro. Duca dukora iki ? Dushobora kugerageza kuyisunika canke tukagura igitoro. Birumvikana, iciza ni ukwuzuzwa igitoro. Hatarimwo Yesu mu mitima yacu biciye kuri Mpwemu Yera, ukwumvira kwacu gusa n’umuntu agerageza gusunika imodoka. Mbega wamaze kubona ukuntu Yesu akenewe cane mu kwizera no mu buzima bwawe? Nta comusubirira. *“Uwufise umwana ni we afise ubugingo”* (1Yohana 5:12).

*“Ni jewe nzira n’ukuri n’ubugingo: ntawushobora gushika kuri Data ntamujanye ... (Yohana 14:6).*

Turakeneye Yesu. Tutamufise, ntidushobora gukizwa. Nta nubwo tuzoronka ubuzima bwuzuye iki gihe canke ubugingo buhoraho. Mbega uratahura neza ukuntu ukwumvira kurangurwa? Twereka ubushake bwacu Yesu biciye mu kwama twitanga uko bukeye kandi tugasaba Mpwemu Yera kugira ngo azane ukwumvira muri twebwe. Ibi tubitahura neza iyo dusomye 1 Abi Korinto 1:30 havuga ngo: *“Ni yo ibaha kuba muri Kristo Yesu, yaduhindukiye ubwenge buva ku Mana, n’ukugororoka n’ukwezwa, n’ugucungurwa.”*

Ibi vyose Kristo arabishaka kandi arashobora kubikora muri twebwe. Kandi iyo havuzwe yuko Kristo yahindutse ukwezwa kuri twebwe, aho rero bisobanura mu buryo bwumvikana yuko ivyo vyabaye kugira ngo dushobore kubaho mu kwumvira.

### **Ni ryari dukizwa?**

Ni kubera iki inyishu kuri iki kibazo ihambaye cane? Iyo maze gukizwa, aho bica bitahurika yuko ukwumvira kwanje kuza nk’ikivuye mu gakiza kanje. Si ikibanza gisabwa kubw’agakiza kanje. Nkizwa mu mwanya niyeguriye Yesu Kristo ataco nisigarije. Abanyefeso 2:8-9 havuga ngo: *“Kuko mwakijijwe kubw’ubuntu biciye mu kwizera; navyo nyene ntivyavuye kuri mwebwe, n’ingabire*

*y’Imana; ntivyavuye ku bikorwa kugira ngo hoye kugira uwirarira”.*

Igihe intumwa Paulo yandikira Abanyefeso, yarabamenyesheje yuko bamaze gukizwa. Yamara rero, mu Baroma 8:24 yaranditse ati: **“Kuko twakijijwe mu buryo bwo kugira ico twiteze”**. Turafise umwidgevye wo kugumana n’Imana canke kubireka. Birumvikana yuko inyuma y’agakiza kacu (mu buryo bwo kugira ico twiteze) yuko umwitwarariko wacu mukuru ari ukuguma muri Kristo gushika kw’iherezo ry’ubuzima bwacu canke ku kugaruka kwa Yesu.

Twakijijwe kubwo kwizera (raba Abanyefeso 2:8). Inyuma y’ivyo birakenewe kuguma muri ukwo kwizera. *“Nuko nk’uko mwakiriye Kristo Umwami wacu, abe ari ko mugendera muri we”*.

Aho rero icigwa n’ukuguma muri Kristo biciye mu kwitanga.

Dennis Smith yanditse ibi bikurikira ku bijanye no kuguma muri Kristo: *“Kuguma muri we si igikorwa dutegerezwa gukora n’ibisabwa kubw’agakiza kacu. Ahubwo ni ukumwemerera akadukoreramwo ibintu vyose, muri twebwe, kandi aciye kuri twebwe.”*<sup>95</sup>

### **Kubera iki kwitanga rwose gukenewe kandi bimaze iki?**

Tubivuze mu buryo butumbereye: bijanye no gucungurwa kwacu ku bubu bw’agatima ko kwikunda. Ukwikunda kwacu ni kwo nyanduruko y’ingorane zacu. Umugani uravuga ngo: *“Ingorane iruta izindi zose ku muntu wese ni uwo muntu ubwiwe*. Ukwikunda kwacu kurakomereka, kukababara, kugashaka gutsimbataza ubutware bwakwo, kuri n’ishari, n’ibindi. Insiguro yo kwiyegegurira Imana isobanurwa ido n’ido mu kigabane citwa *“Kwiyegegurira Yesu”* kandi kirasigurwa cane mu gitabu *“Gutumbera Yesu”* mu kigabane ca 5, Ukwitanga.

---

<sup>95</sup> Dennis Smith: 40 Days (vol. 2) – *Prayers and Devotions to Revive Your Experience with God*, (R&H 2011),35

*“Imana yifuza kudukiza no kutubohora. Ariko kubera yuko ivyo bisaba uguhinduka rwose, ukugirwa musha kwa kamere yacu yose, dutegerezwa **kumwiyegurira ataco twisigarije...** Ashira imbere yacu uburebure bw’imigisha ishaka kutuzanira biciye mu buntu bwayo. Aradutumira ngo **tumwishikanire**, kugira ngo akore ivyo ashaka muri twebwe. Ni ahacu guhitamwo namba tuzobohorwa tukava mu buja bw’icaha, ngo dusangire ubwiza bw’umwidegemvyo w’abana b’Imana.”<sup>96</sup>*

Ubuzima buyobowe n’agatima ko kwikunda ni ubuzima bw’ubuja mu caha. Ubuzima Kristo ari muri twebwe ni ubuzima bw’ ubwiza bw’umwidegemvyo ku bana b’Imana. Kubw’ivyo bijanye no kwitanga kwacu. Umubumvyi ashobora gusa kubumba ibumba riri mu biganza vyawe.

Inyuma yo kwitanga kwacu haza ukuguma muri Kristo. Iyo tugumye muri we, agakiza kazobandanya ibihe bidashira, yamara kazoba kuzuye neza inyuma y’uko Yesu azoba agarutse.

### **Ukwumvira kwigishwa na Bibiliya**

Ukwumvira kwa Bibiliya ntikujanye no kuba ababereye canke ukugororoka kubw’ibikorwa. Ni ibiva ku kwizigira Imana kwanje, ukwitanga kwanje, agakiza kanje, n’imigenderanire yanje na Kristo.

Ukwumvira kwigishwa na Bibiliya kw’umukristo yavutse ubwa kabiri, yuzuye Mpwemu Yera, si ikindi uretse gukunda Imana, guserukira mu bikorwa. Ukwumvira biciye mu bushobozi bwa Mpwemu Yera gutanga umunezero no guhimbarwa nk’uko vyanditswe na Ellen G White: *“Ukwumvira kw’ukuri kuva mu mutima. Ni igikorwa c’umutima gikorwa na Kristo. Kandi ni twamwemerera, azokwishushanya ubwiwe n’ivyifuzo vyacu n’intumbero zacu, kugira ngo avange imitima yacu n’ivyiyumviro*

---

<sup>96</sup> E. G. White, *Steps to Christ* (1892), p. 43.2, 43.4

vyacu n'ivyawe, bimere nk'uko ashaka, ku buryo tumwumviye, tuzoba turiko turarangura ibisanzwe biri muri twebe. Ubushake butunganye, bwejwe, buzonererwa gukora igikorwa ciwe.”<sup>97</sup>

Birakwiye gusobanuka rwose kuri twebe yuko tudashobora kuba abumvira biciye mu twigoro twacu twonyene. Uhoraho araturarira ivy'ubwoko bwa Isirayeli mu gitabo “Abakurambere n'abahanuzi” ngo : “... ntibari bafise ivyiyumviro vy'ukuri ku bijanye no kugororoka kw'Imana, ku bunyavyaha bukabije bw'imitima yabo ubwabo, ku ntege nke zabo, muribo ubwabo, kugira ngo bashobore kwumvira ibwirizwa ry'Imana ...”<sup>98</sup>

Ntidushobora kwumvira ivyagezwe vy'Imana mu nkomezi zacu ubwacu. Ibanga ryo kwumvira ni Yesu muri twebe, biciye mu kwuzuzwa Mpwemu Yera. Umuntu namba vy'ukuri yizigira kandi agakunda Yesu, namba aba muri twebe biciye muri Mpwemu Yera, aho rero kwumvira kuzana umunezero mwinshi. Iyo Yesu aba muri twebe, aho akora ibishoboka ngo ivyagezwe vyawe vyandikwe mu mitima yacu.

### **Ni gute ukwumvira biciye muri Yesu ari muri twebe gukora?**

Imbere yuko twishura iki kibazo, reka dusubire kuraba kandi ayandi majambo ahambaye ya Ellen G White agira ati: “*Uwugerageza gushikira ijuru kubw'ibikorwa vyawe mu kwitondera ivyagezwe, ariko aragerageza ikintu kidashoboka. Umuntu ntashobora gukizwa hatabanje kubaho ukwumvira, ariko ibikorwa vyawe ntibikwiye kuba ivyawe ubwiye; Kristo akwiriye gukorera muri we kugira ngo yifuze kandi akore ibimunezera [Kristo]*”<sup>99</sup>.

### **Igitangaza co kwumvira mu bukwe**

---

<sup>97</sup> E. G. White, *The Desire of Ages* (1898), p.668.3

<sup>98</sup> E. G. White, *Patriarchs and Prophets*(1890), p.371.3

<sup>99</sup> E. G. White, *Review and Herald*, July 1st, 1890, par. 11

Twese turazi inkuru y’ubukwe bw’i Kana, aho Yesu yakoreye igitangaza ciwe cambere. Yahinduye amazi vino idahiye, iyo umuntu yokwita umutobe w’inzabibu uyu musu. Ni iki cabaye ngaho? Mariya nyina wa Yesu, yarumvise yuko vino yaheze, kandi abimenyesha Yesu.

Yamara, Yesu ntiyakoze uburyo nyina yari avyiteze. Ariko rero yarizera yuko uko biri kwose Yesu atabura kugira ico akora kubera yabariye abatereka ati: *“Ico ababarira cose mugikore”* (Yohana 2:5). Muri ubwo buryo, Mariya yubatse ivyizigiro vy’abo bateretsi, bizigira Yesu. Igihe Yesu yahava avuga ati: *“Ni mwuzuze imibindi amazi”*, baciye bafata ingingo yo gukora ivyo nyene. Mu nyuma yaravuze ati: *“Mudahe ubu nyene mushire umuteretsi mukuru”* kandi barabikoze.

Turakeneye kubona ibi bikurikira: Kubera abo bateretsi bari bizigiye Yesu, barafashe ingingo yo kwumvira ivyo abategetse n’imitima ibikunze. Mu yandi majambo, ubushake bwabo n’ingingo bafashe vyabaye intambuko zigaragara zijana ku kwumvira – mu gukora ivyo Yesu yabasavye vyose. Yesu yahinduye amazi acika ikinyobwa kiryoshe cane. Yarakoze igitangaza ciwe cambere. Intambuko z’abo bantu zabaye izaha?

- Kubw’amabwirizwa yiwe, Mariya yaratumye abateretsi bizigira Yesu.
- Abateretsi berekanye ukwizigira kwabo n’ubushake bwabo mu gukora ivyo Yesu ababariye.
- Haba Mariya canke abateretsi, nta n’umwe yagize uruhara mu guhindura amazi vino. Yesu wenyene ni we yakoze ico gitangaza.

None ico gitangaza cari gushika iyo hataba izo ntambuko zo kwitegura? Birakenewe yuko twizigira Yesu, ko tumuha ubugombe bwacu no guhitamwo kwacu kandi tukerekana ibi mu ntambuko zo kwizera. Mu gukora ivyo, Yesu – kandi Yesu wenyene – azokora ico gitangaza. Wenyene kandi, arakora igitangaza co kwumvira muri

twebwe. Uku niko ukwumvira kubwo kwizera gukora. Yesu yagizwe ubwenge, ukugororoka, ukwezwa no gucungurwa kuri twebwe (1 Ab'I Korinto 1:30). Ingingo yacu yo kwemera ivyo ashaka hamwe n'intambuko zo kwitegurira kwumvira ni imfunguruzo zugerura umuryango ku gitangaza co kwumvira, ico Yesu akora mu buzima bwacu.

### **Gukorana hagati y'Imana n'umuntu**

Amajambo ya Ellen G White mu gitabu "Abakurambere n'abahanuzi" aratwigisha cane: "Mu gihe Imana yariko irakorera muri Daniel no muri bagenzi we 'gukunda no gukora ibiyihimbara", bariko barakora kubw'agakizl.....a kabo (Ab'I Filipi 2:13). Aho niho hahishuriwe intambuko z'itegeko ry' Imana ryo gukorana n'umuntu, ugukorana kubuze ata ntsinzi umuntu ashobora gushikako. Utwigoro tw'umuntu ntaco dushoboye hatabayeye inkomezi z'Imana; kandi hatabayeye utwigoro tw'umuntu, utwigoro tw'Imana kuri benshi ntaco twomara. Kugira ngo Ubuntu bw'Imana tubugire ubwacu, dutegerezwa gukora uruhara rwacu. Ubuntu bwayo butangirwa gukorera muri twebwe kugira ngo dukunde kandi dukore, ariko ntibusubirire utwigoro twacu.

*....Kandi kubwo guhabwa Mpwemu wiwe, azokomeza intumbero yose, n'ingingo yose. Abo bose bagendera mu nzira yo kwumvira bazohura n'inzitizi nyinshi. ... Mu nkomezi ziwe (za Yesu), barashobora gutsinda ikigeragezo cose, bakarengera ikibagoye cose.*"<sup>100</sup>

Uhoraho yateguye yuko inkomezi z'Imana zikorana n'utwigoro tw'umuntu."<sup>101</sup>

Mark Finley avuga ati: "Gukorana n'Imana kuzana umunezero mwinshi n'ugutsinda"<sup>102</sup>

---

<sup>100</sup>E. G. White, *Prophets and Kings* (1917), p. 486.3-487.1

<sup>101</sup> E. G. White, *Ye Shall Receive Power* (1995), Jan. 2nd, 10.2

<sup>102</sup>

## **Tugira uruhe ruhara? Ni uruhe ruhara Yesu afise muri twebwe?**

1. Bijanye no kwizigira Yesu kwacu, akorera muri twebwe ngo dukunde kandi dukore. Arema muri twebwe icuka co gukunda kandi tuzomenya ivyo dutegerezwa gukora. Ariko arindiriyeye ingingo dufata.
2. Ni igikorwa cacu gufata ingingo yo gukora ivyo Imana ishaka. Kubera ko Imana yubahiriza rwose ico turi n'ivyo dushaka, irashoboye kandi izogira ico ikora inyuma yuko tumaze gufata ingingo. Arayirindiriyeye.
3. Ni igikorwa cacu gufata ingingo yo kugaragaza kwizigira Yesu kwacu no kukugaragaza mu ntambuko zo kwizera. Izi ntambuko zo kwizera zirashobora utandukana rwose mu bunini. Nzotanga akarorero hanyuma.
4. Imana irakora uruhara ruhambaye yonyene kandi iradushigikira kubwo kwizigira kwacu no kwitegura. Ariko ntidukwiye kwibagira yuko hariho itandukaniro rikomeye namba ingingo yanje n'intambuko zanje zo kwumvira zikozwe mu nkomezi zanje ubwanje canke namba zikozwe mu nkomezi z'Imana mu gihe Yesu aba muri jewe biciye muri Mpwemu Yera. Ibi bituma ukwumvira kuba umunezero, haba muri bito canke mu bikomeye.

### **Ibibazo**

Hariho ivyiyumviro bitandukanye ku bijanye n'uwutuma ukwumvira gushoboka. Bamwe bashigikira icyumviro c'uko ukwumvira kuva mu gukorana hagati y'Imana n'umuntu. Abandi bavuga yuko Imana canke Kristo ibikora yonyene. None bikora gute?

Mu gihe ca Yesu, abantu benshi bizera yuko bihagije kumenya ukuri. Mu gitabu *Uwufuzwa ibihe vyose*, dusoma ngo: *“Ikinyoma gihambaye mu vyiyumviro vy'abantu mu gihe ca Yesu*

*kw'ari uko kwemera ukuri vyonyene kw'ari kwo kugororoka.*"<sup>103</sup> Imana ntitwitezeko kwemera ivyo igomba ataco turiko turakora, ahubwo yiteze yuko tugira ico dukora, kuba abantu bakora. Ibi bisobanura yuko dufise Kristo mu mitima yacu, dufata ingingo ibereye kandi tukayishira neza mu ngiro.

*"Umuntu yatowe ngo yambare ibigwanisho, agwane intambara nziza yo kwizera. Yatowe ngo akoreshe uburyo Imana yashize aho ashobora guhamvya ... yatowe ngo agire ukwizera igihe cose ..."*<sup>104</sup>

*"Ntihakagire umuntu azana icyumviro c'uko umuntu afise bike canke ko ataco afise yokora mu gikorwa gikomeye co kunesha; kubera yuko Imana ata kintu na kimwe ikorera umuntu idakoranye nawe ... Kuva ku muntu wambere gushika ku wa nyuma, ategerezwa kuba uwukorana n'Imana ... Gufatanya na Kristo bisobanura intsinzi ... Ntukigere na rimwe wiyumvira yuko hariho bike canke ko ata na kimwe co gukora ku ruhande rw'umuntu; ahubwo, igisha abantu gukorana n'Imana, kugira ngo bashobore kuroranirwa mu kunesha"*<sup>105</sup>

Iyo dushize hamwe ingingo twafashe n'intambuko zo kwitegura, aho rero bica bitahurika yuko habaye gukorana hagati y'Imana n'umuntu, n'aho intabuko yo kwitegura ikorwa mu nkomezi z'Imana, igihe Kristo ari muri twebwe biciye muri Mpwemu Yera. Kuvyo nzi, iki nico cyumviro c'ukuri, kubera yuko Imana yubahiriza rwose umuntu kandi idashobora gukora atavyemeye. Umuntu akwiriye kwerekana uku kwemera biciye mu ntambuko zo kwumvira. Biratahurika yuko Imana ikora igice gihambaye. Turakeneye kubona intambuko z'urwo rugendo no kubona abarufisemwo uruhara (hagati y'umuntu n'Imana) bakorana. Hariho akarorero keza ko gukorana hagati y'Imana

---

<sup>103</sup> E. G. White, *The Desire of Ages* (1898), p. 309.2

<sup>104</sup> E. G. White, *Testimonies to Ministers and Gospel Workers* (1923), p. 453.5

<sup>105</sup> **100** E. G. White, *A New Life* (1972), p. 38.4-39.1

n’umuntu mu ntambara yabaye hagati y’Abisirayeri n’Abamaleki mu bugaragwa (*raba* Kuvayo 17:8-16). Yosua yagwanyeye n’ingabo ziwe, ariko baranesheje kubera Mose yasenga ashigikiwe na Aroni na Huri.

## INGERO ZITANDUKANYE Z’INTAMBUKO ZO KWUMVIRA

### Mariya nyina wa Yesu

Igihe malayika Gaburiyeli yamenyesha inkumi Mariya ukuvuka kwa Yesu, nta kindi yakoze atari ukwemera ubugombe bw’Imana. Yaravuze ati: “Ehe nd’umugurano w’Umwami Imana, bimbere ukw’ijambo ryawe rivuze.” (Luka 1:38). Hirya y’ivyo nta kindi yashobora gukora, uretse kurindira ico Imana ikora. Muri ako kanya, vyari bijanye no kwemera. Uku kwemera ubugombe bw’Imana kwazanye ihinduka rikomeye mu buzima bwiwe kandi mu vyiyumviro vy’umuntu yarigerejeko. Uko tubibona, Mariya yabayeho yishikaniye Imana ataco yisigarije.

### Abanyamibembe cumi

Barasemereye bati: “*Mwigisha, tugirire ikigongwe*”. Yesu abona ukwizera kwabo arishura ati: “*Genda mwiwereke abaherezi. Bariko baragenda barakira, barahumanuka.*” (Luka 17:13-14).

Aba bantu baragaragaje ukwizera no gufata ingingo mu guca bagenda ubwo nyene. Yesu ntiyagiye mu kibanza cabo. Bakijijwe no kugenda? Haba namba! Bakijijwe kubera yuko Yesu yabakijije akurikije ukwumvira kuvuye ku kwizera. Nta ruhara bagize mu gukira kwabo. Yamara rero uburyo bagaragaje ukwizera kwabo biciye mu ntambuko zo kwumvira vyugururiye umuryango igitangaza Yesu yabakoreye. Yesu wenyene ni we yakoze igitangaza.

### Ugukira kwa Namani

Ibuka ukuntu Namani yakize imibembe yiwe. Itegeko ry’Imana biciye kuri Elisa ryavugaga ngo: “*Genda wiyuhagire muri*

*Yorodani ibihetangabo indwi, umubiri uraca usubira uko wahora, nawe uzoba uhumanutse”* (2 Abami 5:10). Namani yarashavuye kubera iri tegeko. Inyuma yuko abasuku biwe bamugondoje ni ho yagira ivyizigiro vyo gukora ivyo. Imana ntiyamusubiriye ngo ije muri Yorodani hanyuma yibire mu mazi. Amaze kwibira we ubwiwe mu mazi incuro indwi, yarakize imibembe. Mbega ukwo kwibira incuro indwi kwaramukijije? Oya! Intambuko zo kwizera yakoze nk’ikivuye mu kwizera kwiwe guto, zararekuye ugukiza kw’Imana. Turabona kandi yuko ukwizera guto mu Mana n’intambuko zo kwizera vyashikanye ku gitangaza c’Imana.

Namani nta ruhara yagize muri uku gukira. Ariko hatabaye intambuko zo kwitegura nta kintu na kimwe kiba carabaye.

### **Rudi na Marie Anne Hirschmann**

Inyuma y’intambara ya kabiri y’isi yose, umugabo n’umugore wiwe bari bagiheza kubatizwa mw’ishengero ry’Abadivantiste b’umusi w’indwi ; baba mu gasagara gato hafi ya Bad Aibling, mu Budagi. Marie Anne yari yiteze kuvyara umwana wabo wa mbere kandi yategerezwa kuva mu kazi kiwe k’ubwigisha kubera impamvu y’amagara yiwe. Mu kurondera akazi, Rudi yagenda buri musu i Munich amayinga atari make, ariko arabura. Uduhera bari baraziganije twariko turabaherana gushika igihe bari basigaje amahera atandatu y’amadagi. Iruhande y’ivyo, bari basigaranye ibahasha y’amahera y’Imana. Yari amahera y’ikiiracumi , bari bashize ku ruhande. Bashobora gukora iki? Marie Anne yaravuze ati: “Rudi, igihe amahera yacu azoba amaze kurangira, tuzohava dufatwa n’ikigeragezo co gukoresha amahera y’Imana. Ni vyiza rero kutayigumizako muhira. Igihe uzofata itereni ugiye i Munich ejo, uzojane ayo mahera hanyuma uyashire umunyabigega wa Misiyoni. Ivyo ni vyo rero yaciye akora. Yaciye rero ayashira umunyabigega. Yarabajije Rudi uko bamerewe hanyuma Rudi arabimwiganira. Yaramubariye ati: “Rindira gato” hanyuma ahamagara kuri terefone. Mu nyuma yaravuze ati: “ Ndibaza yuko tukuronkeye akazi. Genda

aha hantu hanyuma ubaze umushingantahe Bwuer”. Inyuma y’igice c’isaha, Rudi yari yamaze kuronka akazi. Uyu mugabo n’umugore baragaruye ikigiracumi naho bari bageze aho baburaniwe. Baragaragaje ukwizera kwabo mu gufata intambwe yo kwumvira kandi Imana yaciye igira ico ikora muri ako kanya.<sup>106</sup>

### **Ishirahamwe ry’ingenzi kw’izinga rya Guam**

Umugabo n’umugore bari bafise Ishirahamwe ry’ingenzi rinini kw’izinga rya Guam bahindutse abakristo. Umugore yaratanguye arabatizwa hanyuma hakurikira umugabo mu mwaka w’2004. Baritegurira cane isabato mu buryo bw’amasengesho mw’ishirahamwe ryabo. Barahagaritse ibikorwa vyabo mw’ihoteri ku musu w’isabato. Umugabo yarasiguye impamvu y’izo ngingo ku mashirahamwe atwara ingenzi, kubanyamahoteri n’abaguzi. Baciye bababwira yuko urudandazwa rwabo ruzoca rurushwa n’ayandi mashirahamwe rugahomba. Abakozi baratinye ko bazohava batakaza akazi kabo. Iyi ngingo yasa n’uko umenga ni igihano co gupfa kuri iryo shirahamwe. Ariko reka twumvirize ico mwene Data atubarira:

“Ndacibuka isabato yambere twugaye. Kuwa nyuma ku mugoroba, twarafunguye imashini yishura amaterefone yo kubikisha ivyo abakiriya bashaka. Kw’isabato ya mbere twari twugaye, ikirere carahindutse giturumbuka hanyuma hagwa isegenya umusi wose. Hageze ku mugoroba twasanze ya mashini yuzuye ababikishije ivyumba ku wa mbere w’imisi indwi. Mu mezi atandatu yakurikiye, ikirere cagumye kiba ukwo nyene: caba ciza cane ku wanyuma (vendredi), hakagwa isegenya kw’isabato kandi hakaba heza cane ku wambere w’imisi indwi. Imana yaratubungabunze.”

Mwene Data yaratubariye igitangaza ku bijanye no kuziririza isabato, ariko ntidushobora kubisabikanya namwe ubu. Uko

---

<sup>106</sup>Maria Anne Hirschmann / *I changed Gods, Predigtmappe #156* Helmut Haubeil

vyagenze ushobora kubisoma ido n'ido mu Kidagi mw'ikete ry'amavugabutumwa MISSIONS BRIEF (mission letter) No. 40, March/April 2014.)<sup>107</sup>

Uruhara rw'uyu mwene Data na mushiki wacu kwari ukwizigira Imana hanyuma bagatera intambuko zo kwitegura. Igitangaza cakurikiye cashobora gukorwa gusa n'Imana.

Ni muze twibuke ibi: *“Uko ubushake bw'umuntu bukorana n'ubushake bw'Imana, buhinduka ubushobora vyose. Ikintu cose gitegerezwa gukorwa kw'itegeko ryiwe gishobora gukorwa mu nkomezi z'Imana. Ivyo asaba vyose birimwo ububasha butuma bishoboka.”*<sup>108</sup> Imana yashize imigisha myinshi ku kwumvira. Mu vyukuri, ukwumvira gufitaniye isano no kubaho twizigira Imana kandi twarayiyeguriye.

### **Kubera iki ukwumvira ari inyungu kuri twebwe?**

Imana yabikoze uko kubera ko ukwumvira ari ikintu ciza cambere kuri twebwe. Yeremiya 7:23 haravuga ngo: *“Ni mwumvire ijwi ryanje, maze nanje nzoba Imana yanyu, namwe muzoba abantu banje; mugendere muvuyo mbagera vyose, **kugira ngo bibagendere neza.**”*

Umuganga uwariwe wese yokwemeza yuko umuti ushobora gukiza gusa iyo ukoresheje ubwitonzi mu kuwukoresha. Ibi bisobanura yuko dutegerezwa gukurikiza neza impanuro za muganga namba twifuzaga gukura. Naho umuganga yoba ari umuhinga ukungana gute, ntaco yomarira umugwayi mu gihe uwo agwaye adakurikije neza amabwirizwa ya muganga. Ibi bisigura yuko kwumvira atari ingaruka gusa z'ukwiyumvira kw'ubwenge bwo kwizigira no kwitanga kwanje, ahubwo kwumvira ni ku nyungu zanje, kubera amabwirizwa yose y'Imana twayahawe kubw'ineza yacu.

---

<sup>107</sup> Steve Kasperbauer, *Gott ist treu* (Copyright Brigitte Kinder, Braunau/Austria 2013)

<sup>108</sup> E. G. White, *Christ's Object Lessons* (1900), p. 333.1

Vyagenze gute ku nzoka y'umuringa (raba Guharura 21:4-9)? Igihe abantu bitegereza inzoka kw'itegeko ry'Imana, baca bakira. Mbega guhindukiza imitwe yabo ni kwo kwatuma bakira? Haba namba. Bakira kubera berekanye ukwizera Imana kwabo mu kwitegereza inzoka. Imana yonyene ni yo yabakijije. Kwumvira kwari inyungu kuri bo. *“Ukwizera ni kwo kwatumye Nowa yubaha, amaze kuburirwa n'Imana ibitari bwaboneke, akabaza ubwato bwo kurokora abo mu nzu yiwe ... (Abaheburayo 11:7).* Ukwubaka ubwato kwavuye ku kwizera Imana kwa Nowa kandi yarerekanye yuko ukwizera kwiwe kwari ukw'ukuri. Yakoresheje ubutunzi bwiwe bwose n'umwanya wiwe wose muri iyo nyubako. Ntiyigeze avyicuza. None ukwumvira ntiyabaye inyungu kuri we ubwiwe? Ntiyari abizi imbere y'igihe, ariko yaravyizigira. Ikintu kimwe co kiratahuritse, ukwubaka ico gikoresho vyakozwe mu burongozi no mu nkomezi z'Imana.

### **Ivyiyumviro bishigikira uruhande rumwe**

Ikibabaje, ivyo Imana isaba uyu musu bibonwa mu mucu utari wo. Ivyagezwe vy'Imana vyiyumvirwa nk'amategeko kandi nk'ibintu vyo kubazibira, bitegerezwa kwumvirwa. Yamara rero, amabwirizwa y'Imana ahanini ni amasezerano kuri twebwe. Amabwirizwa y'Imana atwereka ivyo ishobora gukora mu buzima bwacu, iyo twiyunze nayo mu migenderanire y'urukundo no kuyizigira. Amabwirizwa y'Imana ni ivyagezwe vy'imigisha. Ukwumvira ni ivyiyumviro biteguye duciyemwo dushobora kuronka ubwenge buva ku Mana n'ububasha ku bijanye n'imyitwarariko yacu ya buri musu. Iyo twitegereje ukwumvira muri iyo nzira, duca dutakaza ubwoba bwacu tukakubona nk'umunezero.

### **Ukwumvira, ingabire iva ku Mana**

Iyo Yesu ashize ukwumvira muri twebwe, aho bica bisigura yuko ukwumvira ari ingabirano. Ni twabona ukwumvira nk'ingabirano, bizodufasha kuzibukira ingorane zibiri: (1) ikinyoma ku bijanye “*n’ubuntu buzimbutse*”; (2) ikigeragezo co kuba abanyamategeko.

“Ubuntu buzimbutse” busobanura yuko umuntu akizwa, iyo yemeye Yesu kandi ko ukwumvira kudakenewe, kubera ko ivyagezwe vyakuweho ku mpamvu yuko tutagishobora kuvyubaha na buhoro. Ibi ni vyo Abakristo bayoborwa na kamere bizera. Ariko mu bushobozi bw’Imana turashaka kandi turashobora kwumvira. Intumbero yo gutsindira ubwami bw’Imana si gutega, ahubwo mbere – bifashwe nka nkama – ni umuzigo uremereye.

Iyo Yesu azanye ukwumvira muri twebwe bifatanye n’ingingo n’ivyifuzo, aho rero duca tubona yuko ukwumvira gufise akamaro kandi tuzobona yuko atari ikintu umuntu aba abereye, kubera twaguhawe nk’ingabire.<sup>109</sup>

Ukwumvira kurakenewe nk’ingaruka, nk’icamwa c’imigenderanire yacu n’Imana n’agakiza kacu, ariko si ikintu kibanza gusabwa. Umuntu wese arashobora kuza kuri Yesu ata kintu na kimwe kirinze gusabwa, uko ari. Ariko nta n’umwe ashobora kuguma uko yari ari. Canke twiyumvira yuko umusuma yihanye – agakizwa - ashobora kubandanya yiba abantu?

### **Twishire kandi dushire ibidutera ubwoba mu biganza bikuru**

Ni ivy’ingirakamaro cane kwishira no gushira ibitugora tukabirekera uburongozi bw’Imana. Ntidukwiye kwibona na twebwe nk’abantu bahambaye. Ibi vyerekeye imice yose y’ubuzima. Ntidukwiye gusiga ikintu na kimwe inyuma. Ni gute nokwisigariza ikintu, mu gihe nshobora kugishira mu biganza bikuru kuruta – ari vyo biganza vy’Imana? Vyoba birimwo ubwenge?

---

<sup>109</sup> *Sabbath School Quarterly, Standard Edition, March 31, 2011*

Ni twaba twifuza yuko Uhoraho atwitwararika, akadufasha mu bukene bwacu, akadukingira abansi bacu, akatuyobora uburyo bwiza, aho rero birumvikana yuko dutegerezwa gukurikira ijwi ryiwe no kugendera mu nzira yaduhitiyemwo.

Imigani 3:5-6 havuga ngo: *“Wizigize Uhoraho umutima wawe wose; kandi ntiwishimikize ubwenge bw’iwawe. Umumenye mu ngendo zawe zose, nawe azogorora inzira zawe.”*

Turashobora gutahura iyi mpanuro neza cane muri iyi misi. Abatwara imiduga uyu musu bakoresha icuma cerekana amerekezo. Umuntu ahanini yizigira ico cuma. Ariko ivyo ntibisigura yuko ubwenge bwacu buba bwafunzwe. Buguma bukenewe. Kiguma ari igikorwa cacu kunyonga. Ariko tuba twifatanije “n’umuyobozi” abona kure kandi ashobora kutwerekana aho twerekeza, namba dukeneye guhindukira kubera hari uruja n’uruza, namba twarengeje umuvuduko, n’ibindi. Kubw’ubuntu bw’Imana, turashobora kugira urugendo rw’ubuzima tuyobowe “n’icuma cerekana amerekezo c’Imana.” Kubw’ivyo birakenewe kwizigira n’umutima wacu wose umurongozi wacu wo mw’ijuru ari nawe atanga ubwenge. Yasezeranye yuko azotuyobora amahoro. Mbere yarabishingiye intahe iruhande yo kuba rurangiranwa kwiwe. *“Anyobora mu nzira yo kugororoka kubw’izina ryiwe” (Zaburi 3:3).* Ngaha ukwumvira kuri mu nyungu zacu rwose.

Mu gukwirikira amabwirizwa y’Imana – yaba amabwirizwa y’ibidukikije, canke ay’ivya mpwemu – havamwo ivyiza ku muntu wese. N’abatizera barashobora kubivanamwo inyungu, mu gihe bumviye ayo mabwirizwa y’Imana. Ibi ndavyita imigisha y’ahadukikije.

Ariko vyinshi kuruta birashika, mbere nibitangaza, iyo amabwirizwa mu vya mpwemu yubahirijwe. Ibi ndavyita umugisha wo mw’ijuru. Kwizigira no kwumvira birakuzanya. Muri Yakobo 2:22 dusoma ngo: *“Ntubona yuk’ukwizera kwafatanije n’ibikorwa vyiwe, kandi k’ukwizera kwahinguwe rwose n’ibikorwa?”* Kwizigira

Imana kuzana kwumvira, kandi ukwumvira kuzana kwizigira Imana.

Nashaka nsubiremwo amajambo ya Dennis Smith aho agira ati: “Iyo umuntu abaho mu migenderanire yo hafi n’Imana biciye muri Mpwemu Yera, ukwumvira guca kwizana kandi kuva imbere mu mutima, umuntu atarinze no kuvyiyumvira.”<sup>110</sup>

Iyo dutahuye ukwumvira mu buryo bubereye, turatahura kurusha amajambo y’igitangaza yo muri Zaburi na cane cane Zaburi 19 na 119) ku bijanye n’amabwirizwa y’Imana. Barerekana yuko agakiza, gucungurwa n’ivyagezwe bigize umugwi umwe. Umuntu yakijijwe, azoha agaciro amabwirizwa y’Imana mu buzima bwiwe bwo muri Mpwemu kuko Yesu aba mu mutima wiwe, azokwumvira anezerewe. Ndizera yuko umwizera ayoborwa na kamere adashobora no gutahura amajambo yo muri Zaburi 119. Kumbure, ashobora bayashobora kuyabona nko kurenza urugero. Ariko, umukristo ayoborwa na Mpwemu arashobora kwemeranya n’ivyo umunyezaburi yanditse.

### **Gukura mu kwumvira kuzanwa no kwizera**

Imana yaratubwe iti: “*Uko tugendera uko bukeye mu muco aturungikira, mu gukunda kwumvira ivyo Imana isaba vyose, habaho gukura no kwaguka gushika ku gihagararo c’umugabo canke umugore akuze muri Kristo Yesu.*”<sup>111</sup>

### **Imana itwitezeko ukwumvira kungana gute?**

Ni ukwumvira kungana gute Yesu yifuza gushira muri jewe? Guke, kwinshi, canke kwose?

Hariho akarorero gatahuritse mu buzima bwa Mose mu Kuvayo 4:24-2. Mu bugaragwa bw’i Midiyani Mose yari yarungitswe kurongora ubwoko bw’Abisirayeri abukura muri Egiputa. “*Mu nzira*

---

<sup>110</sup> Dennis Smith, 40 Days – Prayers and Devotions to Prepare for the Second Coming (R&H 2009) p. 21, 22

<sup>111</sup> E. G. White, Messages to Young People (1930), p. 15.3

*ava i Midiyani aja muri Egiputa, Mose yaronse ukugabishwa guteye ubwoba kandi gukaze kw'ugushavura kw'Uhoraho. Umumarayika yaramubonekeye mu buryo buteye ubwoba, nk'uko umenga yashaka kumurandura. Nta nsiguro yatanzwe; ariko Mose yaributse kimwe mu vyo Imana isaba; mu kwumvira umugore wiwe, yari yarakengereye gukeba umuhungu wiwe muto."*

Uwo mwana yaciye akebwa ubwo nyene. "... umumarayika yaremereye Mose kubandanya urugendo. Mu rugendo rwiwe kwa Farawo, Mose yategerezwa gushirwa mu kaga ko gushobora gupfa; ubuzima bwiwe bwashobora kurokoka gusa biciye mu burinzi bw'abamarayika beranda. Ariko mu gihe yabayeho asuzugura ibwirizwa yari azi neza, ntiyashobora kuba mu mutekano; kubera yuko atashobora gukingirwa n'abamarayika b'Imana."<sup>112</sup>

Icigwa co gukumwira kuvyabaye gishobora kubonwa mu gitabo "Abakurambere n'abahanuzi" kigira giti: "Mu gihe c'amakuba gato imbere yo kugaruka kwa Kristo, umugororotsi azokingirwa biciye mu gikorwa c'abamarayika b'ijuru; ariko nta mutekano uzobaho ku bica ivyagezwe vy'Imana. Abamarayika ntibashobora gukingira abo basuzugura rimwe mu mategeko y'Imana."<sup>113</sup>

Kwumvira amabwirizwa y'Imana yose ni inkinzo yacu, umunezero wacu, ukubaho neza kwacu. Turazi yuko Adamu na Eva bategetswe kuva muri Edeni kubera icaha kimwe gusa. Ndibaza yuko iyo ari inyishu imwe itahuritse ku kibazo c'ukuntu ukwumvira Imana itwitezeko kwoba kungana. Biratahuritse cane yuko Uhoraho yiteze ukwumvira muri vyose, iyo twibutse yuko Yesu azana ukwo kwumvira muri twebwe kandi hakaba ari ku nyungu zacu.

Yesu yifuza gushira ubugombe bw'Imana muri twebwe, uko yabikoze nk'umuntu ari aha kw'isi. Inyifato yiwe nk'ikiremwa muntu yari: "Mpimbawe no gukora ivyo ugomba, Mana yanje; mber'ivyagezwe vyawe biri mu mutima wanje" (Zaburi 40:8).

---

<sup>112</sup>E. G. White, *Patriarchs and Prophets* (1890), p. 255.5

<sup>113</sup>E. G. White, *Patriarchs and Prophets* (1890), p. 256.1

Yabariye abigishwa biwe ati: “*Nitondeye ivyagezwe vya Data*” (Yohana 15:10). Ikigeretseko, namba ukwumvira kwuzuye kuzana umunezero wuzuye, ubuzima busagutse aha kw’isi no mu bihe bihoraho, aho rero birumvikana ko kugabanya mu kwumvira bizana guhomba imigisha.

Umuntu wese ari kandi azoba mu bwami bw’Imana azonezererwa no kwumvira Imana. Ibi bitsimbataza urukundo n’ubumwe ku vyaremwe vyose.

### Ivyiyumviro vyo gusozera

Yeremiya 7:23 haravuga incamake y’iki cigwa cose. Aya majambo yahawe Isirayeli igihe yaba muri Egiputa. Haravuga ngo: “*Ni mwumvire ijwi ryanje, maze nanje nzoba Imana yanyu, namwe muzoba abantu banje; mugendere muvuyo mbagera vyose, **kugira ngo bibagendere neza.***”

Ngaha Uhoraho yaraduhaye isezerano ry’agatangaza. Adusezeranira iki ni twumvira ijamba ryiwe? “***Nzoba Imana yanyu namwe muzoba abantu banje.***” Ariko arongerako yuko dutegerezwa kugendera mu nzira yose **kugira ngo bitugendere neza.**” Turashobora gukoresha iki gisomwa nk’isezerano mu gusenga ku mutima wumvira.

### Intumwa Yohana

Turashobora kubona ivyamwa bitangaje vyo kwumvira kuzanwa no kwizera mu buzima bwa Yohana intumwa ya Yesu. Mu Gutumbera Yesu dusoma ngo: “*Uko bukeye umutima wiwe wama wegerezwa Kristo, **gushika igihe ukwikunda kwiwe kwanyoshwe n’urukundo yakunda Umwigisha wiwe.** Kamere y’ishavu no kwifuza yasubiriwe n’inkomezi zirema za Kristo. Ukunagurwa kuzanywe na Mpwemu Yera kwagize umutima wiwe mushasha. Ubushobozi bw’urukundo bwa Kristo bwakoze ihinduka mu ngeso ziwe. Ibi ni ivyamwa vy’ukuri biva mu kunywana na Kristo. Iyo Kristo aba mu mutima, kamere yose irahinduka. Impwemu ya Kristo,*

*urukundo rwiwe, birorosha umutima, bikaganza umushaha, maze bikavyura kwiyumvira no kwifuza Imana n'ijuru.*"<sup>114</sup>

E.G. White yaranditse kandi ati: "*Uhoraho yarashinze yuko umutima wose wumvira Ijambo ryiwe ugira umunezero, amahoro, n'inkomezi zo kwama ziwurinda.*"<sup>115</sup>

Ndifuzza kandi ndasenga ngo abizera bose baramirize kugirango baronke umunezero uhambaye wo kwumvira kuzanwa no kwizera. Imana idusukeko intsinzi zikomeye mu kwumvira kubwo kwizera biciye muri Yesu Kristo na Mpwemu Yera. "... Ariko uwukora ivyo Imana ishaka azobaho ibihe bidashira" (1 John 2:17). "*Ariko imbabazi Uhoraho agirira abamwubaha zahereye kera hose, zikazoshitsa ibihe vyose, kand'ukugororoka kwiwe kuzoshitsa no ku buzukuruza bato. Nikw'agirira abitondera isezerano ryiwe bakibuka ivyagezwe vyawe bakabikora.*" (Zaburi 103:17-18)

### **Isengesho**

Data, urakoze kuba mu bwenge bwawe kandi biciye mu buhinga bwawe butangaje washizeho ivyo washinze vyose. Waremye ibintu vyose kubw'inyungu zacu. Nshaka ndaguhimbaze kandi ndagushimire kubw'ivyo. Ndakwinginze umpe ukwizera inzira zawe kwuzuye kand'umfashe kugukurikira n'umutima wanjye wose mu kwumvira kuzanwa no kwizera.

---

<sup>114</sup>E. G. White, *Steps to Christ* (1892), p 73.1

<sup>115</sup> E. G. White, *In Heavenly Places* (1967), p. 53.4

**UKWIZERA GUKWEGAKWEGA BICIYE MURI YESU**

*Umushinge w'ukwizera gukwegakwega ni uwahe?*

*Ni gute abizera bashika ku guhuza umutima n'inama?*

*Ni iki gituma ukwizera kwacu gukwega imiryango yacu n'isi yose?*

*Ikangura rizana gukora – gute?*

Umuntu twasengana mu misi 40 yo kuzirikana yaravuze ati: “Nshaka ukwizera gukwegakwega, kugira ngo abana banje nabo bakurikire Yesu.”

Mary Jones, umukobwa yaturuka i Wales yaronse amahirwe yo gusoma Bibiliya rimwe mw'iyinga mu muryango waba ahantu kure y'i wabo wari ufise Bibiliya. Ivyo vyabaye guhera ku myaka 10 gushika ku myaka 13. Yakunda Bibiliya n'umutima wiwe wose. Yakoze cane kugira aronke amahera agure Bibiliya. Mu myaka itandatu yose yaraziganya amahera yose aronse. Ku myaka 1, yagiye n'ibirenge gusa ibirometero 40 ku mupastori kugura Bibiliya. Yamubariye yuko yari agisigaranye Bibiliya zibiri, ariko ko yari yamaze kuzisezeranira abandi bantu. Mary yazarize bikomeye. Umupastori yaramubajije impamvu yariko araboroga nk'ukwo. Yaciye amubarira yuko yaziganije amahera yose mu myaka itandatu kugira ngo agure Bibiliya. Pastori ntiyavyihanganiye, yaciye amuha Bibiliya. Mary yasubiye i muhira yarengewe n'umunezero.

Bibiliya yoba yarakwegakweze Mary? Ivyizerwa vyoba vyarakwegakweze uwo mukobwa? Ivyo vyabaye mu mwaka w'1800. Umupastori ivyo vyaramukoze ku mutima ku buryo yagize intambwe yo gutanguza Ishirahamwe rya Bibiliya ryambere kw'isi.

Ishirahamwe rya Bibiliya ry'Abongereza n'Abanyamahanga ryaratangujwe hanyuma haza ayandi mashirahamwe menshi

kubera umukobwa akiri muto yakunze Bibiliya. Ivyizerwa bikwegakwega birafise ico bikora.

### **“Gukwegakwega” bisobanura iki?**

Kazinduzi zisobanura ikintu “gikwegakwega” ngo ni ikintu: gikwega cizanako, kizana, kinezereza, cifuzwa. Ni nde atokwifuzwa ukwizera gukwegakwega? Ndibaza yuko umuntu wese avyiyumvira yifuzwa yuko yoronka icizerwa gikwegakwega kandi kinezereza abantu.

### **Ni gute nifuzwa uku kwizera? Kwoba gusa gute?**

Gukwiye kuduha mu buzima bwacu urufatiro rukomeye dushobora gushirako ivyizigiro vyose.

Gukwiye kuba gushingiye ku kuri, aho kuba ku kinyoma.

Gukwiye kuba gushimikiye ku guhishurirwa n’Imana yacu idukunda, ishobora vyose, kutarimwo inyigisho z’abantu, kutuzanira iciza.

Gukwiye kutwemeza mu buryo bwuzuye, kuduha umunezero wuzuye.

Gukwiye kuzana inyungu ziboneka ku buzima bwacu.

Gukwiye kuturerura mu bihe bigoye vy’ubuzima, mu ngwara, mu guhagarika umutima, no mu gihe c’impfiro.

Gugwiye kuduha ivyizigiro vy’ibihe bihoraho.

Kumbure woba ufise ivyiyumviro ku kwizera nk’ukwo. Izo ngingo zose zitegerezwa kuba zijanye natwe ubwacu. Ariko twifuzwa yuko ukwizera gukwegakwega kugira ubundi bwaku. Mwene Data yaravuze ati: Nshaka ukwizera gukwegakwega kugira ngo abana banje bazokurikire Yesu. Ukwizera gukwegakwega gukwiye kandi kuba inyanduruko yuko abakunzi bacu n’abandi bantu banezererwa ukwo kwizera kandi bakifuzwa yuko nabo kuba ukwabo. Kubw’iyo mvo:

## Ubundi bwaku bukomeye

Uku kwizera gukwiye kuba gukwegakwega abantu batwegereye dufise aho duhurira.

**Ni ubuhe bwoko bw'ivyizerwa dukwiye gutahura bigengwa n'ukwizera gukwegakwega?**

Nihuse kubivuga: Ukwizera gukwega abandi ni ubukristo bugendeshwa na Mpwemu, ni ukubaho dufise Yesu Kristo muri twebwe biciye muri Mpwemu Yera. Murabe Abanyefeso 3: 16, 17, 19: “... *ngw’abahe, nk’ukw’itunga ryayo riri, kuremeshwa n’ubushobozi imbere mu mitima mubihawe na Mpwemu wiwe. Kristo abe mu mitima yanyu kubwo kwizera; kugira ngo mugize imitima ishinzwe mu rukundo, n’amabuye y’itanguriro arwubatswemwo ... ngo mubone kunengeserezwa mushitse ku kunengesera kw’Imana kwose.*” (Abanyefeso 3:14-19)

Ngaha turabwirwa yuko biciye muri Mpwemu w’Imana, turaremeshwa kandi Yesu akaba muri twebwe, hanyuma agahishura kamere yiwe y’urukundo muri twebwe. Ibi bitubohora ubuja bwo kwikunda. Turonka uwidegemvyo w’ubwiza w’abana b’Imana.

Muri Yohana 14:6 Yesu yavuze ati: “*Ni jewe nzira n’ukuri n’ubugingo, ntawushika kwa Data ntamujanye.*” Namba Yesu ari mu mutima wanjye biciye muri Mpwemu Yera, aho rero ni inzira yanje injana kuri Data, umuyobozi wanjye mu kuri, kandi ni we bugingo, kandi ubugingo bwiza bwo ku rwego rwo hejuru.

**Yesu yavuze ukwizera gukwegakwega mu yahe majambo?**

Yesu yita uku kwizera “ubugingo busagutse” Yohana 10:10. “*Naje kugira ngo zironke ubugingo, kand ziburonke busagutse.*”

Abanyefeso 3:19 naho havuga ngo: “Kugira ngo mwuzure kunengesera kwose kw’Imana”.

Ab’i Kolosayi 2: 9, 10 havuga ngo: “Kuko muri we ariho haba ukunengesera kwose kw’ubumana mu buryo bw’umubiri, kandi munengeserezwa no kumubamwo, niwe mutwe w’ubukuru bwose”

Iri ni ryo songa ry’ibishoboka umuntu ashobora gushikako muri ubu buzima. Ibi ni vyo Imana igomba kuduha mu rukundo rwayo.

Hanyuma muri Yohana 4:14 Yesu avuga ngo: “...imbizi y’amazi yiburuka azana ubugingo budashira”, ivyo bisigura yuko: nshobora kunywa kuri iryo soko, ukwifuzza kwanje kugahazwa. Abantu bose barafise icifuzo c’umunezero. Ntibazi yuko ivyo ari mu vyukuri icifuzo c’imigenderanire n’Imana, kubera yuko turavye mu Musiguzi 3:11, “Imana yashize ivyiyumviro vy’ibihoraho mu mitima yabo”. Abo batararonka ukunywana n’Imana muri bo bafise ikibanza kigaragara mu mitima yabo (Blaise Pascal). Ni yo mpamvu bama bifuzza vyinshi kuruta. Uko aronka vyinshi, niko arushaho kuvyifuzza.

Muri Yohana 7:38, Yesu avuga abo bantu bafitaniye imigenderanire n’Imana, “ngo mu mitima yabo hazotemba inzuzi z’amazi y’ubugingo.”

Bafise ubuzima butemba, bikwegerako abantu kandi bafise ubwaku bwiza ku bandi. Ukwizera gukwegakwega ni ubuzima bwuzuye ngaha kw’isi, kandi buzokomeza ibihe bidashira.

### **Ni he Ijambo ry’Imana ritwerekana yuko ukwo kwizera gukwegakwega abandi**

Reka dusome isengesho rya Yesu muri Yohana 17: 20-23: “20 Sinsabira aba gusa, ariko ndasabira n’abo bazonyizera kubera ijamba ry’aba, 21kugira ngo bese babe umwe, nk’uko wewe, Data, uri muri jewe, nanje nkaba muri wewe, ngo na bo babe ariko baba muri

*twebwe, ngw'isi yizere yuko ari wewe wantumye. 22Nanje nabahaye ubwiza wampaye, ngo babe umwe nk'uko na twebwe turi umwe. 23 Jewe mbe muri bo, nawe ube muri jewe, ngo bahingurwe babe umwe, kugira ngo isi imenye yuko ari wewe wantumye, ukabakunda nk'uko wankunze.”* Muri Yohana 13, 34-35 Yesu agira ati: “*Ndabaha icagezwe gisha; ni mukundane; nk'uko nabakunze abe ariko namwe mukundana. Ni mwagiriranira urukundo, ni ho bose bazomenya yuko muri abigishwa banje.”*

Yesu yasenze ngo abigishwa babe umwe mu bihe vyose. Yarasengeye wewe na jewe. Yesu ntiyasengeye ubumwe bwacu kugira ngo twumve tumerewe neza mu bucuti bwacu ngo dufashanye gusa, ariko arabitomora yuko ubumwe bw'intumwa hagati muri zo buzokwega abandi bantu b'isi. Aravuga ko kubera ubumwe buri hagati y'intumwa, isi irizera kandi ikemera ibintu bitatu bihambaye:

### **Ni iki isi izobona kuri twebwe?**

1. Isi izobona urukundo mu ntumwa, mw'Ishengero, yuko abo bantu ari abakurikira Kristo, mu yandi majambo, isi iratwitegereza. Isi irazi yuko inyifato y'urukundo y'intumwa hagati yabo ari ingaruka y'imigenderanire y'urukundo. (*Ni mwagiriranira urukundo, ni ho bose bazomenya yuko muri abigishwa banje”* (Yohana 13: 35).

2. Kubera ubumwe buri hagati y'abigishwa ba Yesu, isi irizera yuko Yesu yatumwe n'Imana. (*Ngw'isi yizere yuko ari wewe wantumye* , Yohana 17: 21). Ibi bisigura yuko biciye mu muvukano w'urukundo mu bigishwa, abantu barizera yuko Yesu Kristo ari Umucunguzi yarungitswe n'Imana.

3. Abantu bo mw'isi baratahura mu buryo bw'igitangaza yuko Imana ibakunda mu migenderanire y'urukundo abigishwa bagiriranira. (...kugira ngo isi imenye yuko ari wewe wantumye, ukabakunda nk'uko wankunze." Yohana 17: 23).

Gutyo rero abantu barashobora kubona mu bumwe bw'intumwa

1. Baremera imigenderanire yabo na Yesu.
2. Barashobora kwemera yuko Yesu yarungitswe n'Imana
3. Barashobora kubona yuko Imana ibakunda.

Ibi bisigura yuko biciye mu nyifato y'abigishwa buzuye Mpwemu Yera hagati muri bo, Yesu arashobora kumenyekana mw'isi. Biciye mu bakristo bayoborwa na Mpwemu, Yesu arashobora kugira ubwo bwaku bukwegakwega. Ikingura rizana gukora.

### **Kubera iki abantu baronka ubumenyi kuri Yesu no ku Mana biciye ku nyifato y'urukundo hagati y'abigishwa?**

Twebwe abantu turatandukanye. Dufse ingabire n'ubushobozi bitandukanye. Hariho abagabo, abagore, urwaruka, nabasaza. Duturuka mu mico kama itandukanye kandi twaronse indero mu buryo butandukanye. Dufise kamere zitandukanye, twaciye mu bitandukanye kandi tubona ibintu mu buryo butandukanye. Ibi rero vyama igihe cose bizana ugushamirana hagati y'abantu mw'isi. Birashobora kandi kuba vyotuma haba guhiganirwa ibibanza mbere no kugwana. Kubw'ivyo, abantu baratangara kandi bagakwegakwegwa iyo babonye umugwi w'abantu ukoranira hamwe mu rukundo no mu bumwe no mu gufashanya.

Ndashobora kwibuka yuko igihe nari umupastori i Munich, naragendeye umudandaza hagati mu ndwi. Hari mu gasagara gato ka Neukeferloh hafi ya Munich. Yaba kuri iryobarabara aho

umuryango w'abadivantiste waba hamwe mu nzu imwe. Wari uzi yuko ndi umudivantiste hanyuma barambariye bati: “Abo kuri iri barabara bose baratangara kubona aba bantu bari hagati ya 15 na 20 bashobora kuba hamwe mu nzu mu bumwe ata nduru.”

Ego, ababanyi barafise ikintu babonye. – Ukwo kwari ukwizera gukwegakwega.

Mwene Data ava mw'ishengero ry'i Backnang yaratanze raporo: Bashaka kugendera Rumaniya hanyuma bazimirira ahantu h'umwuzure. Ibirometero 120 imbere yo gushika, ntacagenda. Hanyuma barabajije abantu. Ku gihamana, twasanze tubajije umudivantiste. Yatujanye mu muryango wa pastori. Umuryango wadutumiye ngo tugumane nawo. Twarashimye turemera. – Nafashe ingingo yo kwakira Yesu ndi muri uwo muryango nca mpinduka umudivantiste. Ukwo ni kwo uwo muryango wabana: ubuzima mu bumwe muri uwo muryango, amahoro yari aho hantu, ubugenzi, ukuntu umuryango wazirikanira hamwe ijambo ry'Imana. Naciye mu buzima bwiza aha kw'isi bwankoze ku mutima. Narashaka kandi ikintu nk'ico. – Uku kwari ukwizera gukwegakwega.

Ku rundi ruhande, ndibuka ndi muri Regensburg ; igihe kirekire ; nagendera abantu buri yinga ahantu haba abantu, narabonye yuko hari ugushamirana no kugwana mu rugo rwose. Ego biraboneka kuko ivyo bitandukanye. Walter ivyo yaravyiboneye neza mu muryango. (Ikinyamakuru ca Konferanse ya Baden-Württemberg, inomeru 6, umwaka 2014, urupapuro rwa 24).

### **Kubera iki ukwizera gukwega abandi gushobora kuva mw'Ijambo ry'Imana honyene?**

Ni ukwizera gushimikiye gusa kw'ijambo ry'Imana, Isezerano rya kera na rishasha. Yesu yavuze ati: “Unyizera nk'uko

*ivyanditswe bivuga*” (Yohana 7:38); Muri icyo gihe yavugaga Isezerano rya kera. Yesu yerekanye ivyeho mu buryo butahuritse muri Yohana 17:14 aho agira ati: *“Nabahaye Ijambo ryawe”* no mu murongo wa 17: *“Ubeze mu kuri; ijambo ryawe ni ukuri.”*

Amadini yose ni inzira zakozwe n’abantu ngo zibajane ku Mana. Ukwizera kumwe kwonyene kutakozwe n’abantu, ariko kwahishuwe n’Imana, ni ukwizera kwigishwa na Bibiliya.

Kubera Imana ari urukundo, kandi ikaba ifise ubwenge budaserangurika, yashizeho ikintu cose kubw’ineza yacu. Ukwizera kwa Bibiliya ni kwo kwizera kwambere gukwegakwegaga rero, ugereraniye n’ukundi kwizera kwose. Ariko ni kwo kwizera kwonyene kubaho, igikuru ni uko dutahura neza kandi tukaba mu vyo Bibiliya yigisha.

Ikibabaje, dukurikije umugani w’inkumi cumi wa Yesu, hafi nk’igice c’abizera ntibagufise.

### **Ni gute abigishwa boba umwe?**

Bijanye no kuba umwe mu rugo no mu muryango, mw’Ishengero no mu gikorwa. Yesu yavuze muri Yohana 17: 22 ati: *“Nanje nabahaye ubwiza wampaye, kugira ngo babe umwe, nk’uko natwe turi umwe.”*

Icyo Yesu aduha ni iki? Ubwiza. Icyo bisigura iki? Ijambo ubwiza rikoresheye mu buryo butandukanye muri Bibiliya. Hamwe rikoresheye ku cubahiro, no gukomera kw’Imana, canke ubwiza bw’irema, ariko kandi no kuri kamere y’Imana y’igitangaza y’urukundo. Nibaza yuko gutereza amaso gato kuri Kuvayo 33: 18-19 vyodufasha. Aho Mose yabariye Imana ati: *“Ndakwinginze nyereka ubwiza bwawe”*. Hanyuma Imana yaravuze iti: *“Ukugira neza kwanje kwose nzogucisha imbere yawe”*.

Ukugiraneza ni urukundo rufasha, urukundo rushizwe mu ngiro. Ubwiza bw’Imana ni ingeso zayo z’urukundo, zo kugira neza.

Uku gutahura kuradufasha gutahura ubutumwa bwa Yesu yuko yaduhaye ubwiza bw’Imana kugira ngo tube kandi dushobore kuba umwe. Ikintu cambere kibanza gusabwa kugira ngo tube umwe ni ugukundana, twubahana twizigirana. Igikorwa c’Imana ni ugukunda abantu biciye muri twebwe, ariko dukoresheje urukundo agape, urukundo rw’Imana. Imana yifuza gutanga ivyo biciye kuri twebwe.

Kuva mw’Ishengero ryambere na mbere, inyuma yo gusukwa kwa Mpwemu Yera, turabarirwa ibintu bihambaye: *“Bahejeje gusenga aho bakoraniye haratigita, bose buzura Mwemu Yera, bavuga Ijambo ry’Imana bashize amanga. Kand’abizera b’akavuvu bari bahuje umutima n’inama, ... kandi intumwa zashingira intahe ukuzuka kw’umwami Yesu zifise ubushobozi bwinshi, ... kand’ubuntu bw’Imana bwinshi buba kuri bo bose.”* Ivyakozwe 4: 31-33.

### **Ukuba umwe kwoba ari ugusa ?**

Ni kuba umwe mu vyiyumviro, ivyo abantu bashaka gukora, n’ukuntu bameze. Ariko kandi uko umuntu wese ameze kugumaho. Si ugukuraho uko tumeze. Ni kuba umwe kw’abantu n’ingeso bitandukanye. Kandi ico nico kintu kidasanze gitangaza: Kuba umwe kw’abantu batandukanye. Ellen G White avuga ati: *“Ku rundi ruhande, guhuriza hamwe n’ubumwe hagati y’abantu nk’uko bakoranira hamwe mw’Ishengero rya Kristo batandukanye, ni ibimenyamenya vyiza yuko Imana yarungitse umwana wayo mw’isi... abatizera baritegereza neza bakaraba namba ukwizera kw’abo bavuga yuko ari abakristo gufise ubwaku bwo kweza imibereho yabo”* - (Ivyakozwe n’intumwa (mu Congereza), p. 550).

Ahandi naho, aravuga ati: *“Uguhinduka kw’ingeso (mu bigishwa) ni igishingantahe ku b’isi c’uko Kristo aba muri twebwe”* (Abakurambere n’Abahanuzi (mu congereza), p. 233).

## Ni iki kizana ubu bumwe?

Guhuza umutima n'inama ku ntumwa kwakozwe na Kristo yaba muri bo biciye muri Mpwemu Yera. Muri Yohana 17:21, Yesu yavuze ati: *"Kugira ngo nabo babe umwe muri twebwe"*. Yohana 17: 23: *"... mbe muri bo nabo muri jewe"*. Yohana 15: 4: *"Mugume muri jewe nanje ngume muri mwebwe."*

Intumwa Paulo ibivuga muri ubu buryo ngo:

Ab'i Kolosayi 1: 27: *"Kristo muri mwebwe, ivyizigiro vyo kuzohabwa ubwiza."*

Ab'i Galatiya 2:20: *"Ndiho, yamara si jewe nkiriho, ni Kristo ariho muri jewe"*.

Guhuza umutima n'inama bishoboka gusa iyo Kristo ari muri wewe nanje. Ibi ntibishoboka hatabaye kwuzuzwa Mpwemu Yera. Bitabaye uko, twoba gusa "beza" umwe imbere y'uwundi.

Ellen G White aravuga ati: *"Dutegerezwa kugira akigoro gakomeye kugira ngo [nk'Ishengero], duhuze umutima n'inama (raba Ab'i Filipi 2: 2 – muhuze imitima n'inama). Ukwuzuzwa Mpwemu Yera kwonyene ata n'ikindi nivyo bizodushikana aho. – Uzuzwa umutima wanjye Mpwemu wawe kugira ngo nkunde Mwene Data nk'uko Kristo ankunda."* (YRP 318.3)

Ahandi naho aravuga ati: *"Igihe abana b'Imana babaye umwe muri Mpwemu, ukwigira abagororotsi n'intungane (icaha gikomeye kw'ihanga ry'Abayuda), bizovanwa mu mitima yabo. Urugingo rwose rwo ku mubiri wa Kristo ruzobonekako ishusho ya Kristo, kandi abantu biwe bazohinduka ibikoresho bishasha ashobora kwuzuzamwo vino nshasha ntabimene. Imana izohishura ibanga ryayo, ibihe vyose ryari ryaragizwe ibanga. Azokwerekana mu banyamahanga "Ubwiza bw'ubutunzi bw'ibanga ryayo, Kristo muri mwebwe, ivyizigiro vyo kuzoronka ubwiza. Ab'i Kolosayi 1, 27. (FG1 406.2 egwwritings.org)*

## **Ivyo bishika gute, ko Kristo aba muri jewe?**

Ibi vyasiguwe mu buryo bwiza mu Abanyefeso 3: 16-17: *“...ngw’abahe, nkukw’itunga ryayo riri, kuremeshwa n’ubushobozi imbere mu mitima mubihawe na Mpwemu wiwe. Kristo abe mu mitima yanyu kubwo kwizera ; kugira ngo mugize imitima ishinzwe mu rukundo, ...”*

Kristo aba muri jewe biciye muri Mpwemu Yera. Uko umuntu wacu w’imbere “agirwa musha uko bukeye” (2 Ab’i Korinto 4: 16), ni ingirakamaro kunagura kwiharerana na Yesu buri gitondo. Birahambaye ko kubwo kwizera dusenga twishuza amasezerano, nk’akarorero Luka 11: 13 havuga ngo: “... mbega So wo mw’ijuru ntazorushiriza rwose guha Mpwemu Yera abamumusavye? – Saba ukwuzuzwa gushasha Mpwemu Yera. Kuba umwe kw’umuntu na Kristo kuzana abigishwa kwegerana bakaba hamwe.

“Ukuba muri Kristo” kwawe n’ukwanje rero ni umushinge wo kuba umwe canke guhuza umutima n’inama. Ukuba umwe (guhuza umutima n’inama ni ingabirano ihabwa abizera bayihawe na Kristo aba muri bo (Yohana 17: 2, 23)... Ubumwe/ kuba umwe bitangurira mu muntu wese” (Indongozi yo kwiga Bibiliya, 21.11.2012).

## **Ni iyihe ngaruka ubuzima bwa Yesu bugira kuri jewe?**

Hariho ingaruka nkuru zitatu: icamwa ca Mpwemu, ingabire ya Mpwemu, n’ubushobozi bwo gushingira intahe Yesu Kristo.

Ivyamwa n’ingabire za Mpwemu birahambaye kugira ngo kuba umwe canke guhuza umutima n’inama bishobokeye. Iyi mice ibiri irafise ubwaku bukomeye ku muce ugira gatatu: ugushingira Yesu intahe kwacu kandi biciye muri Yesu. Uguhinduka kwacu nikwo kuvyara gushingira intahe kwacu no guhuza umutima n’inama nk’abigishwa. Uhoraho akoresha iyo nyifato mu gukwegwa abadakijijwe n’ubushobozi bwacu bwo gushingira intahe.

Biciye mu gushinga intahe kwacu ducika abakorana na Yesu, kubera yuko yaje “kurondera no gukiza icari carazimiye” (Luka 19: 10)

Reka twitegereze neza iyo mice itatu:

### 1. Ivyamwa vya Mpwemu

*"Arikw'ivyo Mpwemu yama ni urukundo, umunezero, amahoro, ukwihangana, ingeso nziza, ubugwaneza, ukwizera, ukwirinda.* (Ab'i Galatiya 5:22). – Ubu buranga bwose burafise uruhara ruhambaye. Ni ibintu vyambere bisabwa kugira ngo abantu babe umwe mu bugeni, mu muryango, hagati y'abigishwa no mw'Ishengero.

Paulo avuga ivy'icamwa. Ni icamwa kimwe kandi ico ni ukwihishura kwa kamere y'Imana muri twebwe. Abanyefeso 3: 17 haravuga ngo: “... **Kristo abe mu mitima yanyu kubwo kwizera; kugira ngo mugize imizi ishinzwe mu rukundo...**” Icamwa c'ukuri ni urukundo. Ni urukundo rw'Imana. Mu kigiriki tucita urukundo agape. Urukundo ni yo kamere y'Imana. Ni urukundo rutikwegerako ruronderera ivyiza vyambere Imana n'abandi.

Eva von Tiele - Winckler asigura ivyo mu buryo bukurikira:

- Umunezero ni urukundo ruzana agahimbare
- Amahoro ni urukundo ruterana kuruhuka
- Kwihangana ni urukundo rwikorera
- Ubugwaneza ni urukundo rukayangana
- Kugira neza ni urukundo rufasha
- Kwizera ni urukundo rwizigira
- Ubugwaneza ni urukundo rutivuna
- Ukwirinda ni urukundo rutagira akanenge

Ndibaza turashobora kubona neza yuko icamwa c'ukuri ari urukundo. Kubw'ivyo, avuga icamwa muri rudende aho kuvuga ivyamwa. Ellen G White avuga ati: “Uguhinduka kw'ingeso ni

igishingantahe ku b'isi c'uko Kristo ari mu mutima” (Abahanuzi n'abami, P.233).

## **2. Ingabire za Mpwemu**

Iyindi ngaruka ihambaye y'ubuzima bwa Yesu muri jewe ni ukoronka ingabire za Mpwemu. Imana yaduhaye ingabire zitandukanye. Muri 1 Ab'i Korinto 12 Bibiliya igereranya Ishengero, ni ukuvuga igitigiri runaka c'abantu, n'umubiri umwe. Umubiri ufise ingingo nyinshi.

Igikorwa ciza c'ururingo rwose kirahambaye ku buzima n'amagara meza y'umubiri. Vyerekana yuko igikorwa cacu ari ugukoreranira n'ingabire zacu zitandukanye, aho rero umuntu wese akagira ico aterera ku kuroranirwa muri rusangi, ku kubaho, ku muryango, ku mugwi, ku kibano. Ntitwaronse twese akazi kamwe. Imana yaduhaye ubushobozi butandukanye.

Birakenewe cane yuko ibi bintu bibiri – ivyamwa vya Mpwemu n'ingabire za Mpwemu – biba bizima mu buzima mu ngeso zacu, n'ukuvuga mu kwiyumvira no kwiyumva, mu kuvuga, no mu gukora kuri abo biraba. Hari inzira imwe gusa ibi bishobora kubaho. Dutegerezwa kwuzuzwa Mpwemu Yera.

Urufunguruzo kugira ngo tubeho muri Mpwemu Yera ni ugusenga buri musu, kwiyegurira Imana ataco wisigarije no gusenga mu kwizera usaba kwuzuzwa Mpwemu Yera. (Akarorero k'isengesho usaba ibi kari mu gatabu “Intambuko zijana kw'ikanguro” mu kigabane ca 5. Reka turabe ivyashikiye abantu bamwe mu ncamake.

## **Ivyabaye muri Rhineland- mu Budagi**

Turafise ibintu bitangaje vyabaye mu gatabu “Intambuko zijana kw'ikanguro”. Abizera benshi basenze rya sengesho ari babiri babiri, jewe ubwanje narisenze amezi atanu nsengana n'umugenzi.

Ibintu ntivyagenze neza gusa mu buzima bwacu. Ibintu vyabaye vyiza mu rugo, mu migenderanire, mu bubakanye, mu vya mpwemu, mw'Ishengero; mu buryo nk'ubwo ingorane zari zikomeye zaroroshe mu buryo buboneka. Twaratangaye kandi tubibonamwo igikorwa c'Imana co kweza, gituma mu buryo bumwe ubuzima bworoha. Guhera ico gihe turushaho kubona ko Imana iri hafi yacu.”

Murabona muri iki gishingantahe ukuntu “Kristo muri twebwe” biciye muri Mpwemu Yera bigira ingaruka kuri umwe wese mu babana? Inkuru irabandanya igira iti: “Uwundi mushi mushiki wacu yarambariye ati: “Uku niko nahora nama nibaza yuko nobaho ubuzima bwiza buhimbara Imana, ariko hitambitsemwo ingorane nyinshi. Noneho ubu indoto yanje icitse ukuri. Kandi iyi iracari intango gusa! (E.S. – Email yandikiwe uwanditse iki gitabu muri Kigarama, itariki 18, umwaka wa 2012) . Uyu mushiki wacu yararonse ukwizera gukwegakwega.

Namba uvuga Ikidagi canke Icongereza urashobora gusoma ibishingantahe vy'abantu, imiryango n'amashengero yabayemwo gusubira kwumvikana. Raba kuri [www.steps-to-personal-revival.info](http://www.steps-to-personal-revival.info) – testimonies)

### **Ibishingantahe vya Yesu –**

“Ariko muzohabwa ubushobozi Mpwemu Yera ni yabazako, muzoba ivyabona vyo kunshingira intahe i Yerusalemu n'i Yudaya hose n'i Samariya no gushika ku mpera y'isi.” Yesu yabariye abigishwa biwe yuko bazaronka ubushobozi bwa Mpwemu Yera kugira ngo bamubere ivyabona. Mpwemu Yera yashobora kubaha ubushobozi n'ubwaku bikenewe.

Biciye mu kwuzuzwa Mpwemu Yera, duca turonka igishika ca Mpwemu, n'ikanguro. Ikanguro ni iki? Dennis Smith arasigura agira ati: “Ni igihe ubuzima bw'umukristo muri Yesu busubira

kugirwa bushasha. Umunezero w’agakiza wuzura umutima wiwe; icifuzo c’agakiza k’abantu gitangura kururumba muri we. Ibi bisigura yuko dufise icifuzo nk’abakristo bikanguye c’agakiza k’abandi”. (Imisi 40 – Amasengesho no kuzirikana kugira ngo unagure imigenderanire yawe n’Imana, Umusi wa 6 – R&H 2011).

E.G. White avuga ati: “Hatabayeho Mpwemu w’Imana, nta mutima n’umwe uzoshikirwa kandi nta munyavyaha n’umwe azozanwa kuri Kristo. Namba abakurikira Kristo bifatanije nawe, namba bafise ingabire za Mpwemu, aho rero n’umukene canke uwutize inyuma y’abandi azoronka ubushobozi bushobora gukwegakwega imitima. Imana irabagira imiringoti icamwo ubwaku bwambere bukomeye mw’isi.” (EGW-Das Wirken des Heiligen Geistes (Lüneburg 2006), 244 – English: CCh 100.2 egwwritings.org).

Umuvugabutumwa rurangiranwa n’umusiguzi akomeye kw’ikanguro R.A. Torrey avuga ikintu cashitse. Umuntu mwiza w’icegera c’umupastori yavuganye n’umuntu ku bijanye n’agakiza kiwe amasaha abiri ariko ntiyagira ico ashikako. Hanyuma yasavye Torrey nawe ngo azoje kuvugana nawe. Inyuma y’iminota 10, uwo mugabo yafashe ingingo yo kwakira Yesu. Uwo bakorana yaratangaye araceceka kubera Torrey yari yakoresheje imirongo imwe nk’iyo yari yakoresheje. Torrey aravuga ati: “Kubera ata kintu yari yashoboye gushikako, nta kintu na kimwe yatinya gukora. Yaciye asaba Imana, mu kwihebura kwiwe ngo Mpwemu Yera akore igikorwa- kandi yaragikoze”. (R.A.Torrey, Der Heilige Geist (Frankfurt, 1966) 37.38 – bivuzwe mu ncamake).

### **Ikangura rituma habaho gukora**

Turashobora kuvuga yuko ikanguro rijana ku gukora, ikanguro rizana ugukora. E.G.White avuga ati: "Mu gihe gusa baronse Mpwemu Yera ni ho honyene bashobora kwamamaza

ubutumwa bwiwe mu nkomezi. Muri ico gihe gusa bazobona ico Imana ishobora gukora icyiye muri bo” (Das Wirken des Heiligen Geistes, 223 – YRP 286.5 egwwritings.org).

Imana yabiteguye gutyo kugira ngo ikoresheje inyifato yacu n’urukundo rwo kuba umwe, abantu bakwegerwe muri Kristo. Ibi ni ko biba ku bana bacu no kubasore bacu, ku miryango yacu, ariko kandi no ku ncuti, ku bo tuzinanyi, ku babanyi, kubo dukorana, ku bagenzi no ku nyambukira. Ibi bisobanura yuko abantu batangura kwitabira ukwizera kandi Imana irayobora abantu bakatuzako. Iri jambo rikurikira ritwereka ukuntu inyifato zacu zifise ubwaku bukomeye cane: “Iyaba twari abagwaneza, twisonera kandi twitwararika abandi, abanyampuhwe, abantu ijana baba bihana bagakurikira ukuri aho hantu tubona uyu musu hinana umwe wenyene”. – (Testimonies, Vol.9, p.189).

Ariko kugira ngo ivyo bishoboke, Mpwemu Yera ni ngombwa arakenewe. Ellen G.White aradukebura agira ati: “Amashengero ntashoboye gushikiriza ukuri gutangaje kw’Ijambo ry’ Imana ryoshoboye kwemeza no kwihanisha imitima biciye mu gikorwa ca Mpwemu Yera. Ubushobozi bw’Imana burarindiriye amasengesho no kwinginga kwabo.” (TM 174.2 egwwritings.org).

### **Ni gute ubuzima bushasha bwa Mpwemu bwokomezwa?**

Mu mwaka w’1893 harabayeye ikanguro mu kigo c’Abadivantise c’i Battle Creek, ariko ryacyiye rikamangana ubwo nyene. Imana yahaye Ellen G.White ubwenge ku bijanye n’icabitumye. Yavuze ati: “Iyaba abizera benshi bamurikiwe n’umuco muri ico gihe baragiye gusabikanya n’abandi ico Imana yari yabahaye muri iyo ntumbero, baba bararushirije kuronka umuco mwinshi n’inkomezi nyinshi kuruta.” (EGW- “Wie man die neue Erfahrung sichert” in “Unser größtes Bedürfnis,(Lüneburg, 2011, 165 – Out of Selected Messages, Vol.1, p.129-143).

Turonka umuco mwinshi n'inkomezi nyinshi biciye mu gusabikanya n'abandi ubutumwa bwiza. Iyo turondeye abandi bantu, habaho ingaruka nziza no ku buzima bwacu na bwonyene.

Kubw'ivyo, birakenewe cane yuko no mu bijanye n'imisi 40 yo kwihererana n'Imana, ugusengera abandi mu buryo budasanzwe bikorwa ku bw'abantu tutarashobora gushikako. Hari impanuro nyinshi kubw'ivyo. Raba imisi 40, Igitabu ca 1 n'ica 2 : intangamarara n'incamake, canke urabe mu buryo budasanzwe [www.spiritbaptism.org/online-store](http://www.spiritbaptism.org/online-store), 40-Days-materials/40-Days-instructionmanual.)

### **Ni he twohera igikorwa?**

Yesu yaravuze aho abigishwa bashobora guhera igikorwa. Bashobora guhera aho bari bari ; ni ukuvuga guhera muhira. Hera aho bakuzi. Kubera iki Yesu yashizeho urwo rutonde? Aho batuzi ibishingantahe vyacu bizoshika, namba bijanye n'inyifato yacu. Ibishingantahe vy'ubuzima bwacu bitegerezwa kuba bijanye n'ibishingantahe vyo mu kanwa kacu. “Namba twuzuye vyukuri Mpwemu Yera bizobonekera mu hira”.

### **Akamaro icagezwe gishasha ca Yesu gifise ni akahe?**

Nagomba mvuge muri make ku nsobanuro y'ibwirizwa rishasha. Yesu avuga muri Yohana 13: 34, 35 ngo: “Ndabaha icagezwe gisha: ni mukundane... 35 Nimwagiriranira urukundo niho bose bazomenya ko muri abigishwa banje”.

Ubuzima bwuzuye Mpwemu Yera bujana ku kindi camwa ca Mpwemu: kwicisha bugufi. Kwicisha bugufi ni wo mutima wa Yesu. Kwicisha bugufi kurakenewe cane kugira ngo habe imigenderaire myiza. Ata gukekeranya, iyi ni yo mpamvu Yesu yatanze ibwirizwa risha agiheza kwoza ibirenge vy'abigishwa. Kwozanya ibirenge ni ikimenyetso kandi ni igikorwa co kwicisha bugufi. Ukwicisha bugufi ntabwo ari akaranga k'umuntu aganzwa na kamere. Ariko rero,

turashobora gusabisha amasezerano Uhoraho buri musi dusaba ukwicisha bugufi, nk’akarorero Mika 6: 8: “saba ukwicisha bugufi”. Kwicisha bugufi kuri n’akamaro kanini, ariko kenshi ivyo tubibona mu buryo butari bwo na gato.

Mw’isezerano rishasha, Yesu yavuze ivyo gukundana “*nk’uko yabakunze*”. Yesu yadukunze urukundo rw’Imana. Uru rukundo turwita mu Kigiriki “urukundo agape”. Dushobora kugira uru rukundo igihe gusa twuzuye Mpwemu Yera. Abaroma 5:5 havuga ngo: “*Urukundo rw’Imana rwarasutswe mu mitima yacu biciye kuri MpwemuYera.*”

E.G.White avuga ati: “Urukundo rwo hejuru rw’Imana kandi rutikwegerako dukundana – iyi ni yo ngabirano y’agahebuza Data wo mw’ijuru ashobora kuduha. Uru rukundo ntirwizana, ariko ni itegeko ry’Imana, ubushobozi buhoraho. Umutima utiyeguriye Imana ntushobora kuvukamwo urwo rukundo. Mu mitima yonyene Yesu abamwo akaganza ni ho ushobora kurubona.” (EWG – Das Wirken der Apostel (Hamburg, 1976), 549f – AA 551.2 egwwritings.org)

Ni ikibazo c’uko Yesu ari ku ngoma mu mitima yacu. Yoba ashobora gushinga ikintu cose mu buzima bwanje ? Noba nemeza buri gitondo nti : ndakweguriye ubuzima bwanje n’ivyo mfise vyose n’ico ndi?

### **Bimeze gute kuri jewe ?**

Noba mfise ukwizera gukwega abandi? Yesu yoba aba muri jewe biciye muri Mpwemu Yera? Namba bimeze gutyo, igikenewe ni uguteza imbere no gukuza uku kwizera gukwega abandi.

Ni twabona tutararonka uku kwizera gukwega abandi, ni vyiza yuko twibaza iki ibazo gihambaye.

Turafise ubufasha bwiza mu kurondera ukwizera gukwegakwega (kur’abo batarakuronka) no mu guteza imbere

ukwo kwizera (kuri abo bamaze kukuronka) mu gatabu “Intabuko zijana kw’ikanguro” (kanditswe na Helmut Haubeil) no mu gitabu c’imisi 40 yo kuzirikana, Imisi 40 – Ukuzirikana n’amasengesho mu kwitegurira ukugaruka kwa Yesu, canditswe na Smith. Aka gatabu n’ico gitabu biruzuzanya mu buryo bukomeye. Nokwinginga n’umutima wanje wose gusoma kimwe cose muri ivyo bitabu, mbere umuntu akabisoma incuro nyinshi.

### **Gukena Mpwemu Yera gushobora kugira ingaruka ku bandi gute?**

Hatabayeho Yesu muri twebwe biciye kuri Mpwemu Yera, turi abakristo bagendeshwa na kamere. (Raba 1 Ab’i Korinto 3, 1-3, Abaroma 8, 1-17, Ab’i Galatiya 5, 16). Aho rero ntabwo twakijijwe (Abaroma 8:9). Aho rero tubayeho mu bubasha n’inkomezi za kimuntu gusa. Ibica bishika rero nuko abo mu muryango, n’abana bacu nabo bazoca baba abakristo baganzwa na kamere, ugaca ubona ingaruka mbi zose zishobora gushika. Mwibuke yuko urukundo rw’Imana ruba mu mitima yacu biciye kuri Mpwemu Yera wenyene.

E. G. White avuga ati: Umuntu wese atarigera aronka urukundo rwa Kristo rumara imbeho kandi rukwegaga abandi, ntashobora gukwegera abandi kw’isoko y’ubugingo. Urukundo rwa yesu mu mitima yacu ni ubushobozi bukwegera abantu guhishura Kristo mu biganiriro vyabo, mu kugirira impuhwe abandi, mu kuba abantu biyoroheje, hamwe no guteza imbere ubuzima bw’abo bakorana”. (*Ivyakozwe n’intumwa Acts of the Apostles, 550,551*)

Yesu ari muri twebwe biciye kuri Mpwemu Yera azotuyoborera aho ugushinga intahe kwacu kwizana tutarinze kuvyiyumvira. Yesu avuga ati: “*Ibibogaboga mu mutima nivyaho akanwa kavuga*” (Matayo 12, 34).

## **Ukwizera gukwegakwega gufise akahe gaciro?**

Agaciro uku kwizera gufise tukabonera mu bakristo bemeye guhomba, bagahamwa, bagatakaza ivyabo mbere bagahamwa gushika no ku gupfa hako baheba ukwizera. Ni iki cabatumye bihangana mubukene nk'ubwo? Ni ikimenyamenya yuko bari buzuye Mpwemu Yera.

Abishwe nabo ubwabo ntiboshobora kuvuga ukuntu bagiye gushika ku gupfa. Kuri jewe yamara, raporo y'umuvugizi wa Papa ku rupfu rwo guturirwa rwa Yohana Hus na Jerome irampa urufunguruzo ruhambaye. Iyo uriko urasha urashobora gusa kuboroga. Ariko abo bagabo bo baririmba indirimbo zo gutazira Imana. Ibi bishoboka gusa habaye gufashwa n'Imana. Bagize umunezero w'ukuri ndetse no mu bukene bukomeye. "Ahantu hose hari umutima wiwe, haba amahoro. Ariko kandi haba umunezero." - *Desire of Ages [152/153]*

Akarorero gatangaje ni umuryango w'i Hugueno i Durant mu Bufaransa mu kinjana ca 18. Bariko barahamwa n'ishengero kubera kwizera Bibiliya. Serugo yari amaze mw'ibohero imyaka 14 hanyuma agirirwa ikigongwe. Inarugo yapfiriye mw'ibohero. Umuhungu wabo Petero - umusiguzi akomeye- yaraciwe izosi. Umukobwa wabo Marie yarapfungiwe mu munara n'abandi bagore. Aba yararekuwe iyo aza guhakana ukwizera. Ariko ntiyabikoze. Mu mwaka w'1678 yararekuwe inyuma yo gufungwa imyaka 38. Kuri Marie Durant, ukwizera kwa Bibiliya kwarakwegakwega ku buryo atashobora kuguheba (Wikipedia: Marie Durant).

## **Uturorero twagize ingaruka nini ku gukwiza ubutumwa mu bindi bihugu**

Daniyeli na bagenzi biwe barakunze kwihanganira ingorane igihe basaba ibindi bifungurwa. None Imana yakoze iki? Yarahezagiye ukwo kwumvira. Babaye beza, bafise amagara meza,

kandi bafise ubwenge kuruta abandi bose. Barashizwe hejuru. Turazi inkuru ya bagenzi batatu ba Daniyeli mw'itanure ry'umuriro, na Daniyeli mu rwobo rw'intambwe. Ukwizera kwabo kwari gufise agaciro kanini kuruta ubuzima bwabo. None habaye iyihe ngaruka? Ubwami bubiri bwarigiye ku bishingantahe vyabo mw'isi hanyuma bahindukirira Imana y'ukuri.

Akarorero kabo kagize ingaruka zikomeye kw'ivugabutumwa.

Ni nako vyagenze kuri Yosefu muri Egipta. Yaranse gusambana. Yarafunzwe kubera akadenderezo k'umugore wa Potifari. Yamara Imana yakoresheje ubwizigirwa bwiwe kugira ngo biciye muri we, ubu bwami bwatwara isi yose bumenye Imana y'ukuri.

Iyumvire ka gakobwa kakora nk'akanyagano mu nzu kwa Namani. Biciye mu gishingantahe cako biciye mw'ijambo no mu mibereho yako, vyahavuye bishika ku kwihana kw'uyu mukuru w'ingabo. Ndizera muri jewe yuko atakurikiye gusa Imana nzima afise umunezero mwinshi, ahubwo kandi ko yaciye ubwo nyene arekura ako gakobwa kandi we ubwiwe agaca agasubiza iwabo agatekereye n'utuganuke twinshi kandi tw'igicro.

Yesu araturarira muri Matayo 13: 44-46 ibijanye n'umuntu yubutse ku butunzi. Bwari bufise igicro kini ku buryo yashoye ivyo afise vyose agaca agura itongo bwari mu. Yari yatanze ikintu cose kubw'ubwami bw'ijuru - canke nk'uko ndavyita uyu musu - kubera uku kwizera gukwegakwega. Mbega turabona ukuntu uku kwizera ar'ukw'igicro?

### **Ivyiyumviro vyo gusozererako**

E.G. White avuga ati: "Abo baguma muri Kristo bazonezerwa, bagire akamwemwe, n'umunezero mu Mana." (Testimonies for the Church, Vol.4, 626). Ukwizera gukwegakwega

kuduha umunezero, inkomezi n'ubuzima bw'intsinzi n'ivyizigiro bifise ishingiro vy'ubwami bw'Imana. No mu bihe bigoye, mu gihe duca mu mwonga w'umwijima, Imana ibana natwe iguma mu ngorane ikomeza gutuma ukwo kwizera gukwegakwega.

Turashobora kugira ico duterera mu kubana neza biciye mu kwizera gukwegakwega. Mu gukora ivyo, abandi bantu barashobora gushima ukwo kwizera. Imana iraduha gutahura neza akamaro gakomeye ko kuba umwe canke guhuza umutima n'inama. Imana idufashe mu bushobozi bwa Mpwemu Yera biciye kuri "Kristo muri twebwe" ngo dukure mu gusa na Kristo mu munezero n'umugisha, ariko kandi nk'isumaku ku bagenzi bacu n'ibiremwa bagenzi bacu. *"Umunezero w'Uhoraho niwo nkomezi zawe"* (Nehemiya 8:10).

"Nk'abakurikira Kristo, dukwiye gutuma igikorwa ciwe kiba igikwegakwega abandi nk'uko vyukuri kiri" (Gutumbera Yesu, mu Congereza ni Steps to Christ, urupapuro 116.1 [egwwritings.org](http://egwwritings.org)).

# INTAMBUKO ZIJANA KW'IKANGURO

*Kwuzuzwa Mpwemu Yera.*

*Umwami wacu ubwiwe yaraduhaye itegeko: Ni muze twame igihe cose twuzuzwa bushasha Mpwemu Yera kandi mu buryo bwisubiriza.*

**Amakuru ajanye no kugira komande urupapuro rwa 2  
Intangamarara ku barongozi n'abazoba abarongozi**

## KUGWIZA UMWIMBU

**Ikigabane ca 1 :**

**INGABIRE Y'AGAHETA YA YESU**

*Yesu yigishije iki ku bijanye na Mpwemu Yera?*

*Woba umenyereye ubutumwa bwambere buhambaye bwa Yesu?*

**Ikigabane ca 2 :**

**INTIMATIMA Y'INGORANE ZACU NI IYAHE?**

*Hoba hariho igituma ca mpwemu ku ngorane zacu?*

*Igituma kwoba ari ukubura Mpwemu Yera?*

**Ikigabane ca 3:**

**INGORANE ZACU ZIRASHOBORA GUTORA UMUTI – GUTE?**

*Ni gute twokura tukaba abakristo bakomeye kandi banezerewe?*

*Ni gute Mpwemu Yera yokwuzura ubuzima bwacu?*

**Ikigabane ca 4 :**

**NI UBUHE BUDASA TWOKWITEGA ?**

*Ni akahe karusho turonka mu buzima bwuzuye Mpwemu Yera?*

*Ni iki duhomba iyo tudasavye Mpwemu Yera ?*

**Ikigabane ca 5 :**

**URUFUNGURUZO MU GUSHIRA MU NGIRO**

*Ni gute noshira mu ngiro kandi nkaronka inyishu Imana imfitiye?*

*Ni gute nosenga kugira ngo nizere yuko nujujwe Mpwemu Yera?*

**Ikigabane ca 6 :**

**NI IBIKI BITURINDIRIYE IMBERE YACU?**

*Ivyo umuntu acamwo, ivyo amashengero acamwo, ivyo ama Misiyoni n'ama Iniyi acamwo*

**Ikigabane ca 7 :**

## INYUNGU NO GUSABIKANYA

*Umunezero dutanga ugaruka mu mitima yacu. (Umugani w'Abadagi)  
Ni gute nofasha abandi kuronka “ubuzima busagutse” (Yohana 10,10)*

Bagenzi dusangiye igikorwa,

Nyoboze iki gihe amashengero abiri muri Kaliforniya. Natanguye kubona ubwambere ibikoresho vyawe mu kwumviriza Pastor Dwight Nelson mu kiganiro ashikiriza buri yinga.

Carankoze rwose ku mutima ubwambere. Nari maze kwumva izindi nsiguro kuri Mpwemu Yera imbere, ariko nokwatura yuko ntavyitwararitse cane. Ndizera ntakekeranya yuko ku mpamvu runaka, Imana yahisemwo iki gihe kugira ngo ishitse ku bantu benshi Mpwemu Yera. Kandi ndanezerewe ko namuronse biciye mu twigoro twanyu.

Ndashobora kubashingira intahe ku kintu kimwe. Ugitangura ikigabane cambere, uca ushikira ku kuri gukomeye cane, ariko kuvugwa mu buryo bworoshe, ukwo kuri kugatuma ubwenge bwacu bubanza guhagarara bugasubira kwiyumvira bushasha.

Kandi ugusoma incuro nyinshi uguma usubiramwo kugira ikimazi. Ku muntu wese twavuganye, tugahanahana ivyiyumviro canke nkasigura ibijanye n'iki gitabu, icigwa ca Mpwemu Yera kiguma gikwegakwega abantu. Bisa n'uko umenga umuntu acumvise ubwambere.

Naravyiboneyeko. Sinashobora kurangiza ikigabane cambere ntarasigura nk'insiguro zitatu ku vyigwa nasomye muri co. Simbona ukuntu nobisigura neza ariko, sinashobora guhagarika gusoma ico gitabu kandi ingaruka z'ivyo zaribonekeje mu mashengero yanje. Naradugije ijwi kandi muri uyu mwaka uheze, intara yanje yarabonetsemwo ugukura kugaragara.

Ivyo vyose ndabikesha Imana n'ugukomezwa na Mpwemu Yera mu bitera bacu. Kandi turarindiriyey ibiruta ivyo muri uyu mwaka mushasha.

Agace mu vyanditswe na D.R. Jan. 2018

**Pastor Dwight Nelson**, Umuyobozi arongoye Ishengero ry'i Pioneer Memorial – Kaminuza ya Andrews, yavuze yuko ako gatabu [Intambuko zijana kw'ivugurura] "kahinduye imbere muri jewe. Nshaka gakore nk'ivyo muri wewe".

Yasiguye urukurikirane rw'insiguro zitatu: **"Ikibazo co guhinduka hamwe no kwivugurura gushasha: Ni gute twobatizwa umubatizo wa Mpwemu Yera?"**

Yasubiyemwo amajambo yo mu gitabu "Intambuko zijana kw'ikanguro" hanyuma aragihayagiza. Ibi vyatumye haba abantu 4.000 bakivomye kuri internet, abandi bakomanda ibitabu vyinshi cane. Raba izo nsiguro kuri: <https://www.pmchurch.tv/sermons> (Sept. 2nd, Sept. 9th, Sept. 23rd)

# *Nimugume muri Yesu*

**Helmut Haubeil** yabaye umudandaza yikorera ivyiwe. Inyuma yo kuroranirwa cane mu kazi k'uwuserukira ishira hamwe ry'ubudandaji, yitavye umuhamagaro w'Imana wo kwinjira mu gikorwa cayo afise imyaka 37, akora nk'umwungere kumara imyaka 16. Mu nyuma yahavuye aba umuyobozi w'ibitaro vy'abadivantiste i Bad Aibling mu Budagi. Niwe yatanguje ikinyamakuru "Missionsbrief" kivuga inkuru z'ivugabutumwa mu rurimi rw'ikidagi, maze noneho kuva aho akukurukiye yagize uruhara ruboneka mu gukomeza igikorwa co gukwiza ubutumwa muri Aziya yo hagati no mu Buhindi

*Uwuguma muri jewe, nanje nkaguma  
muri we, uwo niwe yama  
ivyamwa vyinshi; kukw'ataco  
mushobora gukora mutamfise*

ISBN 978-3-900160-99-9



9 783900 160999